O`zbekstan Respublikasi awil ha`m suw xojalig`i
Ministrligi

Tashkent ma`leketlik agrar universiteti
No`kis filiali

# ULIWMA DIYXANSHILIQ

pa`ni boyinsha 5410100-«Agroximiya ha’m agrotopirataniw »ta`lim bag`darinin`
2-kurs studentleri ushin lektsiya tekstleri

No`kis – 2015 j

5410100 – «Agroximiya ha’m agrotopirataniw », ta`lim bag`dari ushin JOABM MK nin` 2013 jil 2n`.VII dag`i №3 sanli is qag`azi boyinsha O`zRJOABM 2013 jil 15-avgusttag`i 332/1 sanli buyrig`i menen tastiyiqlang`an U`lgi bag`darlamasi tiykarinda Tashkent ma`mleketlik agrar universiteti No`kis filialinin` 2013 jil ____________________ tastiyiqlang`an oqiw rejesine muwapiq islep shig`ildi

Lektsiya teksti Tashkent ma`mleketlik agrar universiteti No`kis filiali “Diyxanshiliq ha`m melioratsiya tiykarlari” kafedrasinin` (2013 – jil ______________ №_____ sanli is qag`azi) ma`jlisinde maqullandi.

Kafedra baslig`i, a-x.i.k A.Djumanazarova

Lektsiya teksti «Agronomiya ha`m awil xojalig`in mexanizatsiyalastiriw» fakultetinin` oqiw-metodikaliq ken`esinin` ma`jilisinde ko`rip shig`ilg`an ha`m (2013 -jil ___________________ №_____ sanli is qag`azi) menen tastiyiqlang`an.

Fakultet dekani, dotsent N. Absattarov

Lektsiya teksti TashMAU No`kis filialinin` metodikaliq ken`esinin` ma`jlisinde qaralg`an (2013 jil _____________ N______ sanli bayanlamasi) menen tastiyiqlang`an.

Oqiw-metodikaliq ken`es
baslig`i, dotsent Q.Aytbaev

Lektsiya tekstin islep shiqqan TashMAU No`kis filialinin` “Diyxanshiliq ha`m melioratsiya tiykarlari” kafedrasi
professori, a/x.i.d. U.Ismaylov

Pikir bildiriwshi “Awil xojaliq o`nimlerin tayarlaw, saqlaw ha`m qayta islew texnologiyasi” kafedrasi professori, a-x.i.d M.Ibragimov

## Lektsiya temalari ha`m sabaq ko`lemi

| № | Lektsiya atamalari | Saat ko`lem |
|---|---|---|
| 1 | Kirisiw. Pa`nnin` maxseti, waziypasi ha`m rawajlaniw tariyxi. | 2 |
| 2 | Diyxanshiliqtin` ilimiy tiykarlari. O`simliklerdin` o`mirlik faktorlari ha`m diyxanshiliq nizamlari | 2 |
| 3 | Topiraq o`nimdarlig`i, ma`deniyligi, strukturasi ha`m su`rim qatlam du`zilisi | 2 |
| 4 | Topiraqtin` suw rejimi ha`m oni basqariw usillari | 2 |
| 5 | Topiraqtin` issiliq ha`m hawa rejimi ha`m oni basqariw usillari | 2 |
| 6 | Topiraqtin` aziq rejimi ha`m oni basqariw usillari | 2 |
| 7 | Jabayi sho`pler, olardin` ziyani, biologiyaliq qa'siyetleri | 2 |
| 8 | Jabayi sho`pler, olardin` ziyani, biologiyaliq gruppalari ha`m esapqa aliw usillari | |
| 9 | Jabayi o`simliklerge qarsi gu`res usillari | 2 |
| 10 | Jerge islew beriw, su`riw usillari ha`m sapasi | 2 |
| 11 | Gu'zgi shu'digar. Su'rim qatlamin teren'lestiriw usillari | 2 |
| 12 | Jerdi ba'ha'rde su'riw. Jon`ishqa ha`m g`a`lle egilgen jerlerdi su`riw | |
| 13 | Shu`digar ha`m onin` tu`rleri. Jerdi islew sanin minimallastiriw. | 2 |
| 14 | Jerge egin egiwden aldin islew beriw. | 2 |
| 15 | Awil xojalig`i eginlerin egiw usillari. Jerge egin egiwden keyin islew beriw. | 2 |
| 16 | Almaslap egiw | 2 |
| 17 | Diyxanshiliq sistemasi | 2 |
| | **Ja`mi** | **28** |

## 1-Lektsiya
## Kirisiw. Pa`nnin` maxseti, waziypalari ha`m rawajlaniw tariyxi.

Reje:
1. Kirisiw
2. Diyxanshiliq pa`ninin` maqseti ha`m waziypalari
A`debiyatlar: 2, 3.

### KIRISIW

**Diyxanshiliq** – bul adamzattin` min` jillar dawaminda payda bolg`an ha`m ju`zege kelgen a`yyemgi ha`m ju`da` quramali xizmetinin` tu`ri. Diyxanshiliqtin` payda boliwi bul rawajlaniwdag`i tiykarg`i basqish boldi.

Du`nya ju`zlik diyxanshiliqtin` rawajlaniwin izertlegen ilimpaz N.I.Vavilov o`z miynetlerinde: "Uliwma bizin` izertlewlerimiz Jer ju`zinde o`z aldina ma`deniy o`simliklerdin` kelip shig`iwi, sonin` menen birge diyxanshiliqtin` payda bolg`an jeti oraydin` bolg`anlig`in tastiyiqlaydi".[1]

Ol diyxanshiliqtin` ha`m ma`deniy o`simliklerdin` payda boliwinin` tiykari dep Aziya kontinenti bolg`anlig`in ha`m Aziyada diyxanshiliqtin` u`sh tiykarg`i orayin ko`rsetedi. **Birinshisi -** Qubla-Batisaziya, bug`an Kishi Aziya, Iran, Irak, Afganstan, O`zbekstan, Tu`rkmenstan ha`m Arqa-Batis Indiya kiredi. **Ekinshi** – Indiya, Indiya yarim atawi, Indokitay ha`m Siam.

**U`shinshi** – Shig`is ha`m Orayliq Qitay.

**To`rtinshi** – du`nya ju`zlik oray Jer orta ten`izi jag`alawlarindag`i a`yyemgi ma`mleketler, Pireney, Apennin, Balkan yarim atawi, Kishi Aziya jag`alari, Egipet, Marokko, Aljir, Tunis, Siriya ha`m Palestina. Bul oraydin` diyxanshiliq ma`deniyatina ta`n bolg`an na`rse ayiriqsha qurallardin` boliwi – qariq jariwshi qural, ag`ashtan islengen maydalag`ish, tas mala, bul qurallar aldin`g`i u`sh orayda bolmag`an.

Baslang`ish diyxanshiliqtin` ***besinshi*** orayi Shig`is Afrika, tiykarinan tawli Abissina. Jer maydani kishi bolg`ani menen ko`p sanli ma`deniy o`simlikler usi jerden shiqqan.

Diyxanshiliqtin` ***altinshi*** orayi-Qublameksika, Orayliq Amerika. Usi oraydan g`awasha ha`m ma`kke shiqqan.

Diyxanshiliqtin` ***jetinshi*** orayi Peru, Boliviya. Bul oray kartoshkanin` watani.

Bizin` jerimizde diyxanshiliqtin` da`slepki payda boliwi ha`m rawajlaniwi Fergana, Zarafshan ha`m Turan oypatlarinda, sonin` ishinde Samarqand ha`m Xorezm jerlerinde bir neshe min` jillar aldin baslang`an.

Diyxanshiliq – xaliqti aziq-awqat, sanaatti shiyki zat ha`m sharwashiliqti ot-sho`p penen ta`miyinleydi.

Diyxanshiliqtin` tiykarg`i waziypalarinan biri awil xojaliq eginlerinen turaqli joqari o`nim aliw, o`simliklerdi ta`rbiyalaw, topiraq o`nimdarlig`in ba`rqulla asirip bariw bolip esaplanadi.

Jer awil xojaliq o`ndirisinde ten`i joq tiykarg`i derek esaplanadi. Jer ta`biyg`iy tiri organizm. Onin` o`zine ta`n qa`siyetleri bar. Solardan biri onin` tozbaytug`inlig`i ha`m qartaymaytug`inlig`i bolip esaplanadi. Adamzat onnan aqilg`a ug`ras paydalaniwi, onin` fizikaliq, ximiyaliq ha`m biologiyaliq qa`siyetlerin itibarg`a aliwi, oni biliwi, topiraqti pataslaniwdan saqlawi, o`nimdarlig`in ba`rqulla arttirip bariwi, o`zinen keyingi a`wladlarina oni o`zi qabil etip alg`annan da jaqsi awhalda tapsiriw kerek ekenligi haqkinda oylawi kerek.

Bul oqiwliqta awil xojalig`i eginlerinin` jasaw jag`daylari, olardi retlestiriw usillari, topiraqtin` ta`biyg`iy o`nimdarlig`inan paydalaniw ha`m oni tiklew jollari haqqinda tu`sinik beriledi.

Almaslap egiw ha`m diyxanshiliq dizimlerin u`yreniw studentlerge awil xojaliq eginlerinin` zu`ra`a`tligin arttiriwda, jerden tuwri paydalaniwg`a mu`mkinshilik jaratadi.

---
[1] Н.И.Вавилов Таңламалы шығармалары. М. –Л., 1965

Kitapta topiraqti egisten burin ha`m keyin islew, awil xojaliq eginlerin egiw, joqari o`nim aliw baylanisliqlarina ken` toqtap o`tiledi. Sonday-aq topiraqqa islew beriwdi minimallastariw boyinsha tu`sinik beriledi.

Jabayi o`simliklerdin` awil xojaliq eginlerine keltiretug`in ziyani, ko`p tarqalg`an tu`rleri ha`m olarg`a qarsi gu`res ilajlari haqqinda toliq aytiladi.

Diyxanshiliqtin` tiykarg`i waziypasi awil xojaliq eginlerinen joqari zu`ra`a`t aliw, sonin` menen birge topiraq o`nimdarlig`in arttiriw bolip esaplanadi. Keyingi jillari tiykarg`i awil xojaliq eginleri esaplang`an g`awasha ha`m gu`zlik biydaydan joqari o`nim jetistirilip atir.

Ma`mleketimizdin` agrar tarawinda izbe-iz a`melge asirilip atirg`an reformalar sebepli awil xojaliq o`nimlerin jetistiriw ko`lemin ha`m olardan alinatug`in daramatlardi ko`beytiwge erisilmekte. Bunda, ta`biyg`iy tu`rde, Prezidentimizdin` 2007 jil 29 oktyabrdegi “Jerlerdin` meliorativlik awhalin jaqsilaw sistemasin tu`pten jetilistiriw is-ilajlari haqqinda”g`i Pa`rmani tiykar bolmaqta. Usi hu`jjet tiykarinda jerlerdin` meliorativlik awhalin jaqsilaw maxsetinde usi bag`dardag`i jumislardi sho`lkemlestiriw ha`m qarjilandiriw mexanizmi islep shig`ildi. Bag`darlamada:

- melioratsiya jumislarin, magistral, rayon ha`m xojaliq araliq kollektor-drenaj tarmaqlarin kapital rekonstruktsiya islew ha`m tiklew;
- jerlerdin` meliorativlik awhalin jaqsilaw esabinan olardin` o`nimdarlig`in arttiriw boyinsha jumislardi qarjilandiriw joli menen awil xojaliq tovar islep shig`ariwshilarina ma`mlekettin` qollap quwatlawin ko`rsetiw;
- melioratsiya texnikalarin, sonnan lizing sha`rtleri tiykarinda satip aliw ushin qaytarip beriw tiykarinda aliw ushin pul ajiratiw joli menen suw xojalig`i sho`lkemlerinin` materialliq texnikaliq bazasin bekkemlewge qaratilg`an is-ilajlarin a`melge asiriw belgilengen.

Diyxanshiliqti rawajlandiriw bag`darindag`i 2008-2012 jillarg`a belgilengen ma`mleketlik bag`darlama u`lken a`hmiyetke iye bolip o`z na`tiyjelerin berip atir. Ha`r jili kollektor drenaj tarmaqlarin quriw, tazalaw ha`m gidromeliorativlik texnikalar satip aliw ushin ko`p mug`darda qarji ajiratiliwi na`tiyjesinde diyxanshiliq egiletug`in egislik jerlerimizdin` awhali jaqsilanbaqta.

O`zbekstan Respublikasi Prezidenti I.A.Karimov 2011 jildin` tiykarg`i juwmaqlari ha`m 2012 jilda O`zbekstandi sotsialliq-ekonomikaliq rawajlandiriwdin` en` a`hmiyetli bag`darlarina bag`ishlang`an Ministrler Kabinetinin` ma`jilisindegi “2012 jil Watanimizdin` rawajlaniwin jan`a basqishqa ko`teretug`in jil boladi” atli bayanatinda: - “Elimizde o`tken jili 6,8 mln t g`a`lle, 3,5 mln t. paxta, 8,2 mln t. baw-baqsha ha`m paliz o`nimleri jetistirildi.

Usinin` menen birge, biz awil xojalig`i salasinda birinshi gezekte topiraqtin` o`nimdarlig`in arttiriw ilajlarin ko`riw, barliq agrotexnikaliq ilajlardi o`z waqtinda orinlaw, zamanago`y agrotexnologiyalardi engiziw, selektsiya ha`m tuximgershilikti bunnan bilayda rawajlandiriw, miynetti sho`lkemlestiriw ja`ne xoshemetlew menen baylanisli elege deyin iske qosilmag`an u`lken imkaniyatlardin` bar ekenin ta`n aliwimiz za`ru`r”.

Prezidentimiz o`z bayanatinda ayirim fermer xojaliqlari awil xojaliq eginlerinen to`men zu`ra`a`t alip atirg`anlig`in ha`m ele de uliwma o`nimdi arttiriw mu`mkinshilikleri bar ekenligin atap o`tti.

Awil xojalig`inin` diyxanshiliq tarawi ha`m oni izertleytug`in ha`m jetilistirip rawajlandirip bariwshi “Diyxanshiliq” pa`ni topiraqtaniw, agroximiya, biologiya, o`simlikshilik, melioratsiya, geodeziya ha`m basqa pa`nler menen tig`iz baylanista bolip awil xojaliq eginlerinen joqari zu`ra`a`t aliw ha`m topiraq o`nimdarlig`in arttiriw nizamliliqlarin jetilistirip baradi. Sonin` menen birge “diyxanshiliq” pa`ninin` tiykarg`i waziypalarinan biri studentlerdi diyxanshiliqta qollanilip atirg`an teoriyaliq tiykarlar ha`m awil xojalig`i o`ndirisindegi qubilislar menen tanistiriw bolip esaplanadi.

Usi tiykarda diyxanshiliq pa`nin ayirim emes, al awil xojalig`i pa`nleri rawajlaniwinin` uliwma da`rejesi menen baylanisli tu`rde u`yreniw talap etiledi.

Pa`ndi oqitiwdag`i tiykarg`i **maxset** – studentlerge jerlerden na`tiyjeli paydalaniw, topiraq o`nimdarlig`in saqlaw, asiriw, jabayi o`simliklerdin` biologiyaliq qa`siyetlerin esapqa alg`an tu`rde gu`res ilajlarin tuwri a`melge asiriw, jerlerge sapali islew beriw, eginlerdi almaslap egiw

ha`m diyxanshiliq sistemasin ilimiy tiykarda du`ziw, awil xojaliq o`nimlerin jetistiriwdin` agrotexnikasin jetilistirip bariw ha`m sortlarin jan`alaw boyinsha ilim izertlewdi o`tkeriw, en` na`tiyjeli agrotexnikaliq ilajlardi o`ndiriske engiziwdi u`yretiwden ibarat.

Pa`nnin` tiykarg`i **waziypasi** – egislik jerlerden na`tiyjeli paydalanip topiraq o`nimdarlig`in asiriw, jabayi o`simliklerge qarsi aldin aliw, agrotexnikaliq ha`m ximiyaliq gu`res ilajlarin birgelikte alip bariw, jerlerge islew beriw, eginlerdi egiw usillari, almaslap egiw, diyxanshiliq sistemasi, ilim izertlew jumislarin o`tkeriw boyinsha ko`nlikpeler payda etiwden ibarat.

## Diyxanshiliqtin` rawajlaniw tariyxi.

Diyxanshiliq xaliqti ko`shpeli turmistan otiriqshi bolip jasawg`a qa`liplestirdi. Awil xojalig`inin` rawajlaniw barisinda diyxanshiliq tu`sinigide o`zgeredi, yag`niy da`slepki da`wirde oni awil xojalig`inin` o`ndirisi dep tu`sinildi. Keyin ala sharwashiliq ajralip shiqqannan son` ken` ma`niste tu`siniletug`in boldi.

Diyxanshiliq topiraqtaniw, agroximiya, o`simlikler fiziologiyasi, o`simlikshilik, mikrobiologiya, awil xojalig`in mexanizatsiyalastiriw pa`nleri menen tig`iz baylanisli.

Keyin ala "Uliwma diyxashiliq"tan, "Awil xojaliq mashinalari", "O`simliklerdi qorg`aw", "Topiraqtaniw", "Melioratsiya", "Agroximiya" siyaqlilar ayirim pa`n sipatinda ajiralip shiqti. Diyxanshiliqta bolsa jerlerden o`nimli paydalaniw, topiraqtin` paydali o`nimdarlig`in arttiriw, topiraqqa islew beriw, jabayi o`simlikler ha`m olarg`a qarsi gu`res ma`seleleri qaldi.

Diyxanshiliqtin` eki bo`limge bo`liniwin birinshi ret A.Teer o`zinin` "Awil xojalig`inin` ratsional tiykari" kitabinda bayan etedi. Onin` birinshi bo`liminde uliwma ma`seleler, ekinshisinde o`simlikler ta`riypi ha`m olardi jetistiriw usillarin bayan etedi. Keyin ala birinshi bo`limin "Uliwma diyxanshiliq", ekinshisin "O`simlikshilik" dep atadi.

Diyxanshiliq pa`ninin` rawajlaniwinda M.V.Lomonosovtin` (1711-1765 j.j.) xizmeti u`lken boldi. Ol o`zinin` "Jer qatlamlari haqqinda"g`i jazg`an kitabinda birinshi bolip qara topiraqtin` evolyutsiyaliq kelip shig`iwi, eginler egiw, jerdi islew haqkindag`i pikirlerdi aytti. XVIII a`sirdin` aqiri XX a`sirdin` basinda agronomiya haqqinda a`debiyat payda boldi.

Agronomiyani rawajlandiriwda rus agronomlari A.T.Bolotov, I.I.Livanov, I.M.Komov ha`m M.G.Pavlovlardin` jumislari u`lken iz qaldirdi.

A.T.Bolotov XVIII a`sirdin` ekinshi yariminda jer du`zilisi, almaslap egiw, jabayi o`simliklerge qarsi gu`resiw, atizlarg`a to`gin beriw, jerdi islew ma`selelerine baylanisli maqalalarinda diyxanshiliqtin` tiykarg`i printsiplerin bayan etti. "Atizlardin` bo`liniwi" (1771) atli kitabinda ko`p atizli almaslap egiw, diyxanshiliq sistemasinin`, yagniy jeti atizli almaslap egiwdin` u`sh atizi shu`digar boliwin ha`m keyin ala shu`digardi bir jilliq ot-sho`plik eginler menen almastiriw diyxanshiliq penen bir waqitta sharwashiliqtin` rawajlaniwina tiykar saldi. Onin` teoriyaliq islerinen biri to`ginlerdi qollaniw ma`selesi u`lken a`hmiyetke iye boldi.

I.M.Komov jerge dem berip shu`digarg`a egin egiwge qarsi shiqti, ol ot-sho`p egiwdi, to`gin qollaniwdi za`ru`r dep esapladi, sharwalar ushin tamir ha`m paxal tu`ynekli aziq bolatug`in eginlerdi egiw, topiraqti jaqsilaw ushin sobiqli eginler egiwdi usinis etti.

D.I.Mendeleev ximiyaliq elementler da`wirlik sistemasin jaratip, organikaliq emes ximiya pa`ninin` rawajlaniwinda xizmeti sheksiz. Sonin` menen birge o`simliklerdin` aziqlaniwi ham olardin` zu`ra`a`tliligin arttiriwda to`ginlerden paydalaniwdi tekserdi, diyxanshiliqti intensifikatsiyalaw ta`repdari boldi.

P.A.Kostichev (1845-1895) agronomiyaliq topiraqtaniwg`a tiykar salg`an ilimpaz. Ol topiraq penen o`simlik arasindag`i baylanisliq, topiraq o`nimdarlig`in arttiriwda almaslap egiwdi engiziwdi usinis etti. Ol topiraqta shirindinin` payda boliwi, qa`siyetleri, topiraq o`nimdarlig`inda shirindinin` a`hmiyeti haqqinda tu`sinik berdi.

V.R.Vilyams (1863-1939) topiraqtaniw pa`nin rawajlandirip topiraq payda boliwi haqqindag`i birden-bir ta`liymatqa tiykar saldi.

A.G.Doyarenkonin` agronomiyada tekseriw metodlari ilimiy agronomiyanin` rawajlaniwina ko`p ja`rdem etti. Onin` izertlewleri o`simlikler o`mirinde tiykarg`i faktorlardi

basqariwda topiraqti islew usillarinin` rolin aniqlawg`a ja`rdem berdi. Ol topiraqtin` fizikaliq qa`siyetlerin, suw ha`m hawa rejimlerin tekseriw usillarin islep shiqti.

I.A.Stebut (1839-1923) diyxanshiliqti rawajlandiriw ushin agrotexnikaliq ilajlar ha`m almaslap egiwdi ha`r bir konkret zonalar ushin o`zine ta`n jag`daylardi esapqa alip qollaniw, diyxanshiliq sistemasin islep shig`iwdi usinis etti, awil xojalig`in intensivlestiriw ta`reptari boldi.

D.N.Pryanishnikov (1865-1948) agroximiyanin` tiykarin saliwshi boliw menen birge diyxanshiliqta eginlerdi almaslap egiw, to`ginlerdi qollaniw, qatar arasi islenetug`in ha`m sobiqli ma`deniy o`simliklerdin` maydanin ken`eytiw ta`repdari ha`m V.R.Vilyamstin` ot-sho`p-atiz sistemasin ha`mme jerde qollaniwg`a qarsi boldi.

Diyxanshiliq pa`ninin` Orayliq Aziya respublikalarinda rawajlaniwi XX a`sirdin` baslarina tuwra keledi. Usi da`wirden baslap ilimpazlar jetisip shiqti. Olardan O`zbekstan Respublikasinan F.A.Sokolov, S.N.Rijov, M.V.Muha'medjanov, A.K.Kashkarov, Z.S.Tursinxodjaev, V.P.Kondratyuk, A.Belousov, B.G.Aleev, N.F.Bespalov, K.Mirzajanov, A.K.Irmatov, I.V.Massino., R.Oripov., A.Jurakulov., O.Ramazanov ha`m basqalar diyxanshiliq pa`ninin` rawajlaniwina ilimiy izertlewleri menen u`lken u`les qosti.

Bul ko`rnekli ilimpazlar awil xojaliq eginlerinin` agrotexnikasi, topiraqtin` fizikaliq ha`m ximiyaliq qa`siyetleri, almaslap egiwdi engiziw, topiraq o`nimdarlig`in arttiriw, jabayi o`simliklerge qarsi gu`res usillari, shorlang`an jerlerdin` melioratsiyasi, topiraqti suw ha`m samal eroziyasinan qorg`aw, o`simliklerdi aziqlandiriw, topiraqqa islew beriw ha`m usinday en` tiykarg`i mashqalalardi sheship ilimnin` rawajlaniwinda xizmetleri orinli boldi. Ha`zirgi diyxanshiliqti jedellestiriw diyxanshiliq sistemalarinin` bo`limlerin rawajlandiriw ha`m jetilistiriw tiykarinda a`melge asiriladi, yag`niy o`ndiriste ilim jetiskenliklerin ha`m aldin`g`ilar ta`jiriybelerin qollaniw, eginlerdi ha`r qiyli kesellik, ziyankes ha`m jabayi o`simliklerden qorg`aw, awil xojaliq o`ndirisin basqariw ha`m sho`lkemlestiriw, awil xojalig`in qanigeli kadrlar menen ta`miiynlewdi talap etedi.

Sondayaq topiraq o`nimdarlig`in arttiriwda Respublikamizdin` topiraq-klimat jag`daylarin, diyxanshiliqta fermerliktin` ken` en jayiwin, egislik maydanlari esapqa aling`an tu`rde almaslap egiwdin` jan`a sxemalari islep shig`ildi ha`m o`ndiriske usinis etildi. Topiraq o`nimdarlig`in ha`m eginlerdin` zu`ra`a`tligin arttiriwda organikaliq to`ginlerden paydalaniw, siderat to`ginlerin qollaniw arqali diyxanshiliqta aziq awqatliq o`nimlerdi ekologiyaliq taza tu`rinde jetistiriw, yag`niy oni biologiyaliq usilda ju`ritiw ma`selelerin sheshiw - tarawdag`i ha`zirgi da`wir ilimpazlarinin` sheshiwi tiyis waziypalari bolip esaplanadi.

## 2-lektsiya
## Diyxanshiliqtin` ilimiy tiykarlari. O`simliktin` o`mirlik faktorlari ha`m diyxanshiliq nizamlari.

1. Rawajlaniw tariyxi
2. Diyxanshiliqtin` ilimiy tiykarlari
3. O`simliklerdin` o`mirlik faktorlari
4. Diyxanshiliqtin` tiykarg`i nizamlari

A`debiyatlar: 2, 3.

Ha`r qanday o`simlik o`zinin` o`siwi, rawajlaniwi ha`m zu`ra`a`t toplawi dawaminda turaqli ha`m kerekli bolg`an mug`darda – ***jer*** ha`m ***kosmosliq*** faktorlardin` boliwin talap etedi. Kosmosliq faktorlarg`a jaqtiliq ha`m jilliliq, jer faktorlarina suw, hawa ha`m aziq elementleri kiredi.

Kosmosliq faktorlar diyxanshiliqta iretlestirilmeydi. Quyash radiatsiyasi sheshiwshi tu`rde jerde hawa rayina ta`sir etedi. Hawa rayi o`simliktin` o`siwin belgileydi. Topiraq-klimat

jag`daylari diyxanshiliqtin` qa`nigelesiwin belgileydi, yag`niy belgili bir hawa rayi jag`dayina biologiyaliq jaqtan beyimlesken ha`m joqari zu`ra`a`t toplawg`a mu`mkinshilik bolatug`in egin egiledi.

Diyxanshiliqta o`simliktin` jer faktorlari menen ta`miyinleniwi ushin optimal jag`daylar jaratiliwi kerek.

**Jaqtiliq**. Bul o`simliklerde fotosintez qubilisinin` ju`riwinde tiykar bolip esaplanadi. Fotosintez sebepli quyash nurinin` kinetikaliq energiyasi potentsial energiyag`a aylanadi. Bul qubilista xlorofill ha`m jasil organizm qatnasadi. Fotosintez o`simlikte mineral elementlerden belok, qant, kraxmal ha`m may siyaqli organikaliq zatlardi payda etedi. Jaqtiliqsiz jasil o`simliklerde xlorofill payda bolmaydi ha`m olar o`nim bermeydi.

O`simliklerdin` jaqtiliqqa bolg`an talabi ha`r qiyli boladi, birewleri ko`p, ekinshileri az talap etedi. Usig`an tiykarlanip ha`mme o`simliklerdi eki toparg`a – **jaqtiliqti su`yiwshi** ha`m **sayada ha`m o`setug`in** toparg`a bo`liwge boladi. Jaqtiliqti su`yiwshi o`simlikler normal o`sip rawajlaniwi ushin intensiv jaqtiliqti talap etedi. Saya jerde o`siwge beyimlesken o`simlikler saya bolg`an jag`dayda da o`se beredi. G`awasha jaqtiliq su`yiwshi o`simlik bolg`ani ushin, jaqtiliq kem bolsa ol jin`ishke, ha`lsiz, uzin, sarg`ish bolip o`sedi, japiraqlarinda xlorofill ju`da` kem boladi. Sonin` ushinda g`awashani ken` qatarlap (60 ha`m 90 sm) egip, waqtinda birlense ha`m jabayi o`simliklerden tazalansa jaqsi rawajlanadi.

**Jilliliq**. Jilliliq faktori o`simliktin` o`sip ha`m rawajlaniwina u`lken ta`sir etip qoymastan, topiraqtag`i ha`r qiyli qubilislardin` o`tiwine de ta`sir etedi. O`simliklerdin` jaqtiliqqa ha`m jilliliqqa talabi ha`r qiyli boladi.

Bir tu`rdegi o`simlikler issiliqti ko`p talap etedi. Misali, g`awashanin` gu`llew da`wirinde jedel o`siwi ha`m rawajlaniwi ushin optimal temperatura 35-37$^0$S, masaqli da`n eginleri ushin 20$^0$S boliwi kerek.

O`simlikler suwiqqa shidamlilig`i boyinsha da ha`r qiyli boladi. Ms: g`awasha -1-2$^0$S da nabit bolsa, gu`zlik da`n eginleri -20$^0$S da qislap shig`adi.

Jilliliq faktori fotosintezdin` ju`riwi, o`simliklerdin` aziqlaniwinda ha`m xizmeti u`lken.

O`simliklerdin` tu`rine qaray olardin` tuximlarinin` ko`gerip shig`iwi ushin ha`r qiyli jilliliq talap etiledi. Ms: masaqli da`n eginleri ushin 1-3$^0$S, shigit ushin 12-14$^0$S boliwi kerek.

O`simlik tamir sistemasinin` jaqsi o`siwi ha`m rawajlaniwi ushin biraz salkin temperatura boliwi, bunday jag`dayda mikroorganizmlerdin` o`miri jedel o`tetug`inlig`i ha`m mikroblar ha`reketshen` bolip, organikaliq zatlardi o`simlik o`zlestiretug`in tu`rge keltiredi.

**Hawa**. Atmosfera hawasi 78,08% azot, 20,95% kislorod ha`m 0,03% karbonat angdrid ha`m basqa zatlardan ibarat. O`simlik ha`m topiraq mirkoorganizmlerinin` dem aliwinda atmosfera ha`m topiraq hawasi kislorod ha`m karbonat angdrid deregi bolip xizmet etedi. O`simlik fotosintez qubilisinda onnan paydalanadi, fotosintezde o`simlik karbonat angdriddi shig`aradi.

Topiraqtag`i hawa o`simliklerdin` dem aliw deregi bolip, a`sirese tuximlardin` ko`gerip shig`iwi, bunnan keyingi o`siwi ha`m rawajlaniwi da`wirinde mikroorganizmler o`mirinde organikaliq zatlardi mineral, yag`niy o`simlik o`zlestire alatug`in zatlarg`a aylandiradi.

**Suw** o`simlik denesi quramina kiredi ha`m 80-90% ti suwdan ibarat. O`simliktin` suw menen ta`miyinlengenligi onin` turgorliq awhalinan ko`rinedi, bul jag`dayda ha`mme fiziologiyaliq funktsiyalar normal o`tedi.

O`simlik o`mirinde suw ju`da` u`lken rol oynaydi. Ol topiraqtan mineral duzlardi ha`m karbonat angdridti suwda erigen tu`rinde aladi. Suwda erigen mineral duzlar o`simliktin` barliq organlarina tarqaladi, japiraq ha`m paqallar arqali puwlanip oni ayriqsha qizip ketiwden saqlaydi.

Eger topiraq penen tamir sistemasi arasinda bekkem baylanis bolsa (kation ha`m anionlardin` adsorbtsiyasi) o`simlikler topiraqtin` usi qatlaminan aziqti tikkeley aladi. A`sirese, ko`gerip shig`ip atirg`an tuximlar suwg`a talapshan` boladi.

**Aziq**. O`simliklerdin` tiykarg`i aziq elementlerine N, P, K, C, H, O, S, Ca, Mg, Fe ha`m basqalar kiredi. O`simlikler o`siw da`wirinde topiraqtan ha`r qiyli aziq zatlarin aladi. 1 tonna

paxta jetistiriw ushin g`awashag`a 50 kg, 1 t jazg`i biyday jetistiriw ushin 35 kg, al gu`zlik biyday jetistiriw ushin 40 kg azot kerek boladi.

O`simlik qurg`aq massasinin` 45% tin uglerod, 42% tin kislorod, 6,5% tin vodorod, 1,5% tin azot, 5% tin ku`l elementleri quraydi. Ku`l elementlerine kaliy, kaltsiy, magniy, kremniy, bor, marganets ha`m basqalar kiredi. Ku`l elementleri o`simlik quraminda ju`da` az boliwina qaramastan u`lken a`hmiyetke iye.

Azot o`simliktin` o`siwin tezlestiredi. Azottin` jetispewi ha`m artiq beriliwi o`simlik ushin ziyan. Azot jetispese onin` o`siwi pa`seyedi, ziyat bolg`anda paxali, shaqasi g`awlap o`sip zu`ra`a`t az boladi.

Fosfor miywe elementlerinin` ko`p boliwina ta`sir etedi ha`m olardin` pisiwin tezlestiredi. O`simlik o`mirinde kaliy u`lken a`hmiyetke iye bolip, kraxmal ha`m qanttin` o`simlik denesinde jiljiwin tezletedi, o`simliktin` ha`r qiyli keselliklerge shidamlilig`in arttiradi.

**O`nim** – bul o`simlikler organizmi ushin za`ru`r bolg`an o`mirlik faktorlarinin` jiyindisi. Eginlerden joqari zu`ra`a`t aliw ushin olardin` o`siwi ha`m rawajaniwinda za`ru`r bolg`an barliq faktorlardi o`z waqtinda ha`m toliq ta`miyinlep beriw lazim. Bul jag`daylardin` jetispewi zu`ra`a`ttin` pa`seyiwine alip keledi. Awil xojaliq qa`nigeleri ol yamasa bul o`simlik ushin qansha suw, hawa, jaqtiliq, jilliliq ha`m aziq kerek bolatug`inlig`in biliwi kerek.

**O`mirlik faktorlari birdey a`hmiyetke iye boliw menen birge, birin ekinshisi menen almastiriwg`a bolmaytug`inlig`i haqqindag`i nizam**.

V.R.Vilyams o`mirlik faktorlarin ayirim u`yrenip ko`rdi. Bir faktordi ekinshisi menen almastirip bolmaslig`i ha`m olardin` ha`r biri ten`dey a`hmiyetke iye ekenligi aniqlandi. Ms: aziq elementlerinin` jetispewshiligin suw yamasa hawa menen, jilliliqtin` jetispewshiligin ku`shli jaqtiliq penen almastirip bolmaydi.

O`simliktin` o`sip rawajlaniwi ushin qaysi faktor qansha mug`darda kerek boliwi a`xmiyetli emes, al olardin` o`simlikke kerek mug`darda boliwi. Sebebi, olar ha`r qaysisi o`z aldina fiziologiyaliq qubilislarda qatnasadi. Olardan biri jetispese yamasa o`simlikke kerek mug`dardan kem bolsa, o`simlik denesindegi fiziologiyaliq qubilislar normal da`rejede o`tpeydi, na`tiyjede o`sip rawajlaniw pa`seyedi, zu`ra`a`t kem boladi.

O`simlik o`mirinde faktorlardin` en` tiykarg`isi yamasa ekinshi da`rejelisi bolmaydi. Olardin` ha`mmesi ten`dey a`hmiyetli. Bul nizamg`a muwapiq o`simlik ha`mme faktorlar menen ta`miyinlengende g`ana jaqsi o`sip rawajlaniwi mu`mkin.

**Minimum (minimum, optimum ha`m maksimum) nizami**. O`simliklerdin` har bir o`mirlik faktorlarina bolg`an sezgirligin ayirip u`yrengende, yag`niy bir faktordi kemeytip basqalarin o`zgerissiz qaldirg`anda mug`dari kemeytilgen faktordan aling`an qosimsha zu`ra`a`t aldin`g`i mug`darg`a qarag`anda kemeyiwi aniqlandi. Bul nizamg`a muwapiq alinatug`in zu`ra`a`t mug`dari minimumdag`i faktorg`a baylanisli ekenligi aniqlandi.

Yu.Libixtin` “O`simliklerdin` minerallar menen aziqlaniwi” atli miynetinde minimum nizaminin` payda bolg`anin ko`remiz. Yu.Libix o`simlik




**1-su`wret. Minimum nizaminin` grafikaliq ko`rinisi**

zu`ra`a`tligiol minimum da`rejede bolg`an o`mirlik faktorina pu`tkilley baylanisli dep ko`rsetedi.

O`simlik jetkilikli bolmag`an faktordi ilaji bolg`aninsha toliqtirip barilg`anda zu`ra`a`tlilik artip baradi.

Bul nizamda o`simlik awhalinin` tu`rli faktorlarin belgileytug`in Dobenek bochkasi taxtalari ko`rinisinde ayqin ko`riwge boladi. (1-su`wret)

Bul su`wretti bilayinsha ta`rtiplewge boladi. Ms: topiraqta g`awashadan 30 tsentner o`nim aliwg`a jetetug`in azot bar.

Biraq, azot ha`m kaliy mug`dari g`awashadan 40 tsentner o`nim aliwg`a jetkilikli boliwina qaramastan, zu`ra`a`tlilik 30 tsentner boladi. Sebebi, g`awasha zu`ra`a`tligi mug`dari minimumda turg`an fosfor mug`dari menen shegaralanadi.

Nemis ilimpazi Gelrigel vegetatsiyaliq idislarda topiraqtin` ha`r qiyli ig`allig`inin` arpa zu`ra`a`tligine ta`sirin u`yrenedi. Ta`jiriybe na`tiyjelerine muwapiq en` joqari zu`ra`a`tlilik topiraq ig`allig`i toliq atiz ig`alliliq siyimlig`inin` 60% ti zu`ra`a`t mug`darinda bolg`anda, al en` to`men ha`m joqari ig`alliqta zu`ra`a`t alinbadi (2-su`wret). 1-zu`ra`a`ttin` joqarg`i shegi, 2-haqiyqiy zu`ra`a`t. Bul misaldi Gelrigel arpa egilgen vegetatsiyaliq idislarda topiraq ig`allig`in atiz ig`alliq siyimlig`inin` 5% nen 100% ke shekem a`ste aqirin asirip bardi ha`m topiraqtag`i suwdin` mug`darin salistirip to`mendegi mag`liwmatlardi aldi.

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Vegetatsiyaliq idistag`i ig`alliliq, % | 5 | 10 | 20 | 30 | 40 | 60 | 80 | 100 |
| O`simlik jer u`sti qurg`aq massasi, g | 1 | 63 | 146 | 174 | 217 | 227 | 197 | 0 |

Bunnan ko`rinip turg`aninday en` joqari o`nim ig`alliq 60 % bolg`anda aling`an, al 80 % bolg`anda kemeygen ha`m 100 % bolg`anda nolge ten` bolg`an.

Usig`an sa`ykes Gelrigel diyxanshiliqta “minimum”, “optimum”, ha`m “maksimum” nizamlari bar ekenligin aniqladi. Onin` mag`anasi, o`simliklerden joqari zu`ra`a`t faktorlar optimum darejede bolg`anda alinadi, al kem ha`m joqari bolg`anda zu`ra`at to`menleydi. Ja`ne bir ms; jilliliq artip bariwi menen o`simliktin` o`sip rawajlaniwi jaqsi boladi, ju`da` isip ketse o`siwden toqtaydi, al ha`dden tis issi bolsa o`simlik quwraydi Gelrigel ta`jiriybe juwmaqlarin tallap V.R.Vilyams bul tek ayirim jag`daylarda tuwri bolatug`inlig`in ko`rsetti. Sebebi, ta`jiriybede tek topiraq ig`allig`i arttirip barilg`an, al basqa faktorlar o`zgerissiz qalg`an.

Ha`r qiyli ig`aliliq jag`dayinda topiraqta mineral zatlardin` topla niwi, paydalaniwi ha`m o`simliktin` aziqlaniw jag`dayi ha`r qiyli boladi.

Demek, Gelrigel ta`jiriy besi natuwri ha`m onin` juwmaqlari qate dep esaplanadi.

Ilimpaz E.Volni Gelrigel ta`jiriybesin qaytalaydi, biraq og`an qosimsha kem-kem artip bariwshi mineral Ig`alliq mug`dari, %. Topiraqtin` ig`alliq to`gin normasi qollaniladi.




**2-su`wret. O`simlik zu`ra`a`tinin` topiraq ig`allig`ina baylanisli o`zgeriwi.**

siyimlig`i

Minimum Optimum Maksimum

Ta`jiriybe na`tiyjesi to`mendegishe boldi:

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Topiraq ig`allig`i, % | 10 | 20 | 40 | 60 | 80 | 100 |
| O`nim, g/idistan | 13 | 35 | 112 | 212 | 122 | 32 |
| Keyingi o`nimnin` aldin`g`idan parqi | 22 | 77 | 100 | -90 | -90 | |
| O`nimnin` ha`r ig`alliq o`zgeriw shegerasina baylanislig`i | 22 | 39 | 50 | -45 | -45 | |

E.Volni keyingi ta`jiriybesinde ele de quramali, yag`niy faktorlardin` o`simlik o`mirine quramali ta`sirin aniqlaw ushin ha`r qiyli topiraq ig`allig`i, jaqtiliq ha`m aziq mug`darlarinin` o`nimge ta`sirin u`yrenedi. Ol jan`a ko`p faktorli ta`jiriybesinde ba`ha`rgi qarabiydaydi 4 shiyshe idisqa o`siredi. Idislardin` 3-de ig`alliq o`zgerip turadi, to`gin berilmeydi, 4-shi idista ig`alliq bir turista (60%) ha`m mineral to`ginler toliq beriledi. Bul 4 idisqa jaqtiliq ha`r qiyli da`rejede beriledi. O`nim (g. idista) to`mendegishe boldi.

| | | to`ginsiz | | | to`gin menen |
|---|---|---|---|---|---|
| Topiraq ig`allig`i | | 20 | 40 | 60 | 60 |
| Jaqtiliq: | ku`shli | 110 | 320 | 403 | 584 |
| | ortasha | 95 | 218 | 274 | 350 |
| | to`men | 88 | 185 | 208 | 223 |

3-su`wrette ta`jiriybe na`tiyjeleri grafikaliq tu`rde ko`rsetiledi. O`nim qiysiq sizig`i eki ta`repke bag`darlanadi. To`gin berilmegen idislarda ig`alliliq artiwi, yag`niy 20% ten 60% ke shekem, zu`ra`a`tliktin` artip bariwin ta`miiyinleydi, bul Gelrigel ta`jiriybesi juwmaqlarina uqsas. Topiraqtin` ig`alliliq da`rejesi 60% bolip, bug`an to`gin berilgende zu`ra`a`tlilik birden ko`teriledi.

Usi faktorlarg`a ja`ne jaqtiliqti qosqanda zu`ra`a`tlilik ja`nede joqarilaydi. Solay etip to`gin, ig`alliliq ha`m jaqtiliq faktorlarinin` o`z ara birgelikte ta`siri artadi, bug`an basqa faktorlar qosilsa olardin` na`tiyjeliligi ja`nede artip baradi. (3-su`wret).




**3-su`wret. Zu`ra`a`tliktin` faktorlar o`siwine baylanislig`i: jaqtiliq, ig`alliliq, to`gin (a-to`gin berilgen topiraq, b-to`gin berilmegen)**

**O`simlik o`mirlik faktorlarinin` birgelikte ta`sir etiw nizami**. O`simliktin` ha`mme o`mirlik faktorlari birgelikte, yag`niy onin` o`sip rawajlaniwinda o`z ara birgelikte ta`sir etedi.

Libsherdin` ko`rsetkenindey faktorlardin` birgelikte ta`sir etiw nizamina muwapiq minimumda bolg`an bir faktordin` ta`siri basqa optimumda bolg`an faktorlardin` ta`sirine qarag`anda ayqiniraq boladi.

Bul nizam E.Mitcherlix pikiri boyinsha, qosimsha o`nim faktordin` artiwina ha`m jedelligine baylanisli, ol aliw mu`mkin bolg`an o`nim menen haqiyqatta aling`an o`nim arasindag`i ayirmag`a ten`.

4-su`wrette mineral to`ginin` (NPK) na`tiyjeliliginin` qiysiq sizig`i ko`rsetilgen. Bunda qiysiq siziqlar mineral to`gin na`tiyjeliligi basqa faktordin` qosiliwi ha`m artip bariwi menen artatug`inlig`in ko`rsetedi.

Usig`an baylanisli V.R.Vil yamstin` ko`rsetkenindey, eger bizin` ta`sirimiz quramali o`ndiristin` barliq tarmaqlarina bar waqitta bolg`anda g`ana rawajlaniw boladi. Bul ha`r qiyli jag`daylar jiynag`i bir organikaliq pu`tinlikti quraydi. Olardin` birewine ta`sir etiw, basqa barliq jag`daylarg`a ta`sir etiwge sebepshi boladi.




**4-su`wret. Awil xojaliq eginleri zu`ra`a`tliginin` eki faktor ta`sirinde o`zgeriwi.**

**Qaytarip beriw nizami**. O`nim menen topiraqtan aling`an zatlar ha`m energiyalar ma`lim mug`darda ziyati menen qaytariliwi kerek. Bul nizam Yu.Libix ta`repinen ashilg`an.

K.A.Timiryazev ha`m D.N.Pryanishnikov bul nazamdi du`nyadag`i en` u`lken jan`aliq dep ta`n aldi.

Diyxanshiliq o`z ta`biyati boyinsha o`ndiristin` materialliq o`ndiriwshisi esaplanadi. Awil xojaliq o`simliklerinin` o`nimi materialliq zat bolip, ol topiraqtan aling`an zatlar energiyalar esabinan payda boladi. Bunnan basqa, topiraq o`simlikti o`mirlik faktorlari menen ta`miyinlewshi, olardin` o`sip rawajlaniw ortalig`i esaplanadi.

Topiraqtan aziq elementleri ba`rqulla o`nim menen alina berse, onin` orni toltirilmasa, topiraq qurami ha`m energiyasi buziladi, o`nimdarlig`in jog`altadi.

Topiraqtan aling`an zatlar ha`m energiya orni toliqtirilip barilsa topiraq o`nimdarlig`i saqlanadi, al ha`r jili ziyati menen toliqtirilsa topiraq o`nimdarlig`i arttirilg`an qayta o`ndiriw da`rejesine jetedi.

Diyxanshiliq nizamlari o`simlik o`mirlik faktorlarinin` o`z-ara ta`siri uliwma biologiyaliq da`rejede boladi. Diyxanshiliqta bul nizamlar ta`siri ilimiy tiykarlang`an diyxanshiliq sistemasinda topiraq o`nimdarlig`i arqali boladi.

Sorawlar.

1. Diyxanshiliq pa`ni nene u`yretedi ?
2. Pa`nnin` maxseti ha`m waziypalari ?
3. Rawajlaniw tariyxi ?
4. Diyxanshiliqtin` ilimiy tiykarlari ?
5. O`simliklerdin` o`mirlik faktorlari ?
6. Diyxanshiliq nizamlari ?

## 3-Lektsiya
## Topiraq o`nimdarlig`i, ma`deniyligi, strukturasi ha`m su`rim qatlam du`zilisi.

Reje:

1. Topiraq o`nimdarlig`i, tu`rleri
2. Topiraq ma`deniyligi
3. Topiraq strukturasi
4. Su`rim qatlam du`zilisi

A`debiyatlar: 2, 3

## Topiraq o`nimdarlig`i

Su`riletug`in topiraq o`nimdarlig`i ha`m oni arttiriw ilimiy diyxanshiliqtin` teoriyaliq tiykari bolip esaplanadi.

V.R.Vilyams ***topiraq o`nimdarlig`i*** o`simlikti kerekli mug`darda suw ha`m aziq penen ta`miynley aliw uqibi dep aniqlama beredi.

I.V.Tyurin potentsial o`nimdarliq ko`rsetkishi dep topiraqtag`i uliwma azot mug`darin ko`rsetedi. Ha`r jili topiraqtan alinatug`in mineral azot mug`dari paydali o`nimdarliq dep tu`siniledi.

**Intensiv diyxanshiliq jag`dayinda topiraq o`nimdarlig`i dep onin` fizikaliq, himiyaliq ha`m biologiyaliq qa`siyetleri tiykarinda ma`deniy o`simliklerdin` jasaw ortalig`i, ha`zirgi zaman texnologiyaliq, ekologiyaliq ha`m ekonomikaliq talaplarina juwap beretug`in jerlik o`mirlik faktorlar menen ta`miyin etiw uqibi tu`siniledi.**

O`nimdarli topiraq to`mendegi talaplarg`a juwap beriw kerek:

- jetkilikli mug`darda aziq zatlarin ha`m suwdin` boliwi, sirttan beriletug`in suw ha`m aziq zatlardi qabillawi, o`zlestiriwi ha`m olardi o`simlikke jetkerip beriwi ha`m jilliliq rejimi menen ta`miyinlewi;

- o`simliklerdi o`siriw ha`m topiraqti islewdin` en` jan`a texnologiyalarin qollaniw mu`mkinshiligi boliwi, ha`r qanday sirtqi qolaysiz faktorlarg`a shidamli boliwi;

- fitosanitariyaliq jag`dayi jaqsi jag`inan ayqin ko`riniwi, almaslap egiwde eginlerdi o`siriw da`wirinde «topiraq sharshawin» tez saplastiriw uqibi boliwi, jabayi o`simliklerdin` tuximlarinan, ziyankes ha`m keselliklerden taza boliwi kerek.

Zu`ra`a`t aliwda topiraq o`nimdarlig`i onin` ob`ektiv qa`siyeti bolip ko`p sanli jag`daylardin` biri esaplanadi.

«Zu`ra`a`t» quramali tu`sinik bolip bir qansha faktorlardin` xizmeti sanaladi, yag`niy: topiraq, klimat, o`simlik, diyxannin` miyneti ha`m waqit. Barliq jag`daylardin` ten`ligi jag`dayinda onin` da`rejesi topiraq o`nimdarlig`inin` aniq minezlemesi boladi.

Ta`biyg`iy faktorlar ta`sirinde adam qatnasisiz payda bolg`an o`nimdarliq ***ta`biyg`iy***, adam ta`sirinde payda bolg`an o`nimdarliq-***jasalma o`nimdarliq*** esaplanadi. ***Paydali o`nimdarliq*** o`simlikler paydalana alatug`in aziq mug`dari.

Agronomiyada topiraq o`nimdarlig`inan basqa «topiraq ma`deniyligi» degen tu`sinik qollaniladi.

Paydali o`nimdarliq topiraqtin` ta`biyg`iy ha`m jasalma onimdarlig`inin` haqiyqiy ko`rsetkishi boliw menen bir qatarda; belgili da`wirdegi sotsial-ekonomikaliq formatsiyanin` topiraqqa ta`siri na`tiyjesi.

Zamanago`y rawajlang`an pa`n ha`m texnika menen o`ndiriste topiraqqa ta`sir etiw tek g`ana ondag`i o`simliklerge qolaysiz tu`rdegi aziq elementler an`sat o`zlestiriletug`in awhalg`a keltirilip qoymay, ha`tte onin` ta`biyg`iy qa`siyetlerin o`zgertedi. Misali: organikaliq, mineral, bakterial aziqlardi qollaw, almaslap egiwdi engiziw, jerlerdin` shorin juwiw topiraqtin` ximiyaliq quramin o`zgertip, ondag`i shirindi zatlar mug`darin arttiradi.

Izeykesh-kollektorlardin` ta`siri menen izey suwlarinin` qa`ddin tu`siriw topiraqtin` suw, hawa ha`m issiliq rejimlerin basqariwg`a imkaniyat jaratiladi. Diyxanshiliqtin` intensifikatsiyalaniwi artqan sayin adamlardin` topiraqtin` paydali o`nimdarlig`ina ta`sir etiw roli artip baradi.

Topiraqtin` o`nimdarliq ko`rsetkishlerine onin` fizikaliq qa`siyetleri, jabayi o`simlikler menen pataslaniwi, kesellik, ziyankesler ha`m ziyanli duzlardan tazalig`i, ortaliq jag`dayi ha`m basqalar misal bola aladi.

O`nimdarliq ko`rsetkishi topiraqtin` ta`biyg`iy qa`siyetine baylanisli bolip qoymastan awil xojaliq o`ndirisinde qollanatug`in ilajlardin` ta`sirinde, yag`niy topiraqti ma`deniylestiriw na`tiyjesinde payda boladi.

Lekin, topiraq qanshelli o`nimdarli bolmasin, o`nimdarliq ko`rsetkishleri o`simlikler ushin qolayli bolmasa, ol normal o`speydi ha`m rawajlanbaydi. Na`tiyjede zu`ra`a`t kem boladi.

**Topiraq reaktsiyasi**. Ortaliq reaktsiyasi yamasa ortaliq jag`dayi degende topiraq eritpesinin` kislotalig`i, neytrallig`i yamasa siltiligin tu`sinemiz. Ortaliq reaktsiyasi «pH» dep belgilew qabil qiling`an. pH jetige ten` bolg`anda ortaliq jag`dayi normal, jetiden u`lken bolsa siltili, kishi bolsa kislotali delinedi. pH ortaliq jag`dayinin` ko`rsetkishlerinen biri esaplanip, topiraq o`nimdarlig`ina, ma`deniy o`simliklerdin` o`siwi, rawajlaniwi, o`nimi ha`m onin` sapasina u`lken ta`sir etedi.

Topiraq reaktsiyasin az kislotali – neytral-az siltili da`rejesine keltiriw ushin ximiyaliq melioratsiya qollaniladi. Kislotali topiraqlarg`a ha`k salinadi, siltili topiraqlarg`a gips salinadi.

Ko`pshilik o`simliklerdin` o`siwi ha`m mikroorganizmlerdin` rawajlaniwi az kislotali yamasa neytral jag`dayda boladi. Ha`r qiyli ma`deniy o`simlikleredin` topiraq reaktsiyasina talabi ha`r qiyli boladi (1-keste)

**1. Awil xojaliq eginleri ushin topiraq eritpesi reaktsiyasinin` optimal, to`mengi ha`m joqarg`i shegeralari**

| O`simlikler | Optimal pH | pH joqarg`i ha`m to`mengi shegerasi |
|---|---|---|
| G`awasha | 6-7 | 5-8 |
| Kartoshka | 5 | 4-7 |
| Suli | 5-6 | 4-8 |
| Ma`kke | 6-7 | 5-8 |
| Biyday | 6-7 | 5-8 |
| Jon`ishqa | 7-8 | 6-8,5 |

Topiraqta makro ha`m mikroelementlerdin` bir tu`rinin` jetispewshiligi ekinshi bir tu`rlerinin` asip ketiwi yamasa kemeyip ketiwine alip keledi. Bul o`z gezeginde topiraq eritpesi reaktsiyasinin` siltili yamasa kislotali ko`restkishinin` artip ketiwine alip keledi.

**Topiraq ma`deniyligi ha`m oni jaqsilaw ilajlari**. Topiraq o`nimdarlig`i ha`m ma`deniyligi bir-birine qarama-qarsi bolmay, kerisinshe biri ekinshisin ko`rsetiwshi qa`siyetleri esaplanadi.

Topiraqti ma`deniylestiriwdin` biologiyaliq, ximiyaliq ha`m fizikaliq usillari bar.

**Biologiyaliq usil** - topiraqtag`i organikaliq zatlardin` sintezleniwin ha`m shiriwin basqariw, ha`r tu`rli kesellik ha`m ziyankeslerge shidamli, jergilikli jag`daylarg`a beyimlesken, o`nimi joqari ha`m sipatli egin sortlarin egiw, olardi atizlarda tuwri jaylastiriw ha`m almaslap egiwdi engiziw siyaqli ilajlardi a`melge asiriwdan ibarat. Bir jilliq ot sho`plik o`simliklerge qarag`anda, ko`p jilliq sobiqli eginler, topiraqtag`i organikaliq zat mug`darina unamli ta`sir etedi. Eger ko`p jilliq eginlerge sobiqli, ga`lle ha`m basqa eginler aralastirip egilse ja`nede jaqsiraq na`tiyje beredi. Sebebi, sobiqli eginler tamirindag`i tu`yinshek bakteriyalar topiraqti biologiyaliq azotqa bayitadi. Topiraq shirindisin arttiriwda ha`m mikroorganizmler ha`reketin jaqsilawda sobiqli siderat to`ginlerinin` a`hmiyeti u`lken.

**Ximiyaliq usil** ja`rdeminde jerlerge ha`r tu`rli mineral to`ginler, ha`k, gips ha`m basqalar menen to`ginlep topiraqta o`simlik an`sat o`zlestiretug`in aziq mug`darin ko`beytiw mu`mkin. Jerge ha`k saling`anda topiraq reaktsiyasi, yag`niy kislotalilig`i, gips qosilg`anda bolsa siltiligi normallasip, o`simliktin` o`siwi ushin qolayli jag`day jaratiladi.

**Fizikaliq usil**- jerge fizika-mexanikaliq ta`sir etiwden ibarat. Jerge ha`r tu`rli islew beriw, topiraq qunarlig`in ta`miynlew, onin` hawa, issiliq, suw ha`m basqa rejimlerin basqariw siyaqli ilajlar kompleksi misal boladi. Bunnan tisqari mayda atizlardi u`lkeytiw, jerler izeyin qashiriw, shorin juwiw, izey suw qa`ddin pa`seytiriw ushin o`tkiziletug`in kollektor-drenajlardi quriw jumislari kiredi.

Jerlerdi ma`deniylestiriwdegi u`sh usildin` ha`r biri topiraq qa`siyetlerine ha`m onda bolatug`in mikrobiologiyaliq qubilislarg`a tu`rlishe ta`sir etedi. Olardi birgelikte alip bariw jerlerdi ma`deniylestiriwdegi za`ru`r ilajlar esaplanadi.

Respublikamiz awil xojalig`i topiraq o`nimdarlig`in arttiriwda u`lken imkaniyatlarg`a iye. Ma`selen, Qaraqalpaqstan Respublikasi gidromorf topiraqlar zonasina jaylasqan. Bul jerdin` topirag`i otlaqli-allyuvial bolip, o`nimdarlig`i a`dewir to`men edi. Keyingi jillarda topiraqti ma`deniylestiriwge bag`darlap o`tkerilgen ilajlar kompleksi olarg`a bu`gingi ku`nde o`z ta`sirin ko`rsetti. Topiraqtin` o`nimdarliq ha`m ma`deniylik da`rejesi ondag`i shirindi, mikroorganizmler mug`dari, topiraq reaktsiyasi, qunarlig`i, qatti yaki boslig`i, du`zilisi, su`rim qatlam teren`ligi ha`m basqa ko`rsetkishlerge qarap aniqlanadi.

Soni da aytip o`tiw kerek, ha`zirgi zaman diyxanshilig`inda «topiraqti ma`deniylestiriw» tu`sinigi jan`adan o`zlestirilgen jerlerge, su`rim asti o`nimdarsiz qabatti teren` su`riw arqali aylanisqa qosiw tu`siniledi.

Al, burin aylanista bolg`an keyin ala o`nimdarlig`i to`menlegen, topiraqtin` o`nimdarli u`stingi qabati ko`shirilgen yamasa aling`an topiraqlardin` o`nimdarlig`in qayta tiklew **rekultivatsiya** dep ataladi.

O`nimdarliqtin` zatliq ha`m energiyaliq tiykarlarin ha`r qiyli topiraq qubilislari payda etedi: basqa tu`rge aylaniwi, jiynaliwi, sin`diriwi, jetkerip beriwi.

## Topiraq organikaliq zatlarinin` qurami ha`m mug`dari

Topiraqtin` organikaliq zatlari topiraq ja`nlikleri, mikroorganizmler ha`m o`simlik qaldiqlarinan payda boladi. Topiraqqa tu`sken da`slepki organikaliq zatlar, bo`liniw qubilisi, mikroblar plazmasi tu`rine qayta sintezleniw ha`m gumifikatsiyalaniwdi o`z ishine alatug`in quramali o`zgeriske ushiraydi. Aytilg`an qubilislardin` birigiwi biologiyaliq jaqtan aktiv topiraqlarda quramali organikaliq aralaspa payda boladi, yag`niy da`slepki strukturasin saqlag`an, az mug`darda tarqalg`an yamasa bo`leklengen o`simlik ha`m topiraq ja`nlikleri qaldiqlari; organikaliq ha`m topiraq ja`nlikler qaldiqlari bo`liniwi na`tiyjesinde payda bolg`an araliq zatlar (lignin); gumus zatlari; eriwshi organikaliq birikpeler, bular tez a`piwayi birikpelerge aylanadi ($H_2O$, $CO_2$ ha`m basqa).

Topiraq mineral bo`legi menen organikaliq zatlardin` usinday quramali bir-birine ta`siri-topiraq payda boliw protsessinde a`hmiyetli orin tutadi.

Topiraqqa tu`setug`in da`slepki tiykarg`i organikaliq zattin` deregi bul o`simlik qaldiqlari bolip esaplanadi.

Su`riletug`in yag`niy diyxanshiliq etiletug`in jerlerde eginlerdin` jer u`sti qaldiqlari, tamiri ha`m topiraqqa salinatug`in organikaliq to`gin topiraqtag`i organikaliq zatlar deregi bolip esaplanadi.

O`simlik qaldiqlari agronomiyaliq jaqtan a`hmiyetligi sonda, birinshiden, o`nimdi jiynap alg`annan keyin ol ha`r jili topiraqqa tu`sedi, ekinshiden, oni jerge beriw ushin shig`in kerek emes, u`shinshiden, ol topiraqta bir tegis bo`linedi. Olarda o`simlik ha`m ja`nlikler ushin kerekli makro ha`m mikroelementler bar.

**O`simlik qaldiqlari 3 toparg`a bo`linedi.**

**1-vegetatsiya da`wirinde ha`m o`nimdi jiynap alg`annan keyin o`simlikten topiraqqa tu`sken ha`r qiyli qaldiqlari;**

**2-japiraq-paxallari qaldiqlari;**

**3-tamir qaldiqlari.**

Organikaliq zatlar topiraqqa tek o`simlik quwrag`annan keyin tu`sip qalmastan, al onin pu`tkil o`miri dawaminda, sebebi o`simlik tamirinin` ayirim bo`leklerinin` o`liwi, onin` o`siwi ha`m rawajlaniwi da`wirinde u`zliksiz dawam etetug`in qubilis. Bul a`sirese gu`llew ha`m pisiw da`wirinde tezlesedi.

O`simliktin` o`zgesheligine qaray onin tamir massasi, teren`ge ha`m qaptalg`a o`siwi ha`r qiyli boladi. Zu`ra`a`t jiynap aling`annan keyin topiraqta qalatug`in tamir mug`darina qaray olardi u`sh toparg`a bo`liwge boladi.

**Birinshi toparg`a** sobiqli ha`m masaqli ot-sho`pler. Bulardan ko`p jilliq sobiqli eginler (jon`ishqa, klever, donnik) atmosfera azotin topiraqqa toplaydi ha`m ko`p mug`darda o`simlik qaldiqlarin qaldiradi.

**Ekinshi toparg`a** bir jilliq da`nli ha`m sobiqli da`nli eginler kiredi. Bul eginlerden keyin topiraqta gektarina 1,5-3,0 tonna organikaliq zat qaladi.

**U`shinshi toparg`a** qatar arasi islenetug`in eginler kiredi. Bul eginlerden keyin topiraqta birinshi ha`m ekinshi topardag`ilarg`a qarag`anda az mug`darda organikaliq zatlar qaladi.

Qaraqalpaqstan diyxanshiliq ilim izertlew institutinda ko`p jillar dawaminda jon`ishqanin` topiraq o`nimdarlig`in arttiriwdag`i xizmetin aniqlaw maxsetinde o`tkerilgen ta`jiriybe na`tiyjeleri u`sh jil dawaminda

**2.Ha`r qiyli jastag`i jon`ishqanin` o`nimdarlig`i.**

| Jon`ishqa egilgen jillar | Topiraq mexanikaliq qurami | Tamir massasin toplaw (0-50sm) ts/ga | | | Toplan g`an azot (0-50sm) kg/ga | Toplang`an organikaliq zat (0-50sm) ts/ga |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 jil | 2jil | 3 jil | | |
| 1975-1977 | ortasha | 10-80 | 106-123 | 155-177 | 520 | 325 |
| 1985-1987 | ortasha | 43-47 | 103-120 | 118-129 | 422 | 400-420 |
| 1986-1988 | awir | 37-43 | 81-86 | 91-103 | 470 | 320-330 |

0-50 sm qatlamda gektarina 420-520 kg azot ha`m 320-420 tsentner organikaliq zat qaldiratug`inlig`in da`lilleydi (2-keste). Bul topiraq o`nimdarlig`in arttiriwda u`lken tiykar bolip esaplanadi.

Topiraqta qalg`an o`simlik qaldiqlari mikroorganizmler ha`m topiraq faunasi iskerligi menen idiraladi. Onin` barisi ha`m tezligine, birinshiden, sirtqi ortaliq: ig`alliq, temperatura, topiraq pH, kislorod ha`m aziq zatlar, ekinshiden, o`simlik qaldiqlarinin` ximiyaliq qurami ta`sir etedi.

Topiraqta da`slepki organikaliq zatlardin` basqa tu`rge o`tiwi bir neshe basqishtan turadi.

Birinshi basqishta ximiyaliq elementler menen shirip atirg`an o`simlik qaldiqlarinin` o`z-ara ta`siri ju`zege keledi. Bul ta`sirdi biologiyaliq ha`m mineral katalizatorlar menen tezlestiriwge boladi.

Ekinshi basqishta topiraq faunasi ta`sirinde o`simlik qaldiqlarinin` topiraqqa aralasiwina tayarliq boladi.

U`shinshi basqishta topiraqta payda bolg`an taza organikaliq zatlardin` mikroorganizmler ta`sirinde mineralizatsiyasi (idiraliwi) baslanadi. Birinshi gezekte suwda eriwshi organikaliq zatlardin`, sonday-aq kraxmal, pektin ha`m belokli zatlardin` keyinirek tsellyulozanin` minerallasiwi a`melge asadi.

Tiykarg`i organikaliq zatlardin` basqa tu`rge aylaniwinin` keyingi o`nimi bolip mineral zatlar ($CO_2$, $H_2O$, nitratlar, fosfatlar, anaerob jag`dayda $H_2S$ ha`m $CH_4$). Bunnan basqa topiraqta az molekulali kislotalar (qumirisqa, uksus ha`m shavel) toplanadi.

Topiraqta organikaliq zatlardin` mineralizatsiyalaniw qubilisi ekzotermikaliq qa`siyetike iye bolip, 1 g qurg`aq zattin` idiraliwinda 4-5 kaloriya energiya bo`linedi, bul keyin ala zat almasiwda ha`m topiraq energiyasinda qatnasadi. Tiykarg`i organikaliq zatlardin` biologiyaliq idiraliwinda onin` bir bo`legi joqari molekulali ayiriqsha topardi, yag`niy gumus zatina ta`n bolg`an, al qubilistin` o`zi **gumifikatsiya** dep ataladi.

Topiraqta gumusqa ta`n zatlardin` payda boliw mexanizmi bilayinsha: o`simlik qadiqlarinin` ha`mme komponentleri (idiraliw, mikroorganizmler metabolizmin ha`m resintez zatlari) gumusqa ta`n zatlardin` strukturaliq birligin quraydi; fenoldin` okisleniwi na`tiyjesinde strukturaliq birlik kondensatsiyalanadi, bunda aminokislota ha`m peptidlerdin` ta`siri boladi; polikondensatsiyalaniw (polimerizatsiya) – ximiyaliq qubilis-gumus zatlarinin` payda boliwinda juwmaqlawshi buwin esaplanadi.

Topiraqtag`i barliq quramali organikaliq zatlardi eki toparg`a bo`liwge boladi. Birinshisi, gumusqa ta`n bolmag`an birikpeler. Bul birikpeler topiraqtag`i uliwma shirindinin` 10-15% tin quraydi. Shirindi quramina o`simlik ha`m ja`nlikler qaldiqlari,beloklar, uglevodlar, maylar, spirtler, efirler, smola, organikaliq kislotalar kiredi.

Topiraqtag`i organikaliq zatlardin` tiykarg`i bo`legin (85-90%) gumusqa ta`n joqari molekulali birikpeler quraydi.

Gumusqa ta`n zatlar: gumin kislotalari, fulvokislotalar ha`m guminler.

**Gumin kislotalari** siltili eritpe ta`sirinde topiraqtan alinatug`in qaraltim ren`degi, joqari molekulali birikpe. Gumin kislotalari quraminda uglerod -52- 62%, vodorod-3,0-5,5%, kislorod-30-33%, azot-3-5% boladi.

**Fulvokislotalar**-quraminda azot saqlawshi karbon okisli organikaliq kislota. Onin` quraminda uglerod-43%, vodorod-5, kislorod-47, azot-2,5% boladi. Bunin` gumin kislotalardan parqi quraminda uglerod ha`m azot az boladi, al kislorod ko`p boladi.

**Guminler**- topiraq gumusinin` inertli bo`legi esaplanip, siltili eritpe ta`sirinde topiraqtan alinbaydi. Qurami boyinsha gumin kislotalarg`a jaqin boladi.

Topiraq organikaliq zatlari, ko`p mug`darda uglerod toplaydi ha`m ta`biyatta uglerodtin` turaqli aylanisin ta`miynleydi.

**Topiraq biotasi ha`m fitosanitariyaliq awhali**

Tiri organizmler- topiraqtin` sha`rtli komponentlerinen esaplanadi. Jaqsi ma`deniylesken topiraqlarda olardin` sani 1g topiraqta bir neshe milliard dana, uliwma salmag`i 1 gektarda 10 tonnag`a shekem boladi. Bulardin` ko`pshiligin o`simlik mikroorganizmleri quraydi (bakteriyalar, zamarriqlar, vodorosller, aktinomitsetler), ja`nliklerden tamir ayaqlilar, infuzoriyalar ha`m qurtlar. Bulardan basqa topiraqta mollyuskalar ha`m buwinayaqlar (o`rmekshi-ta`rizliler, ja`nlikler) ko`p tarqalg`an (5-su`wret).




**5-su`wret. Topiraq organikaliq zatlarinin` ortasha qurami.**
**Gumus quraminda**
1-erimeytug`in qaldiq (gumin); 2-spetsifikaliq emes zatlar;
3-fulvokislotalar; 4-gumin kislotalar.

Topiraq organizmlerinin` a`hmiyetli xizmeti topiraq su`rim qatlaminda bekkem danadar struktura payda etiwi. Bul topiraqtin` suw-hawa rejimin belgileydi, joqari o`nimdarliq ushin jag`day jaratiladi.

Olardin` ja`ne bir xizmeti topiraqta optimal aziq rejimin saqlaw, topiraq strukturasin jaqsilaw ha`m qolaysiz ekologiyaliq jag`daydi boldirmawdan ibarat.

Intensiv diyxanshiliqta ekologiyaliq jag`day paydali o`nimdarliqta sheshiwshi da`rejege iye boliwi mu`mkin.

Topiraq organizmlerinin` normal da`rejede xizmet etiwi ha`m o`mir su`riwi ushin energiya ha`m aziq kerek boladi. Energiya deregi bolip topiraqtagi organikaliq zatlar esaplanadi.

Topiraq organizmlerinin` universal ko`rsetkishi-bul olar ta`repinen uglerod qishqil gazdin` jutiliwi. Sonliqtan topiraqtan bo`linip shig`atug`in uglerod qishqil gaz mug`dari topiraqtin` biologiyaliq aktivligin aniqlaydi.

## Topiraq strukturasi

Topiraq o`nimdarlig`inin` a`hmiyetli ko`rsetkishi. Topiraq qatti fazasi bo`leksheleri bir biri menen birigip agregatlardi payda etedi. **Topiraq bo`lekshelerinin` birigip ha`r qiyli agregatlardi payda etiw qa`bileti-strukturalilig`i** dep ataladi.

Topiraq strukturasi o`zinin` formasi ha`m u`lkenligi boyinsha tu`rleri: ju`da` iri, domalaq, g`oza siyaqli, da`n siyaqli, tayaqsha tu`rde, prizma ha`m jalpaq, japiraq siyaqli ha`m gedir-budir. Diyxanshiliqta struktura agregatlarinin` klassifikatsiyalaniwi: **megastruktura**-bo`leksheler diametri 10mm den u`lken, **makrostruktura**-0,25 mm da 10 mm ge shekem, **mikrostruktura**-0,25 mm den kishi.

Agronomiyaliq jaqtan ayiriqsha bahali dep domalaq ha`m da`n siyaqli, diametri 0,25 mm den 3 mm ge shekem bolg`an bo`leksheler esaplanadi.

Topiraqta strukturali agregatlardin` payda boliwi to`mendegishe boladi: kolloidlar kaogulyatsiyasi (sho`giwi), kolloidlardin` elektrolitler ta`sirinde kaogulyatsiyalaniwi. Bul qubilis struktura payda boliwdin` uliwma fizika-mexanikaliq, fizika-ximiyaliq ha`m biologiyaliq faktorlari ta`sirinde boladi.

Ekstensiv diyxanshiliq jag`dayinda, egislik jerler bir neshe jillardan son` o`zinin` jaqsi strukturasin jog`altadi. Og`an sebepshi bolatug`in faktorlar to`mendegishe:

1. **Mexanikaliq**-awil xojaliq qurallari, texnikalar, samal ha`m jawinnin` ta`sirinde strukturanin` buziliwi.

2. **Fizika-ximiyaliq**-erkin ha`m almasiwshi kationlardin` almasiwshi reaktsiyasi na`tiyjesinde strukturanin` buziliwi. Ms: jawin suwindag`i $N^+$ ha`m $NH^+$ ionlari topiraq penen o`z-ara ta`sirinde kaltsiy ha`m magniy ionin qisip shig`aradi. Sonday-aq topiraq sin`diriwshi kompleksine mineral to`gin ionlari, tamir sistemasi o`nimleri ha`m basqada birikpeler ta`sir etedi. Na`tiyjede kaogulyatsiyaliq ku`shler, yag`niy topiraq bo`lekshelerin agregatlarg`a biriktiriwshi, a`zzileydi, agregatlar ayirim bo`leksheler awhalina o`tedi.

3. **Biologiyaliq**-topiraq mikroorganizmlerinin` buziwshi ha`reketi, yag`niy aziq ha`m energiya tiykari bolg`an organikaliq zatlardi mineralizatsiyalawi. Bul qubilistin` tezlesiwine topiraqti islew, ha`k ha`m mineral to`ginlerdi saliw sebepshi boladi.

Ha`zirgi diyxanshiliq sistemasinda topiraq strukturasin jaqsilaw ilajlari ko`riliwi kerek.

Topiraqtin` makro ha`m mikroagregatli boliwinda o`simlik tamirlari u`lken a`hmiyetke iye. Sebebi, olar topiraqtin` barliq jo`nelislerinde bolip, mayda bo`lekshelerdi bir-birine jabistirip, ha`r-tu`rli u`lkenliktegi agregatlardi payda qiladi.

Topiraq strukturasinin` a`hmiyetli agronomiyaliq qa`siyetlerinen biri, ol topiraqtin` fizikaliq, mexanikaliq qa`siyetlerin, suw, hawa, issiliq, aziq rejimlerinin` jaqsilaniwina ha`m mikrobilogiyaliq qubilislardin` rawajlaniwina jaqsi ta`sir etedi. Sonin` ushin da strukturali topiraqlarda strukturasiz topiraqlarg`a qarag`anda o`simlikler ushin jag`day jaqsi bolg`anliqtan eginlerden mol zu`ra`a`t jetistiriledi.

Strukturali topiraqlarda egin tuximlarinin` o`niwine, o`simlik tamirlarinin` jaqsi rawajlaniwi ha`m jerdi islew ushin qolay imkaniyatlar payda boladi. Strukturasiz topiraqlarda bolsa jawinnan ha`m suwg`ariwlardan keyin jer betinde qatqalaq payda boladi, tuximlardin` o`nip shig`iwi ha`m o`simlik tamirlarinin` rawajlaniwi ushin keri ta`sir etedi.

Strukturali topiraqlarda suw, hawa ha`m issiliq rejimi jaqsi bolg`anlig`i sebepli mikroorganizmlerdin` isshen`ligi ushin da paydali boladi.

## Su`rim qatlami teren`ligi ha`m du`zilisi.

O`simlik tamir sistemasi rawajlanatug`in qatlam, yag`niy topiraq su`rim qatlam teren`ligi, topiraq ko`lemi, intensiv diyxanshiliq sistemasinda topiraq-o`simlik baylanisinda o`simliklerdin` jerlik faktorlar menen ta`miynleniwinde baylanistiriwshi xizmet atqaradi.

Su`rim qatlaminin` teren`ligi topiraqtin` suw-hawa ha`m jilliliq rejimin jaqsilaydi. Teren` su`rim qatlami-topiraqtin` suw rejimin retlestiriwshi bolip suw kem ha`m ziyat bolg`anda ig`alliliq penen ta`miyinlewdi jaqsilaydi.

Topiraqti 20-22 sm teren`likke su`rgende agronomiyaliq bahali esaplang`an nitrifikator ha`m tsellyuloza buziwshi mikroorganizmler topari bolmaydi. Topiraqti islew teren`ligin 30-40 sm ge asirg`anda olardin` sani 1,5-2 ese artadi. Teren` su`rim qatlaminda nitrifikatsiyalawshi mikroorganizmler ha`m topiraq faunasi ko`p boladi. Jerge sayiz islew bergende aziq elementleri 2,5 esege shekem kemeyip ketedi.

Teren` su`rim qatlaminda bolatug`in qolayli jag`daylar o`simlik tamir sistemasinin` ku`shli rawajlaniwina, son`inan, o`nimge ta`sir etedi.

Topiraqtin` qatti fazasi ha`m ondag`i bosliqlar, **kapillyar** ha`m **kapillyar emes** bosliqlarina qarap su`rim qatlam du`zilisin belgileydi. Topiraq bosliqlarg`a agregatlari yag`niy u`lken qum ha`m mayda bo`leksheler arasindag`i bosliqlar kapillyar emes, topiraq agregatlari ishindegi ha`m mayda-mayda bo`leksheler bir-birine tiyip turg`andag`i tar araliqlar **kapillyar** bosliq delinedi. Kapillyar emes ha`m kapillyar bosliqlar jiyindisi topiraqtin` uliwma boslig`in quraydi. Qanday bosliqlar kapillyar, qaysilari kapillyar emes dep ataw bir qansha quramali. Ilimde ha`m o`ndiriste qollanip atirg`an mag`liwmatlar tiykarinda diametri 1-2 mm den kishilerin ***kapillyar***, onnan u`lkenlerin **kapillyar emes** bosliq dep ataladi.

Bosliqlardi kapillyar emes ha`m kapillyarlarg`a ajratiw topiraqtin` fizikaliq qa`siyetlerin aniqlawda u`lken a`hmiyetke iye.

Topiraq du`zilisi a`hmiyetli o`nimdarliq ko`rsetkishi esaplanadi. Sonin` ushin, topiraqtin` kapillyar emes kapillyar bosliqlar ko`lemine qarap onin` suw o`tkiziwshen`ligine, suw ko`teriwshen`ligine, ig`alliq siyimlig`ina, onin` puwlaniwina, hawa almasiwina ha`m mikroorganizmlerdin` iskerligine ta`sir etedi.

Kapillyar emes bosliqlar artsa ig`alliqtin` topiraqtin` u`stingi qatlamlarinan to`mengi qatlamlarina ha`reketi tezlesedi ha`m kerisinshe, yag`niy kapillyar bosliqlar mug`dari artip barsa ig`alliqtin` topiraqtin` to`mengi qatlamlarinan joqari qatlamg`a ko`teriliwi artadi.

Topiraqta kapillyar emes ha`m kapillyar bosliqlardin` boliwi ha`r qiyli a`hmiyetke iye, biraq diyxanshiliqta eki jag`daydin` da boliwi za`ru`r. Ma`selen, jawin jawg`anda, egin suwg`arilg`anda topiraqta kapillyar bosliqlar bolmasak suw to`mengi qatlamlarg`a o`tpeydi.

Kapillyar emes bosliqlar arqali suw puwlanadi ha`mde topiraqtin` hawa, issiliq rejimleri basqariladi.

Su`rim qatlam du`zilisin topiraqtin` strukturasin ha`m onin` jaylasiwin o`zgertiw usili menen basqariw mu`mkin.

Topiraq u`sh fazadan turadi: qatti, suyiq ha`m gaz. Qatti faza ha`r tu`rli mineral ha`m organikaliq zatlardan quraladi.

Topiraq du`zilisi o`zgeriwshen` boladi, yag`niy jerge islew berilgende hawa, suwg`arilg`anda suw fazasi o`zgeredi. O`siw da`wiri dawaminda topiraq fazalarinin` o`zgeriwi, onda ju`z beretug`in qubilislardin` o`simlik o`mirinde u`lken a`hmiyetke iye. Mineral qurami ha`m organikaliq zat mug`darina baylanisli topiraq tig`izliqqa iye boladi.

Topiraq tig`izlig`i yamasa ko`lem massasi a`hmiyetli esaplanadi. Ta`biyiy jag`daydag`i absolyut qurg`aq topiraq salmag`inin` sonday ko`lemdegi suw ($4^0$S temperaturada) salmag`ina qatnasi topiraqtin` **ko`lem massasi** dep ataladi ha`m g-sm$^3$ ta sipatlanadi.

Ma`deniy o`simlikler topiraq du`zilisine, yag`niy tig`izlig`ina ha`r tu`rli talaplar qoyadi. A`sirese, tamir miyweliler (kartoshka, geshir, piyaz, la`blebi, shalg`am, tu`rpi ta`rizli) eginler mexanikaliq qurami jen`il topiraqlarda jaqsi o`sedi, rawajlanadi ha`m joqari o`nim beredi.

Topiraq tig`izlig`i ko`p jilliq sobiqli, oq tamirli ha`m masaqli eginler o`siwinin` da`slepki fazalarinda keri ta`sir etedi. Keyin ala, a`sirese ekinshi jili tig`izliq ta`sirin arqayin jen`il normal o`se beredi. Su`rim qatlam tig`izlig`i qatlam o`simliktin` o`siwine, a`sirese tamir sistemasinin` to`menge ha`m qaptalg`a o`siwine tosqinliq qiladi.

Sorawlar

1. Topiraqtin` o`nimdarlilig`i ha`m onin` tu`rleri haqqinda ne bilesiz ?
2. Topiraqtin` ma`deniyliligi ha`m oni jaqsilaw usillari haqqinda aytip berin` ?
3. Topiraq gumusi, topiraq reaktsiyasi qanday a`hmiyetke iye ?
4. Topiraq strukturasinin` buziliw sebepleri ha`m oni qayta tiklew usillari neden ibarat ?

## 4-Lektsiya
## Topiraqtin` suw rejimi ha`m oni basqariw.

Reje:

1. O`simlikler o`mirinde suwdin` a`hmiyeti
2. Tuximnin` o`nip shig`iwi ushin talap etiletug`in suw mug`dari
3. Topiraqtag`i suwdin` formalari.
4. Topiraqtin` suw rejimin jaqsilaw ilajlari

A`debiyatlar 2, 3

Topiraqta ha`m o`simlikte bolatug`in ximiyaliq ha`m bioximiyaliq jag`daylar izg`ar halinda bolip o`tedi. O`simlik suw menen jeterli ta`miyinlengeninde onda o`siw, rawajlaniw ha`m barliq fiziologiyaliq jag`daylar normal jag`dayda bolip o`tedi. Ha`r qanday ma`deniy o`simlik tuximi o`nip shiqpastan aldin belgili mug`darda suw sin`diredi.

Tuximnin` o`nip shig`iwi ushin talap etiletug`in suw mug`dari
(tuxim awirlig`ina qarap %)

| Eginler | Talap etiletug`in suw | Eginler | Talap etiletug`in suw |
|---|---|---|---|
| g`awasha | 60,0 | gu`nji | 100,0 |
| Ma`kke | 44,0 | la`blebi | 120,3 |
| biyday | 45,5 | tari | 25,0 |
| arpa | 48,2 | gorox | 106,8 |
| ts, biyday | 57,5 | jon`ishqa | 56,3 |
| suli | 59,8 | qizil jon`ishqa | 117,3 |

O`simlikler qurami’nda 80-90% ke shekem suw boladi. O`siw da`wirinde o`simlikler bul suwdin` tiykarg`i bo`legin puwlandirip jiberedi. Izertlewlerge qarag`anda o`simlikler barliq vegetatsiya dawaminda o`zlestirilgen suwdin` tek 0,01-0,03% in o`z organiziminin` du`ziliwi ushin jumsaydi. O`simliklerdin` suwg`a bolg`an talabi olardin` rawajlaniw fazalarina qarap ha`r qiyli boladi. Ma`selen, gu`zgi biyday nay shig`ariw ha`m pashalaw da`wirinde, ma`kke gu`llew ha`m da`ni su`t shig`ariw fazasinda, kartoshka gu`llew ha`m hasil beriw da`wirinde, ayg`abag`ar gu`llew fazasinda, g`awasha gu`llew ha`m miywe beriw da`wirinde suwdi ko`p talap qiladi.

Suw o`simliktin` o`mirlik faktori esaplanadi. Suw tuximnin` o`niwi, o`siwi ha`m rawajlaniwi ushin ju`da` za`ru`r. O`simlik topiraqtag`i aziq zatlardi suwda erigen jag`dayda paydalanadi ha`m oni japiraqlari arqali puwlatip, aniq tirishilik temperaturasin ta`miyinleydi. Suw eginlerden o`nim aliw ha`m topiraq o`nimdarlig`inin` za`ru`r jag`dayi esaplanadi. Topiraqtag`i mikroorganizmler ha`m tiri ja`nlikler suwsiz o`mir keshire almaydi.

Suwdin` ma`deniy eginler ta`repinen sariplaniwi paydali, topiraq suw o`tkiziwshen`ligine qaray sin`iwi, oyliqqa qaray ag`iwi, jabayi o`simlikler paydalaniwi, topiraq ha`m suw betinen puwlaniwi ha`m basqalar onin` paydasiz sariplaniwi esaplanadi. Diyxanshiliqta suw rejimin basqariwda qollanilip atirg`an ilajlar topiraqtag`i suwdin` paydali sariplaniwin arttiriw, paydasiz sariplaniwin kemeyttiriwdi ta`miyinlewi kerek.

O`simliktin` tiykarg`i fiziologiyaliq funktsiyasinda (fotosintez) a`lbette suw qatnasadi. Suw jeterli bolg`anda g`ana o`simliktin` kletkalari toliq boladi ha`m ondag`i protsessler normal o`tedi.

Tuximnin` bo`rtiwinen baslap, o`nimnin` pisiwine shekem o`simlikke suw kerek. Ma`selen, tari tuximinin` o`nip shig`iwi ushin onin` salmag`inin` 25,6%, ma`kke ha`m ju`weri 44,0%, jon`ishqa 56,3%, shigit 60%, qant la`blebi 120,0% suw talap etedi.

Ol o`simliktin` rawajlaniwi ha`m zu`ra`a`t toplawin belgilewshi tiykarg`i faktor esaplanadi. O`simliktin` suwg`a bolg`an talabi onin` rawajlaniw fazalarina qaray ha`r qiyli boladi. Ma`selen, gu`zlik biyday en` ko`p ig`aldi buwazlaw fazasinan masaqlaw da`wirine shekem, ma`kke ha`m ju`weri – gu`llew ha`m da`nnin` su`t pisiw fazasina shekem, kartoshka – gu`llew ha`m tu`yneklew da`wirine shekem, g`awasha – gu`llew ha`m g`o`reklew da`wirinde talap etedi. Ko`p jilliq eginler bolsa suwg`a ja`nede talapshan`iraq boladi.

**O`simlik tamirlari ja`rdeminde topiraqtan suwdi alip, oni organizmleri arqali atmosferag`a puwlandirip turiwi transpiratsiya delinedi.** O`simliktin` qurg`aq zat birligi esabinan sariplang`an suw mug`dari **transpiratsiya koeffitsienti** delinedi. Geyde bul mug`dar qurg`aq zattin` suw ekvivalenti (bo`legi) dep te ataladi. Transpiratsiya koeffitsenti ju`da` o`zgeriwshen` bolip, onin` mug`dari hawa temperaturasi, hawanin` ig`allig`i, samal, topiraq ig`allig`i topiraq eritpesinin` kontsentratsiyasi, o`simlik tu`ri ha`m basqa jag`daylarg`a baylanisli boladi.

Hawa temperaturasi qanshelli joqari bolip ig`allig`i pa`s bolsa transpiratsiya koeffitsenti sonsha u`lken boladi. Tu`rli o`simliklerdin` transpiratsiya koeffitsienti 4-kestede berilgen.

**4. Eginlerdin` transpiratsiya koeffitsienti**

| Egin | Transpiratsiya koeffitsienit |
|---|---|
| G`awasha | 500-700 |
| Ma`kke | 250-400 |
| Aq ju`weri | 250-450 |
| Jon`ishqa | 450-1100 |
| Sali | 650-800 |
| Kartoshka | 350-650 |
| Biyday | 350-550 |

Transpiratsiya koeffitsienti o`simliktin` o`siw jag`dayina, jaqtiliq, topiraq ha`m hawa ig`allig`ina, topiraq o`nimdarlig`ina ha`m qollanilip atirg`an agrotexnikaliq ilajlarg`a qarap o`zgeredi.

G`awasha o`siw da`wirinde atizdag`i uliwma suwdin` shama menen u`shten eki bo`legin transpiratsiyag`a sariplaydi, qalg`ani bolsa jer betinen puwlanip ketedi. G`awasha o`siw da`wirinde ju`da` ko`p suw sariplaydi. Sonin` ushin haqiyqiy japiraq shig`arg`an da`wirinde bir sutkada gektarina 10-12 $m^3$, g`umshalawda 30-50 $m^3$, gu`llew ha`m g`o`reklew da`wirinde en` ko`p 80-120 $m^3$, g`o`rekler ashiliwi da`wirinde bolsa 30-40 $m^3$ suw sariplaydi. Uliwma g`awasha maydaninin` ha`r gektarinan o`siw da`wirinde 5000-8000 $m^3$ suw sariplanadi.

Topiraqta ig`alliqtin` keskin kemeyiwi mikroorganizmler xizmetine de jaman ta`sir etedi. ***Suw rejimi*** yag`niy o`simlikti kerekli waqitta ha`m mug`darda suw menen ta`miyinlep turiw, topiraqta jeterli ig`alliqti saqlaw suw rejimin basqarg`an esaplanadi. Bul o`simliktin` o`siwi, rawajlaniwi ha`m zu`ra`a`t toplawinda u`lken a`hmiyetke iye.

**Topiraqtin` suw qa`siyetleri**

**Topiraq quramindag`i suw tu`rleri**. Topiraqtag`i suw ha`r tu`rli ta`biyg`iy ku`shler ta`sirinde bolip, mexanikaliq qurami, shirindi mug`dari, qunarlig`i ha`m basqa qa`siyetlerine qaray o`zgerip turadi. Sonin` ushin ol ximiyaliq birikken suw, puw ta`rizli suw ha`m izey jag`dayinda boliwi mu`mkin.

**Ximiyaliq birikken suw**-topiraqtag`i gips – $CaSO_4$-$2H_2O$; ta`rizli ju`da` ko`p minerallar quraminda ushiraydi. Ol topiraqqa ju`da` u`lken ku`sh penen birikken bolg`anlig`i ushin oni o`simlikler o`zlestire almaydi.

**Gigroskopiyaliq suw-**topiraq bo`lekleri betine sin`dirilgen bolip onin` mug`dari topiraqtin` mexanikaliq, mineralogiyaliq quramina ha`m organikaliq zatlar mug`darina baylanisli.

Hawanin` salistirmali ig`allig`i qansha joqari bolsa, topiraqta gigroskopikaliq ig`alliqta sonsha joqari boladi. O`simlik tamiri osmotik basimi bir qansha kem bolg`anliqtan bul tu`rdegi suwdi o`zlestire almaydi.

**Perde ta`rizli suw** – topiraq bo`lekleri betine maksimal gigroskopiyaliq ig`allig`i sirtinan perde ta`rizli juqa qatlam orap alg`an boladi. Maksimal gigroskopiyaliq ig`alliqqa qarap onin` mug`dari 2-4 ma`rte artiq boladi. Perde suwdi o`simlikler o`zlestire almaydi.

**Kapillyar suw**- topiraq qatlamlarindag`i kapillyar bosliqlar arqali to`mengi qatlamnan joqarg`i qatlamg`a erkin ha`reket ete alatug`in suw. Kapillyar suwdin` qatlamlar arasinda joqarig`a ha`reket etiw tezligi ha`m ko`teriliw ba`lentligi topiraqtin` mexanikaliq qurami, qunarlig`i, tig`izlig`ina baylanisli tu`rlishe boladi ha`m o`simlikti suw menen ta`miynlewde tiykarg`i derek bolip esaplanadi.

Kapillyar bosliq (jol)lar arqali suwdin` to`mennen joqarig`a ko`teriliwine topiraqtin` ***kapillyarlig`i*** yaki ***suwdi ko`teriw qa`bileti*** delinedi.

Kapillyar suwdi o`simlikler ju`da` an`sat o`zlestire aladi. Ol o`simliktin` suwg`a bolg`an talabin pu`tin o`siw da`wiri dawaminda ta`miynleytug`in tiykarg`i derek bolip esaplanadi. Biraq kapillyar suwlardin` joqarig`a ko`teriliwi ha`mme waqit ta jaqsi na`tiyje bere bermeydi. Ma`selen, izey suwdin` jaylasiwi jerge jaqin, shor bolsa ol kapillyar suw menen qosilip topiraqtin` joqarg`i qatlamlarina ko`teriledi. Bunda suw puwlanip topiraq betine duz toplanip qaladi. Na`tiyjede topiraqtin` qayta shorlaniwina sebep boladi. Bunday jag`daylar Qaraqalpaqstan Respublikasinin` barliq rayonlarinda, Xorezm, Buxara, Nawayi ha`m Sirdarya oblastlarinda ha`r jili qaytalanadi. Sonin` ushinda bul jerlerde gu`z-qis aylarinda shor juwiw jumislari o`tkeriledi.

**Gravitatsiyaliq suw**. Bul suw topiraqta ko`plep jawin jawip yaki eginler u`lken normada suwg`arilg`annan keyin payda boladi, yag`niy topiraqtin` ha`mme bosliqlari suw menen toladi. Jawinnin` tiniwi yaki qariqlardan aqqan suwdin` toqtawi menen gravitatsiyaliq suw joqari qatlamlardan to`mengi qatlamlarg`a o`zinin` awirlig`ina baylanisli tez ha`reket qiliwi sebepli o`simlik uzaq waqit suwg`a bolg`an talabin qanaatlandira almaydi. Biraq gravitatsion suw o`simliktin` qisqa waqit suwg`a bolg`an talabin ta`miynley aladi.

**Topiraq ig`alliq siyimlig`i**. Topiraqtin` ma`lim mug`darda o`zine suwdi sin`diriwi ha`m uslap turiw qa`bileti onin` ***ig`alliq siyimlig`i*** dep ataladi. Topiraq o`zinde sin`dirip uslap turg`an suwdin` mug`darina qaray maksimal gigroskopiyaliq, kapillyar, atiz ha`m toliq ig`alliq siyimliqlarina bo`linedi.

Topiraq bo`lekleri molekulalarinin` tartiw ku`shi na`tiyjesinde onin` sirtinda uslanip qalg`an suw mug`darina onin` ***maksimal gigroskopiyaliq*** ig`alliq siyimlig`i dep ataladi.

Topiraqtin` kapillyar bosliqlarinda uslanip turilg`an suw mug`darina onin` ***kapillyar gigroskopiyaliq ig`alliq siyimlig`i*** dep ataladi. Bul ig`alliq siyimlig`inin` mug`dari o`zgermeli bolip, topiraq quramina, izey suw jaylasiwina baylanisli. Izey suw qansha jaqin jaylasqan bolsa kapillyar ig`alliq siyimlig`i mug`dari da sonsha joqari boladi.

Topiraqtin` kapillyar, kapillyar emes bosliqlari ha`m barliq bosliqlari suw menen toying`an halindag`i ig`allig`ina onin` ***toliq ig`alliq siyimlig`i*** yaki ***en` joqari ig`alliq siyi*mlig`i**** dep ataladi.

***Topiraqtin` suwdi joqari qatlamlarinan to`mengi qatlamlarina o`tkiziw qa`bileti onin` suw o`tkeriwshen`ligi dep ataladi. Belgili waqit ishinde topiraqtan o`tken suw mug`dari min/m$^3$ benen o`lshenip topiraqtin` suw o`tkeriwshen`lik tezligi delinedi.***

Topiraqtin` suw o`tkeriwshen`lik tezligi eginlerdi suw menen ta`miynlewde u`lken a`hmiyetke iye. Topiraqtin` suw o`tkeriwshen`ligi topiraq suw zapasinin` payda boliwina ha`m mikroorganizmler iskerligin basqariwda tiykarg`i orin tutadi.

Topiraq suw o`tkeriwshen`liginin` joqari boliwi da suwg`arilatug`in diyxanshiliq zonalarinda bir qansha keri ta`sir etiwge sebep boladi. Ma`selen, kanal ha`m suwg`ariw salmalarindag`i suwdin` bir bo`legi to`mengi qatlamlarg`a filtrlenip ketiwi yaki izey suw qa`ddin ko`terip eginlerdin` o`siwine ha`m rawajlaniwina keri ta`sir etedi.

**Topiraqtin` suwdi puwlatiw qa`siyeti**. Topiraqtag`i izg`arliqtin` belgili bo`legi onin` puwlatiw qa`siyetleri ushin sarplanadi. Puwlaniw mug`darina topiraqtin` ishki qa`siyetleri ha`m

sirtqi jag`daylar ta`sir etedi. Puwlaniw hawanin izg`arlig`i, temperaturasi ha`m samal tezligine qarap o`zgerip turadi.

Topiraqqa waqitinan burin yamasa kesh ha`m sapasiz islew berilse onnan ig`alliq ko`p puwlanip ketedi. Qaraqalpaqstan diyxanshiliq ilim izertlew instituti mag`liwmatlarina qarag`anda, jer suwg`arilg`annan keyin o`z waqtinda sapali islengende, waqtinda islemegenge qarag`anda ig`alliqti 15-30% kem puwlatatug`inlig`i aniqlang`an.

**Topiraqtin` suw rejimin jaqsilaw ilajlari.**

Diyxanshiliqta topiraqtin` suw rejimin jaqsilawda tiykarg`i waziypa suwdin` topiraqta toplaniwin maksimal da`rejede arttiriw ha`m onin` paydasiz sarplaniwi, yag`niy topiraq betinen puwlaniwi, to`mengi qatlamlarg`a infiltratsiyalaniwi, oypawit ha`m bos jerlerge ag`ip ketiwin ilaji barinsha kemeyttiriw za`ru`r.

O`simliktin` suwg`a bolg`an talabi tuxim ko`gergennen zu`ra`a`t jetilgenge shekem artip baradi, biraq topiraqtag`i suw mug`dari (zapasi) bolsa kerisinshe kemeyip baradi.

Qum topiraqlardin` suw o`tkeriwshen`ligi a`dette joqari boladi. Bunday topiraqlardin` suw rejimin jaqsilaw ushin organikaliq to`ginlerdi qollaniw menen topiraqtin` ig`allig`in asiriw za`ru`r.

Topiraqtin` suw rejimine tikkeley ta`sir etiwshi agrotexnikaliq ilajlarg`a almaslap egiw, atizlar boyinsha qollanilatug`in jerlerge islew beriw sistemasi ha`mde jabayi o`simliklerdi joq etiw ilajlari misal bola aladi.

Sorawlar

1. Tuximnin` o`sip shig`iwi ushin qansha suw talap etiledi ?
2. Topiraqtag`i suw tu`rleri ?
3. Suw rejimi degen ne ?
4. Suw rejimin jaqsilaw ilajlari ?

## 5-Lektsiya
## Topiraqtin` issiliq ha'm hawa rejimi ha`m oni basqariw usillari

Reje:

1. Topiraq ha`m atmosfera hawasi qurami
2. Topiraq hawasinin` a`hmiyeti
3. Hawa almasiwi
4. Hawa rejimin jaqsilaw
5. Issiliq rejimi, onin` a`hmiyeti
6. Issiliq qa`siyetleri
7. Issiliq rejimin basqariw

A`debiyatlar 1, 2, 3

**Topiraq ha`m atmosfera hawasinin` qurami.** Ha`r qanday topiraqta belgili mug`darda hawa boladi. Hawa topiraqtin` a`hmiyetli bo`leginin` qurami. Ol topiraqtin` ig`alsiz bolg`an geweklik ha`m bosliqlarin iyeleydi. Topiraqta ha`r qiyli bioximiyaliq protsessler na`tiyjesinde payda bolg`an gazlar ha`m atmosfera hawasi ushiraydi.

Jer sharinin` derlik ha`mme jerinde ten`iz qa`ddi menen ten`dey ba`lentlikte, ig`alliq ha`m shan`nan taza bolg`an atmosfera hawasinin` qurami bir qiyli.

Topiraqtin` gaz ta`rizli bo`legindegi hawa o`simlik o`miri ushin za`ru`r faktorlardan bolip, o`simlik tamirlar dem aliwinda ha`m topiraqtag`i ha`r tu`rli mikroorganizmler ha`m ja`nliklerdi kislorod penen ta`miynlewde tiykarg`i derek bolip esaplanadi. O`simliktin` normal o`siwi, rawajlaniwi ushin topiraqta jeterli mug`darda hawa boliwi sha`rt.

Topiraq hawasindag`i kislorod topiraq quramindag`i ha`r tu`rli mineral ha`m organikaliq zatlardi oksidleydi. Na`tiyjede oksidlengen bazi bir elementler eriytug`in tu`rge o`tse, ayirimlari bolsa kerisinshe, hawa jeterli bolmag`an topiraqta o`simlik tirishiligi ushin ziyanli bolg`an ha`r tu`rli ximiyaliq birikpeler payda etedi. Topiraq o`nimdarlig`inda suw qanday a`hmiyetli bolsa topiraq hawasi da a`hmiyetli esaplanadi.

Topiraq hawa rejimin u`yreniw ayirim agronomiyaliq ma`selelerdi sheshiwde, o`simliklerdin` normal o`siwi ha`m rawajlaniwin basqariwda, joqari o`nim jetistiriwde u`lken a`hmiyetke iye (5-keste).

**5. Topiraq ha`m atmosfera hawasinin` qurami.**

| | N | O | $CO_2$ |
|---|---|---|---|
| Atmosfera hawasi | 78,09 | 20,95 | 0,03 |
| Topiraq hawasi | 78,80 | 5-20 | 0,1-15,0 |

O`simlikte dem aliwg`a qarag`anda fotosintez qubilis bir neshe ma`rte jedelirek o`tedi. Sonin` ushin da o`simlikte organikaliq zatlar toplanadi. Ha`r bir gektar jerdegi o`simlik fotosintez na`tiyjesinde jilina ortasha 1200 kg uglerodti birikpelerge aylandiradi. Bunin` 5% i dem aliwg`a sariplanadi.

**Topiraq hawasinin` a`hmiyeti.** Eginlerdin` tuximinin` o`niwi, o`simlik tamirinin` dem aliwi ha`m mikroorganizmlerdin` rawajlaniwi ushin topiraq hawasindag`i kislorod za`ru`r.

O`simlik tuximi egilgennen baslap, o`siw da`wiri dawaminda topiraq kislorodina talapshan`, biraq ayirim waqitta ig`al topiraqta kislorod jetispese tuxim ko`geriwi yamasa ko`gerip shiqqan na`lsheler shirip qaliwi mu`mkin. Topiraq hawasi quraminda kislorod jetispewshiliginen sobiqlilar ayg`abag`ar, kartoshka, qant la`blebi eginleri quwrap qaladi.

O`simlik gu`llew da`wirinde kislorodti ko`p talap etedi. Bul waqqitta jon`ishqa, biyday, kartoshka, gorox, la`blebi ha`m basqa egislikler topirag`inda en` ko`p mug`darda karbonat angidrid gazi toplanadi. Gaz almasiwinda topiraqtan ajiralip shiqqan karbonat angidrid jer betindegi atmosfera hawasina qosiladi ha`m o`simlikler paydalanadi.

G`awasha atizindag`i atmosfera hawasinda karbonat angidrid mug`dari o`zgerip turadi. Ku`ndizgi fotosintez qubilis aktivleskende $CO_2$ mug`dari kemeyedi, keshke taman fotosintez qubilis pa`seygende onin mug`dari artadi.

Azotobakterlerdin` azot toplawi topiraqqa kislorod erkin kirip turg`anda g`ana a`melge asadi. Kislorod mikorizalar ushin da za`ru`r.

Topiraq hawasinin` mug`dari onin` uliwma boslig`inin` suw menen tolg`anliq da`rejesine baylanisli.

***Topiraqtin` o`zinen hawani o`tkeriw qa`bileti onin` hawa o`tkeriwshen`ligi delinedi.*** Topiraqtin` hawa o`tkeriwshen`ligi onin` mexanikaliq quramina ha`m qunarlig`ina baylanisli.

Topiraqqa islew beriw onin` hawa rejimine u`lken ta`sir etedi. Mexanikaliq ta`sir su`rim qatlaminin` uliwma boslig`in ha`m ondag`i araliqlardin` ko`lemin arttiradi. Islew berilmegen jerge qarag`anda islengen jerde o`simliktin` o`siw da`wiri dawaminda topiraqtin` uliwma boslig`i joqari boladi. Biraq bul ko`rsetkish o`siw da`wirinin` aqirinda kemeyip baradi. Sebebi o`simliklerge ta`rbiya beriw menen baylanisli bolg`an agrotexnikaliq ilajlar sebepli «otiradi», yag`niy tig`izlanip baradi.

**Topiraq ha`m atmosfera hawasinin` almasip turiwi**. Topiraq ha`m atmosfera (jer u`sti) hawasi ha`r dayim almasip turadi. Bul bir qansha faktorlarg`a, yag`niy gazlerdin` diffuziyasina, atmosfera basimina, temperatura, samal, topiraq izg`arlig`i ha`m basqalarg`a baylanisli. Gaz almasiwi na`tiyjesinde topiraq hawasinda karbonat angidrid mug`dari kemeyedi, kislorod artadi.

Hawa almasiwi o`simlik jer u`stingi bo`leginin` rawajlaniwi ushin u`lken a`hmiyetke iye. Osimlik organikaliq massasinin` ko`pshilik bo`legi hawadag`i karbonat angidrid gazin assimilyatsiyalaw esabinan payda boladi. Biraq o`simliktin` jedel rawajlaniwi ushin hawada $CO_2$ mug`dari ko`binese jeterli bolmaydi. Atmosfera hawasinda karbonat angidrid gazi kontsentratsiyasinin` artiwi o`simlik o`niminin` artiwin ta`miynleydi.

Ha`r qanday topiraqta karbonat angidrid gazi hawadag`ig`a qarag`anda ko`p boladi. Sonin` ushin o`simliklerdin` $CO_2$ gazi menen aziqlaniwinda tiykarg`i derek esaplanadi. Sonliqtan, gaz almasiwi qanshelli jaqsi rawajlandirilsa jer u`sti atmosfera hawasi sonshelli $CO_2$ menen toyinadi, na`tiyjede o`simliklerdin` o`siwi, rawajlaniwi ha`m joqari o`nim jetistiriwi ushin qolayli jag`day jaratiladi.

Topiraqqa mexanikaliq ta`sir etiw na`tiyjesinde o`simlik o`siwi, rawajlaniwi ushin qolayli boliwi menen birge topiraq ha`m atmosfera hawasinin` almasip turiwina jag`day jaratiladi.

**Topiraqtin` hawa rejimin jaqsilaw ilajlari.**

Bunin` ushin o`ndiris jag`dayinda jerge mexanikaliq islew beriwdin` ha`r tu`rli usillarin, yag`niy teren` ha`m sapali shu`digarlaw, tirmalaw, kultivatsiyalaw ha`m basqalardan ken` paydalaniladi.

Jerdi teren` ha`m sapali shu`digarlaw topiraqtin` su`rim qatlami du`zilisin tupten o`zgertedi. Onin` uliwma ha`m kapillyar emes boslig`i artip, kapillyar boslig`i kemeyedi.

O`siw da`wirinde topiraqtin` hawa rejimin jaqsilaw ushin payda bolg`an qatqalaqti jumsartiw, egin egilgen bolsa qatar aralarina waqti-waqti menen islew beriw kerek. Eginler suwg`arilg`annan keyin kultivatsiya islew lazim. Sebebi, bunda onin` qa`siyetleri jaqsilanip, ig`alliqti ko`birek saqlawg`a, hawa, aziq ha`m suw rejimlerinin` jaqsilaniwina tiykar jaratiladi. Na`tiyjede paydali mikroorganizmlerdin` o`siwi jedellesedi.

Topiraq hawa rejimin jaqsilawda eginlerdi tuwri almaslap egiw u`lken a`hmiyetke iye. Organikaliq zatlar menen jerdi bayitiw, waqti-waqti menen atizlarg`a qatar aralari islenetugin eginlerdi ko`p jilliq, bir jilliq sobiqli eginler menen almastirip turiw ha`m araliq sobiqli eginlerdi egip, olardan ko`k to`gin (siderat) sipatinda paydalaniw hawa rejimin jaqsilawda tiykarg`i faktorlardan esaplanadi.

Topiraq aeratsiyasin jaqsilaw ilajlari kompleksinde jerlerge jeterli mug`darda jergilikli to`ginler saliw, onda gaz almasiwin tezletiwshi kapillyar emes bosliqti jaratiw, sonday-aq shorlang`an jerlerde meliorativlik ilajlardin` ha`r tu`rli usilarin qollaniw kerek.

**Topiraqtin` issiliq rejimi ha`m oni basqariw**.

Topiraq - issiliq rejiminin` tiykarg`i ko`rsetkishi. Sonin` ushin issiliq rejimi ko`binese topiraq temperaturasi dep te ataladi. O`simliktin` tuximnan o`nip shig`iwi, normal o`sip rawajlaniwi ha`m topiraqtag`i mikroorganizmlerdin` tirishiligi topiraqtag`i issiliqqa baylanisli.

Tuximlar aniq temperaturada o`nedi, eger temperatura aniq, yag`niy o`nip shig`iwi ushin jeterli bolsa ***minimal***, o`simliktin` o`siwi ha`m rawajlaniwi ushin ju`da` qolay bolsa ***optimal,*** eger onnan artiq bolsa ***maksimal temperatura*** delinedi. Maksimal temperatura o`simliktin` normal o`siwi ha`m rawajlaniwina keri ta`sir etedi.

Ha`r bir o`simlik tuximinin` ko`gerip shig`iwi ushin za`ru`r ***issiliq mug`dari effektiv*** (minimal issiliq penen ortasha sutkaliq temperaturasi ortasindag`i pariq) ***temperatura delinedi***. Ha`r qiyli o`simliktin` tuximinin` ko`geriwi, o`siwi ha`m rawajlaniwi ushin minimal temperaturag`a mu`na`sibeti ha`r qiyli boladi. G`awasha, suli, ma`kke ha`m ju`weri ta`rizliler joqari temperaturada normal o`sip rawajlansa, ayirimlari, jon`ishqa, jazliq biyday eginleri to`menirek temperaturani talap etedi. Gu`zlik biyday qisti jen`il o`tkizedi, ba`ha`rgi eginler bolsa qistin` to`men temperaturasinda o`lip qaladi.

**6. Tuximlardin` o`nip shig`iwi, o`simliktin` o`siwi ha`m rawajlaniwi ushin talap etiletug`in issiliq, $C^0$**

| O`simlikler | Minimal | Optimal | Maksimal |
|---|---|---|---|
| Jon`ishqa | 0-1 | 28-30 | 35-37 |
| Arpa, biyday, suli | 1-4 | 22-26 | 28-32 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Gorox mahsar | 3-4 | 25-30 | 32-34 |
| Ayg`abag`ar, kartoshka | 6-10 | 26-30 | 34-36 |
| Ma`kke, tari, suwdan sho`bi, soya | 6-8 | 31-34 | 40-46 |
| Lobiya, aq ju`weri | 10-12 | 32-36 | 44-46 |
| G`awasha, sali, qabaq | 10-14 | 32-35 | 40-44 |
| Qawin, g`arbiz, qiyar | 10-14 | 31-36 | 40-44 |

Barliq o`simlikler issiliqqa bolg`an talabina qaray eki gruppag`a bo`linedi, yag`niy turaqli klimat poyasinda o`setug`in o`simlikler ha`m tu`slik ken`liklerdegi issiliq su`yiwshi o`simlikler. Birinshi gruppag`a arpa, suli, biyday, gorox, jon`ishqa ha`m basqalar kiredi. Olardin` tamiri ortasha temperaturasi 1-5$^0$C bolg`anda o`sip shig`adi, 10-12$^0$C da gu`lleydi ha`m pisedi. Bul o`simlikler suwiqqa shidamli boladi, olardin` maysalari 5-10$^0$C suwiqtada o`mir aktivligin dawam ettiredi.

Sonin` ushin bul o`simlikler erte ba`ha`rde-fevraldin` aqiri ha`m marttin` baslarinda egiledi. Gu`zgi eginler suwiqqa ja`ne shidamliraq. Jon`ishqa-40$^0$C qar astinda, qar bolmag`anda bolsa -30$^0$C suwiqqa shidaydi.

Issiliq su`yiwshi o`simlikler (g`awasha, ma`kke, aq ju`weri, sali, qawin, g`arbiz ha`m basqalar) tuximlarinin` o`niwi ushin 10-14$^0$C temperatura kerek.

G`awashanin` shigiti 10-12$^0$C temperaturada o`nse, na`li 14$^0$ da jer betine shig`adi. Onin` normal o`siwi ha`m rawajlaniwi ushin temperatura 25-30$^0$C tan kem bolmawi sha`rt.

Hawa ha`m topiraq temperaturasi o`simliktin` ha`mme rawajlaniw fazalarinin` o`tiwine u`lken ta`sir etedi.

Temperaturanin` a`ste-aqirin pa`seyip bariwi da u`lken a`hmiyetke iye. Gu`zde hawa birden suwitip ketse, qislawg`a tayarlanip u`lgermegen o`simlikler qatti ziyanlanadi. Eger hawa a`ste-aqirin suwitsa, o`simliktin` suwiqqa shidamlilig`i artadi.

O`simlik ushin minimal ha`m maksimal temperaturadan tisqari olardin` vegetatsiya da`wirinde alatug`in temperaturalar jiyindisi da a`hmiyetli rol oynaydi. Eger temperatura jiyindisi jeterli bolmasa, o`simliklerdin` miywesi gu`zgi suwiq tu`skenge deyin pisip u`lgermeydi.

O`simliktin` issiliqqa bolg`an talabin biliw olardi tuwri rayonlastiriw, atizlarda bolsa tuwri (quyashqa qarap) jaylastiriw imkanyaitin beredi.

Mikroorganizmlerdin` tirishiliginde minimal, optimal ha`m maksimal temperaturalar bar. Ko`pshilik mikroorganizmler 10-40$^0$C temperaturada jaqsi rawajlansa, ayirim mikroorganizmler ushin 12-30$^0$C topiraq temperaturasi optimal esaplanadi.

Termofil bakteriyalardin` rawajlaniwi ushin en` joqari temperatura shegarasi 65-70$^0$ esaplanadi.

Mikroorganizmler ushin issiliq jag`dayi qolayli bolsa organikaliq zatlardin` idirawi ha`m o`simlik o`zlestire alatug`in aziq zatlardin` payda boliwi tezlesedi.

Topiraqta aziq zatlardin` toplaniwinda issiliq rejimi u`lken a`hmiyetke iye. Temperaturanin` optimal da`rejege ko`teriliwi azot toplawshi bakteriyalar sanin arttirip qalmay, ba`lkim olardin` aktivligin asiradi, bul o`z na`wbetinde topiraqta azot mug`darinin` ko`beyiwin ta`miyinleydi. Azottin` jiynaliwi 5$^0$C da -16,7%, 10$^0$C da -23,8%, 20$^0$C -81,5%, 30$^0$C da -100% ha`m 40$^0$C da bolsa 74,6% boladi.

Ammonifikatorlar ushin optimal temperatura 40-50$^0$C, nitrifikatorlar ushin bolsa 20-30$^0$C esaplanadi.

**Topiraqtin` issiliq qa`siyetleri**. Topiraqtin` issiliq siyimlig`i, issiliq o`tkeriwshen`ligi, issiliqti sin`iriwi, issiliqti tarqatiw ha`m qaytariwi onin` ***issiliq qa`siyetleri*** dep ataladi. Quyash radiatsiyasi topiraqtag`i issiliqtin` tiykarg`i deregi esaplanadi. Tu`sip turg`an ha`m tarqalip atirg`an quyashtin` energiyasi atmosferanin` xarakteri, yag`niy hawa-rayi jag`dayi, geografiyaliq aymaq, orinnin` relefi ha`m basqalarg`a baylanisli ha`r qiyli boliwi mu`mkin. Quyash nuri energiyasinin` bir bo`legi atmosferag`a tarqaladi, jer betine jetip kelgen ha`m topiraqqa sin`dirilgen nur energiyasi topiraqta issiliq deregine aylanadi. Topiraq quyash nurin qisqa tolqin

(0,001 mm den kishi) sipatinda sin`diredi. Quyash energiyasinan tu`sken issiliq orta esapta minutina 1,946 kal. $sm^2$ ti payda etedi. Biraq tikkeley topiraq betine tu`sken quyash nuri energiyasi bul mug`dardan 2-4 ma`rte kem boladi, sonday-aq onin` bir bo`legi atmosferag`a tarqalip ketedi.

Tu`sip turg`an quyash nuri energiyasinin` bir bo`legi jer betinen qaytadi. Jer betine kelip turg`an quyash nuri energiyasinin` onnan qaytqan nur energiyasi jiyindisina qatnasi ***albedo ko`rsetkishi delinedi*** ha`m ol protsent esabinda ko`rsetiledi. Albedoni topiraqtin` sirtqi ***qaytariw qa`siyeti*** dep ha`m ataw mu`mkin.

Albedo mug`dari topiraqtin` tu`si, jer betinin` tegisligine, qunarlig`ina, ig`allig`ina, qatti yamasa jumsaqlig`ina ha`m o`simlik tu`rine baylanisli (7-keste).

**7. Topiraq, qar, suw betleri ha`m o`simlikler albedosi, %**

| Ha`r qiyli ju`zeler | Albedo | O`simlikler | Albedo |
|---|---|---|---|
| Qara ig`al topiraq | 8-9 | G`awasha atizi | 20-22 |
| Qara qurg`aq topiraq | 14 | Sali atizi | 12 |
| Boz izg`ar topiraq | 10-12 | Jon`ishqa atizi | 20-26 |
| Boz qurg`aq topiraq | 29-31 | Jazliq biyday | 10-25 |
| Qar beti | 70-80 | | |
| Suw beti | 10 | | |

Topiraqtin` kelip shig`iwi ha`m quramina qaray issiliq qa`siyeti tu`rlishe boladi, bazi bir topiraqlar issiliqti jaqsi sin`diredi ha`m jiynaydi, ayirimlari kerisinshe. Sonin` ushin o`ndiriste mexanik qurami awir topiraqlardi ***suwiq***, mexanikaliq qurami jen`il topiraqlardi ***issi topiraqlar*** dep ataladi. Ba`ha`rde jerdi egiwge tayarlag`anda, egiw mu`ddetlerin belgilewde topiraqtin` bul qa`siyetlerin esapqa aliw kerek.

Topiraq awirliq ha`m ko`lem issiliq siyimlig`ina iye. Bir gramm topiraqti $1^0$C qizdiriw ushin sariplang`an issiliqti awirliq ***issiliq siyimlig`i***, 1 $sm^3$ topiraqti $1^0$C qizdiriw ushin sariplang`an issiliq ***topiraqtin` ko`lem issiliq siyimlig`i dep ataladi***.

Suw en` joqari /1,0/, qum bolsa en` kem /0,19/ awirliq issiliq siyimlig`ina iye.

Topiraqtin` issi qatlamlarinan suwiq qatlamlarina issiliq o`tkeriw qa`bileti onin` ***issiliq o`tkeriwshen`ligi dep ataladi***.

Jerdin` to`mengi qatlamlarina issiliqtin` bariwi topiraqtin` issiliqti o`tkeriw qa`biletine baylanisli. Topiraqtin` issiliq o`tkeriwshen`lik qa`bileti onin` mineralogiya, mexanikaliq qurami, ig`allig`i, organikaliq zat mug`dari, topiraq qunarlig`i ha`m onin` qatti yamasa jumsaqlig`ina baylanisli. Topiraqta bosliq ko`p bolsa onin` issiliq o`tkeriwshen`ligi kemeyedi.

Mexanikaliq qurami jen`il (qumli), jumsaq, qurg`aq topiraqlar ba`ha`r ha`m jaz ma`wsimlerinde issi boladi, biraq gu`zde mexanikaliq qurami awir topiraqqa qarag`anda suwiq boladi. Bul topiraqlardin` u`stin`gi (20-25 sm) qatlamda pariq $1\text{-}5^0$ ti quraydi.

**Topiraqtin` issiliq rejimin jaqsilaw ilajlari**. Issiliq rejimin basqariw topiraq o`nimdarlig`in saqlawda ha`m eginlerden mol o`nim jetistiriwde a`hmiyetli ilajlardan biri esaplanadi. Sonin` ushin da awil xojalig`inda ha`r bir zonanin` topiraq-klimat jag`dayina qaray issiliq rejimin basqariw u`lken a`hmiyetke iye.

Tu`rli o`simlikler tuximlarin o`nip shig`iwi o`simliklerdin` o`siwi ha`m rawajlaniwi ushin ha`r qiyli mug`darda issiliq talap etedi.

Topiraqtag`i paydali mikroorganizmlerdin` jasawi ushin $25\text{-}40^0$ temperatura optimal esaplanadi. Demek, topiraqtin` issiliq rejimi o`zine ta`n agronomiyaliq a`hmiyetke iye. Sonin` ushin da topiraqtin` issiliq rejimin tek g`ana o`siw da`wiri dawaminda basqariwg`a itibar bermesten ba`lkim jil dawaminda jaqsilawg`a erisiw za`ru`r.

Jerge qollanilip atirg`an organikaliq to`ginler topiraqtin` issiliq rejimin jaqsilaydi, sebebi 1 tonna to`ginnin` shiriwi na`tiyjesinde 3-4 mln kaloriya issiliq ajiralip shig`adi.

Topiraqtin` issiliq rejimine jerge mexanikaliq islew beriw u`lken ta`sir etedi. Jerdi turaqli suwiq tu`spesten aldin teren` ha`m sapali shu`digarlaw, onin` issiliq rejimin jaqsilawda na`tiyjeli ilajlardan biri esaplanadi.

### Sorawlar

1. Topiraq ha`m atomosfera hawasi qurami ?
2. O`simlik ushin hawanin` a`hmiyeti ?
3. Hawa almasiw degen ne ?
4. Hawa rejimin jaqsilaw ?
5. O`simlikke issiliq ne ushin kerek ?
6. Topiraqtin` issiliq qa`siyetleri ?
7. Issiliq rejimin basqariw degen ne ?

## 6-Lektsiya
## Topiraqtin` aziq rejimi ha`m oni basqariw

Reje:

1. Aziq rejimi haqqinda tu`sinik
2. Makro ha`m mikroelementler
3. Aziqlaniw tu`rleri
4. Aziq elementleri dinamiksi
5. Aziq rejimin jaqsilaw jollari

A`debiyatlar 1, 2, 3

Eginlerden joqari ha`m sapali o`nim aliwda topiraqtin` aziq rejimi, oni basqariw ha`m u`yreniw u`lken a`xmiyetke iye.

O`simliklerdin` aziq zatlarg`a talapshan`lig`i onin` tu`ri, sorti ha`m topiraq o`nimdarlig`i menen baylanisli boladi. O`simliklerdin` aziqqa bolg`an talabin qanaatlandiriw, diyxanshiliqtin` tiykarg`i ma`selelerinen biri esaplanadi.

O`simlik penen sirtqi ortaliqtin` zat almasiwinda tamirdan aziqlaniw a`hmiyetli esaplanadi. Bul protsesste o`simlik tamirlari arqali topiraqtan ha`r qiyli aziq zatlardi suw menen o`zlestiredi. Bul zatlar, fizikaliq ha`m ximiyaliq nizamlar tiykarinda qatar quramali o`zgerislerden son` o`simlik organlari ha`m tuqimlarinin` payda boliwinda, olardin` u`zliksiz jan`alanip turiwina sarplanadi.

***Aziqlandiriw*** - ha`r qanday tiri organizmnin`, sonnan o`simliklerdin` de o`siw ha`m rawajlaniw tiykari. O`simlikler qanshelli normal aziqlansa, sonshelli jaqsi o`sedi ha`m rawajlanadi.

Azot, fosfor, kaliy, kaltsiy, magniy, temir siyaqli elementler o`simlik quraminda az mug`darda (0,01% ten ziyat) boladi, olar ***makroelementler*** dep ataladi.

O`simlik quraminda ju`da` az mug`darda (0,01 den 0,001%) bor, mis, tsink, kobalt, molibden ha`m basqalar ushiraydi. Olardi ***mikroelementler*** dep, olardan da kem ushiraytug`in strontsiy, tseziy, rubidiy siyaqli bolsa ***ultramikroelementler*** dep ataladi. O`simlik quraminda 70 ten artiq ximiyaliq element barlig`i aniqlang`an. O`simliktin` uliwma massasinin` shama menen 45% ti uglerod, 42% ti kislorod, 8% ti vodorod, 5% ti ku`l elementler ha`m basqalarg`a tuwra keliwi aniqlang`an.

O`siw da`wiri dawaminda o`simlik o`zlestirilgen ayirim elementler tikkeley onin` organlari ha`m tuqimlari quramina kirmeydi, biraq olardin` du`zilisinde a`hmiyetli rol oynaydi. Bunday elementler ***katalizatorlar*** delinedi. Olar o`simliklerde zat almasiwin tezlestiredi, tuqimlarda

za`ru`r fizikaliq yamasa ximiyaliq qa`siyetlerdi aniqlaydi ha`m olarda zatlardin` ha`reketleniwin ta`miyinleydi.

Eginler o`nimi artip bariwi menen topiraqtan sariplanatug`in aziq zatlardin` mug`dari da artip baradi (8-keste).

**8. Bir tonna o`nim jetistiriwde topiraqtan alinatug`in mineral to`ginler, kg**

| Eginler | Azot | Fosfor | Kaliy |
|---|---|---|---|
| G`awasha | 56 | 23 | 53 |
| Gu`zlik biyday | 37 | 13 | 23 |
| Arpa | 29 | 11 | 20 |
| Jazliq biyday | 47 | 12 | 18 |
| Ma`kke (da`n ushin) | 34 | 12 | 37 |
| Sali | 21 | 8 | 26 |
| Kartoshka | 6,2 | 2,0 | 8 |
| Ayg`abag`ar | 50 | 27 | 22,8 |
| Paliz eginleri | 5,5 | 1,6 | 5 |
| Tamir miyweliler | 2,7 | 0,9 | 4,8 |

G`awashadan alinatug`in o`nim artqan sayin topiraqtan sariplanatug`in azot ha`m fosfor mug`dari artip baradi (9-keste).

Topiraqta aziq elementlerdin` uliwma mug`dari qanshelli ko`p bolmasin, o`ndiris jag`dayinda o`simliklerdin` aziq zatlarina bolg`an talabi jeterli da`rejede qandirilmasa o`nim keskin kemeyip ketedi.

**9. G`awasha o`niminin` (ts/ga) artiwi menen topiraqtan sarplanatug`in azot ha`m fosfor mug`dari, kg/ga.**

| G`awasha zu`ra`a`ti, ts/ga | Azot | Fosfor |
|---|---|---|
| 14,0 | 45,6 | 14,3 |
| 30,0 | 133,7 | 43,5 |
| 35,0 | 177,5 | 52,9 |
| 40,0 | 182,6 | 55,4 |

O`simliklerdin` tamiri arqali aziqlaniwi tek g`ana qollanilip atirg`an to`ginlerge baylanisli bolip qalmay, ba`lkim topiraq quramina, mikroorganizmlerdin` jedelligine, organikaliq zatlardin` shiriwine ha`m topiraqtin` suw, hawa ha`m issiliq rejimlerin jaqsilawdi ta`miyinlewshi agrotexnikaliq ilajlardin` qollaniliwina da baylanisli.

O`simlikler u`sh tu`rli, yag`niy ***aftotrof*, *mikrotrof*** *ha`m* ***bakteriotrof*** usilda aziqlanadi. ***Avtotrof*** aziqlaniwda o`simlik topiraqtan suwda eriytug`in oksidlengen mineral duzlardi o`zlestiredi. Aziqlandiriwdin` bul tu`ri tiykarg`i esaplanip, ko`pshilik eginler usi aziqlaniw usilina misal bola aladi.

O`simliklerdin` ***mikrotrof*** aziqlaniwi mikorizalar ja`rdeminde a`melge asadi. Mikorizalar o`simliktin` aziqlaniwina ja`rdemlesip, onin` o`mirine keri ta`sir etpeydi. Olar topiraqtag`i ziyanli mikroorganizmlerdin` antagonisti – dushpani boladi.

Ayirim eginlerge mikorizalar hawadag`i erkin azotti o`zlestirip (baylanistirip) o`simlikti azot penen ta`miyinleydi. Avtotrof aziqlanatug`in ayirim o`simlikler fakultativ, mikrotrof o`simliklerge de misal boladi, yag`niy tikkeley o`zi ha`m mikroorgaizmler ja`rdeminde aziqlaniwi mu`mkin. O`simliklerdin` bakteriyalar ja`rdeminde aziqlaniwi ***bakteriotrof*** aziqlaniw delinedi.

Aziqlaniwda sobiqli o`simlikler ha`m tu`ynekshe bakteriyalar arasinda qatnasliq ha`m o`z-ara baylanisliq barlig`i aniqlang`an.

O`simlik ha`m bakteriyalar arasinda aziq zatlardin` o`z-ara almasiwi tu`ynekshe ha`m tamirlardin` bir-birine bekkem baylawshi tamir tu`ksheler orami arqali a`melge asadi. Sobiqli o`simliklerdin` tamirlari bir-birinen ximiyaliq qurami ha`m basqa qa`siyetleri arqali pariq qilip ha`r qiyli tu`ynekshelerge iye.

**Aziq elementlerinin` dinamikasi.**

**Azot** topiraqtag`i en` ha`reketshen` ha`m o`simliklerdin` a`hmiyetli aziq elementlerinen biri. Osimlik tamirlari topiraqtag`i azot nitratlarin ($NO_{2-}$, $NO_{3-}$) ha`m ammoniy duzlarin ($NH_4$) o`zlestiredi. Azottin` bul tu`rleri topiraqta kem boladi, sebebi olar suwda jaqsi eriydi, o`simlik ha`m mikroorganizmler olardi toliq o`zlestiredi.

Topiraqta ha`reketshen` azot mug`dari organikaliq (to`gin, shirindi, kompost, ko`k sho`p, tuqim ha`m basqa) ha`m mineral zatlar esabinan ta`rtipke salip turiladi.

O`simlikler rawajlaniwinin` da`slepki fazalarinda azotqa ju`da` talapshan` boladi. Azot jetispese o`simliktin` o`siwi pa`seyedi, japiraqlari ashiq jasil, ayirim waqitlari sari bolip qaladi. Sebebi xlorofill mug`dari kemeyedi.

Topiraqtag`i azottin` quramali organikaliq birikpelerinen mikroorganizmler ta`sirinde ha`r qiyli aminokislotalar payda boladi, bul aminokislotalardi mikroorganizmler o`zlestiredi. Aminokislotalardin` bir bo`legi topiraq mikroorganizmlerinin` fermentativ aktivligi na`tiyjesinde idirap, ammiak ajiratip shig`aradi.

Organikaliq zatlar idirap, ammiak payda etiw qubilisi ***ammonifikatsiya*** dep ataladi. Ammonifikatsiya intensivligi qorshag`an ortaliq reaktsiyasina ha`m topiraqtin` aeratsiya da`rejesine baylanisli. Aerob jag`dayda ammiaktin` ajralip shig`iwi pa`seyedi.

Topiraq organikaliq zatlarinin` idirawinda ajiralip shig`atug`in ammiak o`simlik ushin aziq boladi. Bul ammiaktin` basqa bir bo`limi nitrat kislotag`a aylanip, topiraqta nitrat kislota duzlari-nitratlardi payda etedi. Nitratlar bolsa o`simliklerdin` aziqlaniw deregi esaplanadi.

Ammiaktin` oksidlenip, nitrat ha`m nitrit kislotalarg`a aylaniw qubilisi ***nitrifikatsiya d***ep ataladi.

Nitrifikatsiya qubilisi eki fazada o`tedi. Birinshisinde ammiak oksidlenip nitrit kislotag`a aylanadi:

$$2NH_2+3O_2 = 2HNO_2 + 2H_2O$$

Ekinshi fazada bolsa nitrit kislota oksidlenip nitrat kislotag`a aylanadi:

$$2HNO_2 +O_2= 2HNO_3$$

Eger topiraq jumsaq, aeratsiyalaniwi jaqsi, topiraq ig`allig`i toliq ig`alliq siyimlilig`inin` 55-60% a`tirapinda bolsa, topiraq reaktsiyasi neytral yamasa ku`shsiz siltili bolg`anda nitrifikatsiya tez o`tip, topiraqta ko`plep nitratlar toplanadi. Olar tiykarinan su`rim qatlaminda toplanadi.

Nitratlar suwda tez eriydi, olar jawin-shashin, suwg`ariw suwlari menen ha`m topiraq shorin juwiwda juwilip ketiwi mu`mkin. Nitratlardin` bunday isirap boliwi a`sirese, qumli topiraqlarda ha`m jer asti suwi jaqin jaylasqan jerlerde ko`birek boladi.

Topiraq nitratlardi o`zine sin`dirmeydi, sebebi olar teris zaryadqa iye. Sonin` ushin da ku`shli jawinnan keyin yamasa egindi suwg`ariwda nitratlar topiraqtin` joqarg`i qatlaminan to`mengi qatlamina juwilip tu`sedi.

Topiraqta nitratlar toplaniwi, olardin` o`simlikler o`zlestiriwi ha`m juwilip ketiwi menen bir qatarda, azotli birikpelerdin` idirawi sebepli gaz halindag`i erkin azot payda boladi. Bul qubilis ***denitrifikatsiya d***ep ataladi. Bunday nitrat azoti, erkin azot ammiakqa aylanip, topiraqtan shig`ip ketedi.

Denitirifikatsiya qubilisi anaerob bakteriyalar ta`sirinde topiraq aeratsiyasi to`men bolg`an jag`dayda a`melge asadi. Bul izey suwlari jaqin, artiqsha ig`allang`an, mexanikaliq qurami awir, qatti topiraqlarda ko`birek gu`zetiledi.

Denitirifikatsiya qubilisi topiraq reaktsiyasin ju`da` sezgir, pH-7-8,2 a`tirapinda boliwi bakteriyalardin` rawajlaniwi ushin qolay esaplanadi.

Denitirifikatsiya qubilisinin` pa`seyiwi o`simlik o`siw dawaminda eginlerge ha`r na`wbettegi suwg`ariwdan keyin o`z waqtinda sapali etip qatar aralarina islew beriw, topiraq aeratsiyasin jaqsilaw, ma`deniy eginlerdi o`siw da`wirinde nitrat ha`m ammiak azotin toliq paydalaniwdi ta`miynleytug`in agrotexnikaliq ilajlardi a`melge asiriw u`lken a`hmiyetke iye.

**Fosfor** kem ha`reketshen`, topiraqqa sin`edi, suwda jaqsi erimeydi, o`simlikler oni qiyin o`zlestiredi. Topiraqta onin` jalpi mug`dari ju`da` ko`p ushiraydi.

Mikroorganizmler aktivligi ta`sirinde topiraq eritpesinde fosfor mug`dari artadi. Ayirim mikroorganizmler o`zlerinin` fermentleri menen organikaliq zatlardan fosfor kislotalarin ajratadi. Onin` topiraqtag`i jalpi mug`darin o`simlikler o`zlestire alatug`in tu`rge aylandirg`anda fosfor to`ginin qollanbastan joqari o`nim aliwg`a boladi.

G`a`lle eginlerine fosfor jetispese da`nnin` sapasi to`menleydi quramindag`i protein mug`dari kemeyedi ha`m belok zatlardi sintezlewde paydalanilmag`an amidler toplanadi. Onin` japirag`inda ha`m denesinde qizg`ish yamasa qon`ir tu`sli dag`lar payda boladi, to`mengi japiraqlari erterek soliydi, qoyiw qon`ir tu`ske kiredi ha`m tu`sedi.

Fosfor menen jaqsi ta`miynlengen topiraqtin` biologiyaliq aktivligi da jaqsi boladi.

**Kaliy-**o`simliklerde fotosintez qubilisi, uglevodlardin` payda boliwi ha`m olardin` ha`reketin aktivlestiredi. O`simliklerdin` o`siwin ha`m rawajlaniwin tezletedi, olardin` qolaysiz jag`dayg`a shidamlilig`in asiradi.

**10. Kaliy to`ginnin` g`awasha zu`ra`a`tin ta`siri, ts/ga**
**(Jienbekov S., Berdimuratov M)**

| Var № | Mineral to`gin mug`dari, kg/ga | | | G`awasha zu`ra`a`tligi, ts/ga | Kaliy mug`darina baylanisli qosimsha o`nim, ts/ga |
|---|---|---|---|---|---|
| | **N** | **P** | **K** | | |
| 1 | to`ginsiz | | | 13,9 | - |
| 2 | 200 | 140 | 60 | 19,4 | 00 |
| 3 | 200 | 140 | 80 | 21,2 | 1,8 |
| 4 | 200 | 140 | 100 | 22,6 | 3,2 |
| 5 | 200 | 140 | 120 | 23,5 | 4,1 |

**Mikroelementler.** Ha`r bir o`simliktin` normal o`siwi ha`m rawajlaniwi ushin tiykarg`i aziq elementleri (N,P,K) nen tisqari mikroelementlerden bor, tsink, mis, molibden, marganets ha`m kobalt siyaqli elementler za`ru`r. Quraminda sonday elementleri bolg`an to`ginler **mikroto`ginler** dep ataladi. Bul elementlerdi o`simlikler ju`da` az mug`darda talap etedi. Mikroelementler jetispese, o`simliklerde zat almasiwi normal bolmaydi, ma`selen, bor elementi jetispese o`simliktin` o`siw tochkasi rawajlanbay qaladi, g`awashanin` g`umshasi, gu`lleri, miywe elementleri to`giledi ha`m o`nimi kemeyedi. ***Bor*** g`awashanin` shan`laniwinda za`ru`r bolip ol jetispegende shigittin` qurami ha`m sapasi pa`seyedi, tamir shiriw keselligine meyil bolip qaladi.

Topiraqta ***mis*** jetispese, g`awasha japrag`inin` ushi, shetleri ag`arip quriydi, o`nim az boladi. ***Marganets*** jetispegende g`awasha japiraqlari sarg`ayadi yamasa onda aq, qizg`ish qon`ir ha`m qon`ir jol-jol daqlar payda boladi.

Qaraqalpaqstan diyxanshiliq ilim izertlew institutinda o`tkerilgen ta`jiriybede aniqlaniwinsha mikroelementler aziq elementlerinin` o`zlestiriletug`in tu`rge aylaniwinda, onin` o`simlikler ta`repinen o`zlestiriliwinde ha`m g`awasha zu`ra`a`tinin` artiwina aytarliqtay ta`sir ko`rsetedi.

Mineral to`ginlerge 1 kg tsink ha`m 1 kg mis qosip berilgende zu`ra`a`tlik 3,8 ha`m 3,2 tsentnerge artti. (11-keste).

**11. Mikroelementlerdin` g`awasha zu`ra`a`tine ta`siri, ts.ga. (B.Aljanov)**

| **Q/s** | **Mineral to`ginler ha`m mikroelementler** | **Zu`ra`a`tli lik** | **Qosimsha o`nim** |
|---|---|---|---|
| 1 | N 250, P 175, K 50 kg/ga | 35,4 | 00 |
| | N 250, P 175, K50+tsink 1 kg/ga | 39,2 | 3,8 |
| | N 250, P 175, K50+tsink 2 kg/ga | 39,1 | 3,7 |
| | N 250, P 175, K50+mis 1 kg/ga | 38,6 | 3,2 |
| | N 250, P 175, K50+mis 2 kg/ga | 38,2 | 2,8 |

Topiraqta marganets jetispewshiligi bolsa, o`simlikte xloroz ha`m nekroz keselligi payda boladi.

**Topiraqtin` aziq rejiminde organikaliq zatlar ha`m mikrobiologiyaliq qubilislardin` roli.** Hesh qanday mineral to`gin topiraqti organikaliq shirindi zat siyaqli qizdira almaydi. Sonin` ushin, topiraq o`zine ta`n tiri organizm, yag`niy onin` bir gektarinda 30-40ts tiri ja`nlikler,

bakteriyalar ha`m zamarriqlar bar. Olardin` tirishiligi ha`m rawajlaniwi topiraqtin` organikaliq zatlar menen ta`miynlengenligine baylanisli.

Mineral to`gin quraminda bir yamasa eki-u`sh qiyli element ushirasa, organikaliq to`ginnin` quraminda o`simliktin` aziqlaniwi ushin za`ru`r bolg`an ba`rshe elementler boladi.

Jerge to`gin qollanilg`anda makroelementler menen bir qatarda mikroelementler de tu`sedi. To`ginnin` eginler o`nimdarlig`ina ta`siri oni qollaw mug`darina, mu`ddetine, teren`ligine ha`m basqalarg`a baylanisli. To`gin saling`annan keyin 2-3 jillari da ta`sirin saqlaydi.

**12. Ha`r qiyli shirimegen jergilikli to`ginnin` ximiyaliq qurami, %**

| To`ginnin` ximiyaliq qurami | Saban to`selgen to`ginler | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Iri mal qiyi | Shoshqa qiyi | Qoy qiyi | Jilqi qiyi | Aralas qiy |
| Suw | 77,3 | 72,4 | 64,6 | 71,3 | 75,0 |
| Organikaliq zat | 20,3 | 25,0 | 31,8 | 25,4 | 21,0 |
| Uliwma azot | 0,45 | 0,45 | 0,83 | 0,58 | 0,50 |
| Fosfor ($P_2O_5$) | 0,23 | 0,19 | 0,23 | 0,28 | 0,25 |
| Kaliy ($K_2O$) | 0,50 | 0,60 | 0,67 | 0,63 | 0,60 |
| Kaltsiy (SaO) | 0,40 | 0,18 | 0,33 | 0,21 | 0,35 |
| Magniy (MgO) | 0,11 | 0,09 | 0,18 | 0,14 | 0,15 |

To`gin topiraqtin` fizikaliq qa`siyetlerine unamli ta`sir etedi, yag`niy onin` jumsaq, jen`il, jabisqaq ha`m qunarli boliwinda u`lken a`hmiyetke iye.

Topiraqtag`i ha`r qiyli mikroorganizmler o`miri, yag`niy rawajlaniwi onin` suw, hawa ha`m issiliq rejimine baylanisli. Sonin` ushin diyxanshiliqta paydali mikroorganizmlerdin` jasawina unamli ta`sir etetug`in agrotexnikaliq ilajlardi a`melge asiriw za`ru`r.

**13. To`gindegi mikroelementlerdin` ortasha mug`dari, mg/kg**

| Mikroelementler | Shirimegen qiy |
|---|---|
| Bor | 3,50 |
| Kobalt | 0,21 |
| Mis | 2,00 |
| Marganets | 3,80 |
| Molibden | 0,13 |
| Tsink | 6,40 |

Eginlerdin` normal aziqlaniwi ha`m mikroorganizmlerdin` aktivligi topiraq ortalig`ina baylanisli. Lekin, o`simliklerdin` o`siwi ha`m rawajlaniwi ha`m mikroorganizmler ushin ku`shsiz siltili ha`m ku`shsiz kislotali ortaliq qolay esaplanadi. Sonin` ushin kislotali jerlerdi su`riwden aldin ha`k saliw, siltili bolsa gips saliw topiraq aziq rejimin jaqsilawda ha`m o`simliklerdin` aziqlaniwin normallastiriwda a`hmiyetli rol oynaydi. Bul ilajlar organomineral to`ginlerdin` na`tiyjeliligin asiradi.

**Topiraq aziq rejimin jaqsilaw ilajlari**. Jerge mineral ha`m organikaliq to`ginlerdi qollaniw, joqari kislotali topiraqlarg`a ha`k saliw, siltili topiraqlarg`a gips saliw, almaslap egiwdi engiziw, araliq eginlerden paydalaniw, sideratlardi qollaniw, tuwri ha`m sapali islewlerdi a`melge asiriw, topiraq strukturasin jaqsilaw, paydali mikroorganizmlerdin` aktivligi ushin qolay jag`daylar jaratiw ha`m basqa ilajlar topiraqtin` aziq rejimin jaqsilawda tiykarg`i rol oynaydi. Mexanikaliq qurami jen`il, aziq zatlari kemirek jerlerdegi eginlerdin` mineral to`ginlerge talapshan`lig`i u`lken. Bunday jerlerge mineral to`ginler menen aziqlandiriw da`wirinde az mug`darda bo`lip-bo`lip beriw ha`m suw menen juwiliwg`a imkaniyat bermew olardin` na`tiyjeliligin asiradi.

Sorawlar

21. Topiraqtag`i aziq elementleri ha`m olardin` o`simlikke ta`siri ?
22. Makro ha`m mikroelementler degen ne ?
23. Mikroelementlerdin` a`hmiyeti ?
24. Topiraqtin` aziq rejimine organikaliq zat ha`m mikroorganizmlerdin` ta`siri ?
25. Topiraqtin` aziq rejimin basqariw ilajlari ?
26. Aziq rejiminde organikaliq to`ginnin` a`hmiyeti ?
27. Jergilikli to`ginnin` a`hmiytin qalay tu`sinesiz ?

## 7-Lektsiya
## Jabayi o`simlikler, olardin` ziyani, biologiyaliq qa`siyetleri

**Reje**

1. Jabayi o`simlikler haqqinda tu`sinik
2. Jabayi o`simliklerdin` ziyani
3. Biologiyaliq o`zgeshelikleri

### Jabayi o`simlikler ha`m onin` ziyani

Jer ju`zinde o`simlikler du`nyasi ha`r qiyli. Sonin` ushin olardin` qa`siyetleri, jasaw orinlari, o`siwi, rawajlaniwi ha`m tarqaliwi ha`r qiyli. Belgili jabayi o`simlikler jer ju`zinde ken` tarqalg`an bolip, ko`p jillardan beri ta`biyg`iy tan`law tiykarinda o`sip rawajlang`an. Jaylawlar, tog`aylar ha`m basqa jerlerdegi san-sanaqsiz o`simlikler bug`an misal boladi. Olar ta`biyg`iy halda payda boladi, o`z-o`zinen rawajlanadi, ko`beyedi ha`m tarqaladi. Olardin` o`siwinde rawajlaniwinda adamlar qatnaspaydi. Bul **jabayi o`simlikler.**

Adamlar ta`repinen egilmeytug`in, biraq ma`deniy eginler arasinda o`sip, olarg`a ziyan keltiretug`in o`simlikler **jabayi o`simlikler** dep ataladi. Sonin` ushin ha`m diyxanlar ma`deniy o`simliklerdi pataslawshi o`simliklerdi jabayi o`simlikler dep ataydi. Biraq jabayi o`simlikler ta`biyg`iy jag`dayda, yag`niy sho`llerde, ashiq jerlerde, putazarlarda o`sip rawajlaniwg`a iykemlesken. Ma`deniy eginler arasinda basqa ma`deniy o`simlikler tu`rin ushiratiw mu`mkin. Ma`selen, g`awasha atizinda bir eki tu`p ma`kke, ayg`abag`ar, pomidor yamasa qawin-g`arbiz o`sip turadi. Bularda usi egindi pataslawshi **sha`rtli jabayi** o`simlikler esaplanadi. Ta`biyatta jabayi o`simlikler menen bir qatarda o`zine ta`n qa`siyetke iye ha`m belgili jag`dayda o`setug`in o`simliklerdi de ushiratiw mu`mkin. Uzaq ta`biyg`iy tan`laniw tiykarinda gey bir jabayi o`simlikler tek eginler arasinda g`ana o`siuge iykemlesip ketken, olar jalg`iz o`zi o`speydi. Bunday jabayi o`simlikler **iykemlesken jabayi o`simlikler** dep ataladi.

Ayirim jabayi o`simlikler ko`binese ma`deniy eginler arasinda ushiraydi. Olar qaysi egin arasinda o`setug`in bolsa, usi o`simliktin` jasaw jag`dayina iykemlesken ha`m onin` qa`siyetlerin o`zinde payda etedi. Na`tiyjede ma`deniy o`simlik penen jabayi o`simliktin` sirtqi ko`rinisi ha`m biologiyaliq qa`siyetleri bir-biri menen uqsas bolip olarg`a qarsi gu`res bir qansha qiyinlasadi.

Jabayi o`simlikler ma`deniy o`simliklerdin` aziq elementlerin, ig`allig`in ha`m jaqtilig`in olardan artiq alip qoyadi. Na`tiyjede onin` o`nimin kemeytiredi, sapasi to`menleydi. Sebebi tamir jaylasqan qatlamdag`i ig`alliqti 1,5-2 ese artiq aladi ha`m ig`alliqtin` 2-5% ke to`menlewine sebepshi boladi. Olardin` tamiri teren`ge ha`m qaptalg`a ku`shli rawajlang`an bolip ig`alliqti ma`deniy o`simliklerden burin aladi.

Ma`deniy o`simliklerge saya tu`sirip jaqtiliqtan paydalaniwin kemeytiw menen birge olar topiraq temperaturasin 1-4$^0$S qa to`menletip jiberedi. Jabayi o`simliklerdin` ziyanli ta`sirinde ha`r jili g`a`lle, qant la`blebisi, paxta, kartoshka, paliz o`nimleri kem alinbaqta.

### Jabayi o`simliklerdin` ziyanlaw shegi.

Jabayi o`simlikler ma`deniy eginler egilgen atizlarda ko`rine baslag`annan olardin` tu`ri, sani aniqlanip olarg`a qarsi gu`resiw ilajlari islep shig`iladi.

Jabayi o`simliklerdin` uliwma ha`m salistirma ziyani esapqa alinadi. Jabayi o`simliklerdin` **salistirma ziyani** degende ha`r bir tu`p jabayi o`simlik esabinan kemeygen zu`ra`a`t mug`dari tu`siniledi (1 g, 1 o`simlikke).

Ma`deniy o`simliklerdin` jabayi o`simliklerge reaktsiyasin esapqa alip **jabayi o`simlikler menen pataslaniw** yamasa **ziyanlaw shekleri** boladi: fitotsenotikaliq, statistikaliq ha`m ekonomikaliq.

**Ziyanlawdin` fitotsenotikaliq shegi** – bul mug`dardag`i jabayi o`simlikler ma`deniy o`simliklerge ziyan keltire almaydi. Bul ma`deniy o`simliklerdin` jaqtiliq ha`m suwdan toliq paydalanbag`anda jabayi o`simlikler paydalanadi.

**Ziyanlawdin` statistikaliq shegi** – bunda o`nimdi jog`altiwdin` aniq esabi boladi. Zu`ra`a`tlilik 10% ke shekem kem boladi.

**Ziyanlawdin` ekonomikaliq shegi** – bul mug`dardag`i jabayi o`simliklerdi joq qilg`anda ma`deniy o`simliklerden qosimsha o`nim aliwg`a boladi, qarsi gu`resiw ilajlari shig`inlari toliq qaplanadi. Aling`an qosimsha zu`ra`a`tlilik 5-7% ten kem bolmaydi.

Solay etip, diyxanshiliqta ziyanlawdin` ekonomikaliq shegi u`lken a`hmiyetke iye.

Eginlerdin` ha`r qiylilig`i, jabayi o`simliklerdin` tu`rleri, topiraq-klimat jag`daylari ha`m o`ndiris o`zgeshelikleri ha`m diyxanshiliqtag`i basqa da ayirmashiliqlarg`a baylanisli ha`r bir zonada ziyanlawdin` ekonomikaliq shekleri ha`r qiyli boladi (20-keste)

**20. Ma`deniy egisliktegi jabayi o`simliklerdin` ekonomikaliq ziyanlaw shegi, 1 $m^2$ ta dana**

| Eginler | Statistikaliq | | Ekonomikaliq | |
|---|---|---|---|---|
| | En` az | En` ko`p | En` az | En` ko`p |
| G`awasha | 12 | 20 | 14 | 26 |
| Gu`zlik biyday | 3 | 5 | 4 | 6 |
| Jazliq biyday | 12 | 21 | 15 | 27 |
| Sali | 11 | 20 | 16 | 27 |
| Ma`kke | 6 | 11 | 8 | 14 |
| Kartoshka | 6 | 11 | 8 | 13 |
| Ayg`abag`ar | 7 | 12 | 10 | 16 |
| Jon`ishqa | 12 | 20 | 17 | 25 |

### Jabayi o`simliklerdin` biologiyaliq o`zgeshelikleri.

Jabayi o`simlikler ma`deniy eginler egilgen atizlarda olarg`a qarsi gu`res ilajlari qollanilg`an menen ha`r qanday qolaysiz jag`daylarda da saqlanip qaliw uqibina iye.

Bul olardin` o`zgesheligi esaplanip: ko`p tuxim saliwi, tarqaliwinin` ha`r qiyli usillari, tuximlarinin` biologiyaliq qa`siyeti, vegetativ usilda ko`beyiw qa`bileti.

Jabayi o`simliklerdin` ayirim tu`rleri ***geterokarpiya*** – yag`niy ha`r qiyli u`lken kishilikte tuqimlar payda qiladi ha`m ken` tarqaliwinda u`lken rol atqaradi. Joqarida aytilg`an qa`siyetlerdin` hesh qaysisi ma`deniy o`simlikler tuqiminda bolmaydi. Jabayi o`simliklerdin` tuqimlari bir tegis o`nip shiqpawinin` sebebi, olar ha`r qiyli ig`alliqti ha`m temperaturani talap etedi. Sonin` ushin olardi jil dawaminda atizlarda ushiratiw mu`mkin. Eger jabayi o`simliklerdin` tuqimlari pisip to`gilgennen keyin bir tegis o`nip shiqqanda og`an qarsi gu`res bir qansha jen`il bolg`an bolar edi.

Jabayi o`simlikler ma`deniy eginlerdin` azig`inan aziqlanip, olardin` o`siw da`wirinde tamirinan ma`deniy o`simliklerge za`ha`rli ta`sir qiliwshi zatlar bo`lip shig`aradi. Bul zatlar olardin` o`sip rawajlaniwina ziyan tiygizedi.

**Jabayi o`simliklerdin` ko`beyiwi ha`m tarqaliwi**. Jabayi o`simlikler ha`r qiyli jollar menen ko`beyedi. Ma`selen, shigin, pa`shek, aqsora, qizil sora siyaqlilardin` tuqimi suw arqali tarqaladi. Qamis, jeken, aqbas ha`m basqalardin` tuximi samal ja`rdeminde tarqaladi, sebebi olardin` tuximi u`pildirikke birikken boladi. Qara ha`m qizil qaramiqlar jumsaq etli bolg`ani ushin quslar ja`rdeminde tarqaladi. Jabayi o`simlikler ko`binese atizlarg`a saling`an shirimegen qiy menen tarqaladi. Olar ju`da` shidamli ha`m ta`biyatta ko`p tarqalg`an boladi, sonin` ushin

ha`r jili eginlerdi jabayi o`simliklerden tazalaw ju`da` u`lken miynet ha`m qarji talap etedi. Jabayi o`simliklerdin` biologiyaliq qa`siyetlerin, olardin` ko`beyiwi ha`m tarqaliwin ha`r ta`repleme u`yreniw, olarg`a qarsi gu`res usillarin islep shig`iw ha`m qollanilatug`in ilajlardin` na`tiyjeli boliw imkaniyatin beredi.

Jabayi o`simlikler – tuximinan, vegetativ organlari – paqal bo`lekleri, tamir buwinlari ha`m tamir paqallarinan ko`beyedi. Topiraqta jabayi o`simliklerdin` tuximi ko`p ushiraydi. Su`rim qatlaminda jabayi o`simliklerdin` tuximi gektarina bir neshe ju`z min`nan mlrd. qa shekem ushirawi mu`mkin.

Jabayi o`simlikler tuximinin` sani ba`rqulla birdey emes, sebebi bul olardin` jasaw jag`dayina ha`m o`siw mu`ddetlerinede baylanisli tu`rde o`zgeredi. Jabayi o`simliklerdin` tuximi ko`p jillar dawaminda o`sip shig`iw qa`biletin saqlaydi (21-keste).

Jabayi o`simlikler tuximnan basqa vegetativ organlarinan da ko`beyedi. Tamirpaqalli ha`m tamirbuwinli jabayi o`simliktin` jer asti organlari jaqsi rawajlang`an bolip ko`beyiw uqibina iye. Bunday o`simliklerdin` tamir paxallari mayda bo`leklerge qirqilg`an jag`dayda olardin` o`siwshen`ligi kemeymeydi, kerisinshe ha`r bir bo`lek o`z aldina o`siw qa`biletin saqlap qaladi (22-keste).

**21. Bir tu`p jabayi o`simliktin` bir ma`wsimdegi tuximlar sani**

| Jabayi o`simlikler | Tuximlar sani, min` dana |
|---|---|
| Pa`shek | 9-10 |
| Shopan qalta | 27 |
| Aq sora | 70 |
| Ajiriq | 10 |
| Qamis | 50 |
| Suw shigin | 60 |
| Sali shigin | 6 |

**22. Jabayi o`simlikler jer asti organlarinin` payda boliwi**

| Jabayi o`simlikler | 1 $m^2$ tag`i jer asti organlarinin` rawajlaniwi | | | 1 ga jerdegi vegetativ bo`rtikler sani, min` dana |
|---|---|---|---|---|
| | Massasi, g | Uzinlig`i, m | Vegetativ bo`rtikler sani, dana | |
| Ajiriq | 160 | 10,0 | 500-550 | 4500-5000 |
| Qamis | 180 | 15,0 | 450-500 | 4300-4700 |

Sorawlar

1. Jabayi o`simlikler degen ne ?
2. Jabayi o`simliklerdin` ziyanlaw shegi ?
3. Jabayi o`simliklerdin` ko`beyiwi ?
4. Olardin` tarqaliwi ?

## 8-Lektsiya
## Jabayi o`simliklerdin` biologiyaliq gruppalari ha`m esapqa aliw usillari

Reje:

1. Jabayi o`simliklerdin` biologiyaliq gruppalari
2. Az jilliq jabayi o`simlikler
3. Eki jilliq jabayi o`simlikler
4. Ko`p jilliq jabayi o`simlikler
5. Jabayi o`simliklerdi esapqa aliw usillari

A`debiyatlar: 1, 2, 3

Jabayi o`simlikler menen na`tiyjeli gu`res alip bariw ushin olardin` a`hmiyetli belgilerine qarap gruppalarg`a bo`linedi. A`meliyatta jabayi o`simliklerdi a`hmiyetli biologiyaliq belgilerine qaray klassifikatsiyalaydi. Og`an aziqlaniwi, jasaw da`wiri, ko`beyiw qa`bileti kiredi (23-keste).

Aziqlaniwi boyinsha 2 tipke bo`linedi: ***parazit emes, parazit*** ha`m ***yarim parazit***. Parazit emes jabayi o`simlikler ko`pshiligin tutadi. Bular avtotrof o`simlikler bolip o`zi tamiri arqali aziqlanadi. Olar ja`ne kishi eki tipke bo`linedi – ***az jilliqlar*** ha`m ***ko`p jilliqlar***.

**Az jilliq jabayi o`simlikler** eki jilg`a shekem jasaydi, tuximnan ko`beyedi ha`m tuximi piskenen keyin o`ledi. Olar jasaw da`wirine qaray to`mendegi biogruppalarg`a bo`linedi: efemerler, erte ba`ha`rgi, kesh ba`ha`rgi, qislawshi, gu`zgi ha`m eki jilliq.

**Ko`p jilliq jabayi o`simlikler** – bir neshe jil dawaminda o`setug`in, o`miri dawaminda bir neshe ret tuxim beretug`in, tuximi ha`m vegetativ organlari arqali ko`beyetug`in o`simlikler.

**Parazit jabayi o`simlikler** – fotosintez qa`biletin joyitqan ha`m basqa o`simlik esabinan aziqlanatug`in o`simlikler. Olardin` japirag`inin` tu`ri o`zgergen. Basqa o`simlikler menen baylanisiwi soriwshi o`simteleri arqali boladi. Olardin` o`simliklerge baylanisiw, jaylasiw ornina qaray ***tamir*** ha`m ***paxal*** parazitleri bolip bo`linedi.

**Yarim parazit jabayi o`simlikler** – fotosintez qa`bileti bar ha`m basqa o`simlikler esabinan aziqlanadi. Onnan suw ha`m aziq elementlerin aladi.

Awil xojaliq eginlerinin` ha`r qiyli ta`biyg`iy jag`daylarda egiliwi, ta`biyg`iy tu`rde jabayi o`simliklerdin` ekologiyaliq ko`rinisinin` o`zgeriwine ta`sir etedi.

**23. Jabayi o`simliklerdin` klassifikatsiyasi**
**(A.I.Maltsev., L.I.Kazakevich)**

| Parazit emes | | Parazit ha`m yarim parazit |
|---|---|---|
| Az jilliq | Ko`p jilliq | |
| Efemerler | Oq tamirlilar | Tamirdag`i |
| Erte ba`ha`rgi | Shashaq tamirlilar | Paxaldag`i |
| Kesh ba`ha`rgi | To`selip o`siwshi | |
| Qislawshi | Piyaz tamirli | |
| Gu`zlik | Tu`ynek tamirli | |
| Eki jilliq | Tamir paxal | |
| | Tamiri o`siwshi | |

**Az jilliq jabayi o`simlikler**

***Efemerler*** o`siw da`wiri qisqa, o`sip shig`iwdan tuxim payda qilg`ang`a shekem 1,5-2 ay dawam etedi. Bularg`a lala gu`l, lala qizg`aldaq, juldizsho`p ha`m basqalar misal boladi. Juldiz sho`ptin` bir tu`bi 10-15 min`g`a shekem tuxim payda qiladi. Tuximlari mayda, topiraqta ko`geriwshen`ligin bir neshe jil saqlaytug`in, biraq 3 sm den teren`ge tu`sse o`sip shig`a almaydi. Eger gu`zde o`sip shiqsa qislaydi. Olar gu`zgi masaqli g`a`lle, birinshi jilg`i jon`ishqa, gu`zgi piyaz ha`m basqa eginler arasinda ko`p ushiraydi. Bunday jabayi o`simliklerden eginlerden bosag`an biraq ba`ha`rde islew berilmegen jerlerdin` ig`allig`i ha`m issilig`i jeterli boliwi menen o`sip shig`adi. Biraq egin qatar aralig`ina islew berilgende an`sat joq boladi.

***Ba`ha`rgi jabayi o`simlikler*** o`z gezeginde erte ha`m kesh ba`ha`rgiler bolip bo`linedi. Sonin` ushin olardin` na`lleri ba`ha`rde ha`m gu`zde shig`adi, ma`wsimde bir ma`rte tuxim beredi.

***Erte ba`ha`rgi*** jabayi o`simlikler erte ba`ha`rde o`sip shig`adi ha`m ma`deniy eginlerdin` o`nimin jiynap alg`ang`a shekem yamasa olar menen bir waqitta tamamlanadi. Bularg`a jabayi suli, suw shigin, sali shigin, aq sora, qizil sora, qara sora ha`m basqalar misal boladi.

***Kesh ba`ha`rgi*** jabayi o`simliklerdin` tuximi topiraq jeterli qizg`anda g`ana o`sip shig`adi, a`ste rawajlanadi. Olardin` tuximi ma`deniy eginlerdin` o`nimi jiynap aling`annan keyin jetiledi. Na`tiyjede olardin` tuximi jerge to`giledi. Keshki eginler arasindag`i jabayi o`simliklerdin` tuximi bolsa eginler menen bir waqitta jetilip, o`nimge qosilip oni pataslaydi. Ma`selen, qara ju`zim, semiz sho`p, shopan qalta, itquyriq, itju`zim ha`m basqalar.

Kesh gu`zde o`sip shiqqan jabayi o`simliklerdin` na`li qistag`i suwiqta tuxim jetilistire almaydi, o`siwin toqtatadi.

Jabayi o`simliklerdin` tuximi ko`geriwshen`ligin ig`alli, suwg`arilatug`in topiraqlarg`a qarag`anda, qurg`aq yamasa suwg`arilmaytug`in jerlerde uzaq waqitqa shekem saqlaydi. Sonin` ushin tiyisli ilajlardi qollaw na`tiyjesinde eginlerdin` jabayi o`simlikler menen pataslaniwdin` aldin aliw mu`mkin.

***Jabayi suli*** – g`a`lle siyaqlilar semeystvosina tiyisli bolip bir jilliq jabayi o`simlik esaplanadi. Bas paqalinin` biyikligi 40-60 sm bolip, tik o`sedi. Tiykarinan ba`ha`rgi da`n eginleri ha`m ko`pshilik jag`dayda sulinin` arasinda o`sip, tuximnan ko`beyedi. Ha`r bir masag`inda ortasha 30-50 ge shekem masaq boladi. Tuximi jetilgennen keyin to`gilip ketedi, ma`deniy sulidan pariq qiladi.

***Aq sora*** – japiraqlari un siyaqli daqlar menen qaplang`an bolip, suwg`arilatug`in eginler, g`awasha arasinda ken` tarqalg`an. Paqali tuwri, boyi 60-100 sm ge shekem jetedi, shaqasi siyrek, japiraqlari uzinsha, sheti qirli bolip o`sedi. Sora ju`da` tuximli bolip, bir tu`binde 5-6 ju`z min` dana tuxim payda boladi. 1000 dana da`ni 1,2-1,5 g., u`lken-kishiligi, ren`i ha`r qiyli boliwi mu`mkin. Tuximinin` u`lkenligi, tiykarinan u`sh tu`rli: u`lken, qon`ir ren`lisi birinshi jili, mayda qara ren`lileri 2-jili, ju`da` mayda qara jaltiraq tuximlar bolsa 3-jili o`sip shig`adi. Onin` tuximin haywanlar sho`p penen birge jegende o`siwshen`ligin toliq jog`altpaydi, qiy menen atizg`a tu`sip tez tarqaladi. Tuximi topiraqta o`siwshen`ligin 30-38 jilg`a shekem saqlaydi ha`m o`sip shig`iwi ushin +3+4$^0$C jetkilikli, iyul-avgustta gu`lleydi, avgust-oktyabrde tuximi pisedi, 8-10 sm den teren`ge tu`sse ko`germeydi.

***Qizil sora*** – tamiri oq tamir, shaqalang`an, paxali tik, biyikligi 50-100 sm, qisqa qaptal nayza shaqalari bar, japiraqlari u`sh mu`yeshli nayza siyaqli, gu`l orni qisqa masaq siyaqli. Da`ni qon`ir yamasa qara qabiq ishinde diametri 1-2 mm, 1000 da`ninin` awirlig`i 3,5-4,5 g.

Mart-aprelde o`sip shig`adi, iyun-sentyabr aralig`inda gu`lleydi, avgust-sentyabr aralig`inda tuximi pisedi. Taza tuximlari kelesi jili ba`ha`rde ko`geredi, 6-8 sm den teren`ge tu`sse ko`germeydi.

Atizlarda, bag`larda, tamarqada, bos jerlerde, suw jag`alarinda, shorlang`an jerlerde o`sedi. Respublikanin` barliq rayonlarinda ushirasadi.

***Qara sora*** – ba`ha`rgi bir jilliq o`simlik, japiraqlari ma`yek siyaqli, shetleri tisli oyilg`an, uzinlig`i 20-30 mm, eni 12-18 mm. Jan`a ko`gergen na`lshede da`nge uqsas daq boladi. Gu`li masaq siyaqli gu`l toplamda jaylasadi. Tuximi to`rt mu`yeshli, ko`gis qon`ir, qoyiw qon`ir bolip uzinlig`i 1,2-1,7, eni 0,7-1 mm, 1000 dana da`ninin` salmag`i 1,25 g.

Na`linin` ko`gerip shig`iwi ushin +3+4$^0$C jeterli, optimal temperatura +20+22$^0$C. Mart-may aylarinda kogeredi, iyul-sentyabr aylari aralig`inda gu`lleydi, tuximi avgust-sentyabr aylarinda pisedi. Bir tu`p o`simlik 7-8 min` dana tuxim beredi, 4-5 sm teren`likten ko`gerip shig`adi. Ig`alliq jetkilikli jerlerde o`sedi. Barliq rayonlarda atizlarda, bag`larda, tamarqa, bos jerlerde, suwlardin` jag`asinda, shor jerlerde de ushirasadi.

### Eki jilliq jabayi o`simlikler

Ayirim o`simliklerdin` o`siwi, rawajlaniwi ha`m tuxim payda etiwi ushin eki jil za`ru`r. Bul biologiyaliq gruppadag`i jabayi o`simliklerdin` tuximi ba`ha`rde, jazda o`sip shiqsa bir qis, gu`zde o`sip shiqsa eki qis qislaydi. Qislap shiqqan o`simlik kelesi jili ba`ha`rde paqal shig`aradi, gu`lleydi ha`m tuxim payda etedi. Tuxim jetilgennen keyin o`simlik quwraydi. Eki jilliq jabayi o`simlikler tuximinan ha`m tamir bo`rtiklerinen ko`beyedi. Usi biologiyaliq gruppag`a qashqarbeda, siyirquyriq, sari jabayi jon`ishqa, jabayi geshir, shipali donnik ha`m basqa o`simlikler misal bola aladi.

***Qashqarbeda*** (Shipali donnik)- sobiqlilar semeystvosina tiyisli bolip, eki jilliq o`simlik. Paqali tik, shaqalaydi, boyi 100-150 sm ge shekem boladi. Qaptal japiraqlari biz siyaqli, uzinlig`i 9-25 sm, eni 3-16mm. Gu`l japiraqlari sari ren`li, sobiqlari tuxim siyaqli tegis emes, tuqsiz. May-avgust aylarinda gu`lleydi ha`m tuximlaydi. Tuximnan ko`beyedi. Tuximinin` o`siwi qiyin, sebebi ol suw o`tkermeytug`in qatti qabiq penen qaplang`an.

Tuxim sobiqlarinin` uzinlig`i 5-8, eni 2,5-3 mm, japirag`inin` uzinlig`i 5-8, eni 5-10 mm, 3 japiraqtan bir baldaqqa birikken, o`simlik ko`gerip shiqqanda kumarin iyisi shig`ip turadi.

Tamiri oq tamir, 1,5-3,0 m teren`liqqe shekem baradi. Miywesi qon`ir-sari yamasa qara-ku`l ren` sobiq. Tuximi ashiq qon`ir, uzinlig`i 1,75-2,25, eni 1,25-1,75 mm, 1000 dana tuximinin` salmag`i 1,75-2,0 g.

O`simliktin` ko`gerip shig`iwi ushin temperatura +2- +4$^0$ S boliwi kerek, optimal temperatura 12-16$^0$ S. Tuximnan na`linin` ko`geriwi ha`m tamir moyninan bo`rtiklerinin` ko`gerip shig`iwi mart-may aylarinda ha`m jazdin` aqirinda boladi. Ekinshi jili iyun-avgustta gu`lleydi. Miywesi iyul-sentyabrde jetiledi. Ha`r bir tu`pte 30-35 min` dana tuxim boladi. Tuximi 4-5 sm teren`likten kogeredi, onnan teren`ge tu`sse ko`germeydi, ko`geriwshen`ligin 20 jilg`a shekem saqlaydi. Barliq suwg`arilip egiletug`in jerlerde ushirasadi.

***Jabayi jon`ishqa*** –eki jilliq, sobiqlilar semeystvosina kiredi, sobig`inin` uzinlig`i 4-6, eni 2-3 mm. Tamiri oq tamir, shashaqlang`an, uzinlig`i 10-60 sm. Japiraqlari izbe-iz, u`sh danasi bir baldaqta, gu`lleri joqarg`i japiraq qoltiqlarinda jaylasqan. Miywesi bir tuximli, qara yamasa qon`ir-qara ren`li sobiq. Tuximnin` uzinlig`i 1,5-2, eni 1-1,2 mm, 1000 dana tuximnin` awirlig`i 1,5-1,75 g.

Temperatura +2- +3$^0$S bolg`anda ko`gerip shig`adi. O`simlik tuximnan ha`m tamir moynindag`i bo`rtiklerden mart-may aylarinda ha`m jazdin` aqirinda ko`gerip shig`adi. Birinshi jili iyun-avgustta, ekinshi jili aprel-sentyabrde gu`lleydi. Sobiqlari iyul-sentyabrde pisip jetiledi. Ha`r bir tu`pte 5-6 min` dana tuxim boladi, 6-8 sm teren`likten ko`gerip shig`adi, ha`m ko`geriwshen`ligin 70 jilg`a shekem saqlaydi.

## Ko`p jilliq jabayi o`simlikler.

Bul biologiyaliq gruppadag`i jabayi o`simlik tu`rli semeystvog`a tiyisli bolip 300 den aslam tu`rdi quraydi, bir jilliq ha`m eki jilliqlardan pariq qiladi. Olardin` ko`beyiwi generativ (tuximnan) ha`m vegetativ (tamirpaqal, tamir bo`rtiklerinen) organlari arqali boladi. Olar o`siw da`wiri dawaminda bir neshe ma`rte o`nim (tuxim) beredi ha`m ha`r jili qista onin` jer u`sti paxallari quwraydi. Qislag`an jer asti organi-tamir awizi yamasa tamir paqallarinan qayta jan`a paqallar o`sedi ha`m rawajlanadi. Ko`p jilliq jabayi o`simlikler jer u`sti ha`m jer asti organlarinin` du`zilisine qarap gruppalarg`a bo`linedi. Jer u`sti bo`legine qarap, ***tik***, ***jer bawirlap***, ***shirmasip*** ha`m *o`rmelep*, jer asti bo`legine qarap ***oqtamirlilar***, ***tamirpaqallilar***, ***tamir tu`ynekler***, ***shashaq tamirlilar***, ***piyazbaslilar***, ha`m basqalarg`a bo`linedi. Solardan tamirpaqallilar, tamirtu`ynekliler ma`deniy eginlerge ko`p ziyan beretug`in jabayi o`simliklerdin` esaplanadi. Olardi joq etiw bir qansha qiyin, sebebi tamirdag`i ha`r bir bo`rtikten jan`a o`simte shig`iwi mu`mkin.

**Tamirpaqalli jabayi o`simliklerdin`** wa`killeri ko`p ha`m ha`r qiyli bolip eginlerge u`lken ziyan keltiredi. Olardin` tamiri jaqsi rawajlang`an ha`m ha`r bir buwininan jan`adan o`simlik o`sip shig`iw qa`siyeti bar. Sonin` ushin olardi ***tamirpaqalli*** o`simlik dep ataydi.

Tamirpaqalli jabayi o`simliklerdin` biologiyaliq belgilerinen biri olardin` jasawi uzaq da`wir saqlaniwi ha`m ondag`i ha`r bir bu`rtiklerden jan`a o`simtelerdin` payda boliwi esaplanadi Olardin` bunday usilda ko`beyiwi ***vegetativ ko`beyiw dep ataladi.***

***Oqtamirlilar***-bul gruppag`a kiriwshi jabayi o`simlik uliwma belgisi-olardin` tiykarg`i, yag`niy oqtamiri topiraqtin` teren` (2-7 metr) qabatlarina kirip baradi. Tiykarg`i tamirdan ko`plep qaptal tamirlari tarqalg`an boladi. Eger tamir awzinan qirqilsa, qalg`an oq tamirdan jan`a o`simte shiqpaydi. Bul gruppag`a ko`k bas, kempirshapan, aq quwray ha`m basqalar misal boladi.

Tamirpaqallari tiykarinan jerdin` su`rilmeytug`in bo`leginde gorizontal bag`itta rawajlanip ma`deniy eginlerdi ha`r ta`repleme qisadi. Orayliq Aziyada tamirpaqalli jabayi o`simlik ken` tarqalg`an bolip, bizin` jag`dayimizda olarg`a ajiriq, qamis, salamaleykum, atiz qiriqbuwini, g`umay, myata, ha`m basqalar misal boladi.

***G`umay-*** masaqlilar semeystvosina tiyisli bolip, ma`deniy eginler ushin ju`da` qa`wipli ko`p jilliq jabayi o`simlik. O`simliktin` boyi 1-2 m ge shekem bolip paqali tik o`sedi. Japirag`inin` eni 2-4 sm keledi. Gu`l toplami sipse siyaqli, uzinlig`i 40 sm ge shekem boladi, iyul-avgust aylarinda gu`lleydi, avgust-oktyabrde tuximi pisedi. Miywesi uzinsha da`n, qabiqli, uzinlig`i 4-5, eni 1,5-2 mm, 1000 dana da`ninin` salmag`i 4,5-9,5 g. Tuximlari +10-+12$^0$S temperaturada ko`gerip shig`adi.

G`umay tuximinan, tamirpaqaldan ko`beyedi. Jaqsi rawajlang`an bir tu`p g`umay bir jilda 8 min`g`a shekem tuxim, 50-60 tamirpaqal ha`m 500-700 buwin payda etip 2-3 m$^2$ jerdi iyelewi mu`mkin. Tuximi topiraqta ko`geriwshen`ligi 4 jilg`a shekem saqlaydi. Eginler arasinda tuximnan o`sken ***g`umaydi*** gu`llew da`wirine deyin qol menen yamasa kultivatsiya islew menen joq etiw mu`mkin. Onin` tamirpaqali tiykarinan 20 sm ge shekemgi topiraq qatlaminda rawajlanadi. Sonin` ushin ma`deniy eginler qatar aralarina o`tkeriletug`in islewlerdi qiyinlastiradi ha`m sapasiz orinlaniwina sebepshi boladi. O`nimdarli, jumsaq ha`m ig`alli jerlerde g`umay ju`da` tez o`sedi ha`m rawajlanadi. Jumsaq jerde onin` tamirpaqallarin 40-50 sm teren`likte de ushiratiw mu`mkin.

***Ajiriq-*** masaqlilar semeystvosina tiyisli bolip tamir sistemasi paqal tu`rinde boladi, boyi 15-50sm, ko`p jilliq qarantin jabayi o`simlik esaplanadi. Japirag`i lenta siyaqli, uzinlig`i 10 sm den asadi, jildin` keliwine qarap erte ba`ha`rden kesh gu`zge shekem ko`geredi. May-iyunda gu`lleydi ha`m miyweleri iyul-sentyabrde pisedi. Bir tu`p ajiriq 10 min`g`a shekem tuxim beredi. Miywesi qiltiqsiz jin`ishke masaq tu`rinde, uzinlig`i 2-5 sm, da`ninin` uzinlig`i 2-3 mm, eni 0,5-0,7 mm, 1000 dana da`ninin` qabig`i menen salmag`i 0,2-0,25 g. Tuximinin` ko`geriwi az, sebebi ol qaraqu`ye zamarrig`i menen ziyanlanadi. Ol tiykarinan tamirpaqallardan ko`beyedi. Tuximnan hawa temperaturasi +25-+30$^0$S bolg`anda, tamir paqalindag`i bu`rtiklerden mart ayinan baslap ko`geredi, jer u`stindegi bo`legi -2-3$^0$S suwiqta nabit boladi. Ajiriqtin` tamirpaqali egin egiletug`in jerlerde 20-30 sm, egin egilmeytug`in jerlerde 15-20 sm topiraq qatlamlarinda qalin` shim payda etedi. Ol suwg`arilatug`in diyxanshiliq jag`dayinda ma`deniy eginlerdin` en` ziyanli jabayi o`simligi esaplanadi. Ha`mme eginler arasinda ken` tarqalg`an. Ajiriq jaqsi o`setug`in maydanlarda eginlerdin`, a`sirese jon`ishqanin` na`li siyreklesedi. Sebebi onin` tamirpaqali ku`shli rawajlang`an, bul o`z gezeginde eginlerdin` o`siwin qiyinlastiradi. Ajiriq tamirpaqali shidamli, ol 1-2 ay dawaminda qurg`aq jerde qalip keyin ig`alli jerge tu`sse ja`ne o`sip ketedi.

***Qamis***-masaqlilar semeystvosina tiyisli, tamirpaqalli, ko`p jilliq o`simlik. Boyi 1-3 m ge jetedi. Onin` paqali tik, jabisqaq, tu`ksiz ishi bos, vegetatsiya da`wirinde jasil, jetilgende ashiq sari tu`ste boladi. Japiraqlari tegis, eni 5 sm, top gu`lleri sipse siyaqli, uzinlig`i 9-15sm ge ten`. Iyul-avgustta gu`lleydi, avgust-oktyabrde miywesi jetiledi. Miywesi ku`l ren` da`n, uzinlig`i 1,7-2, eni 1-1,25 mm, 1000 dana da`nnin` salmag`i 0,1-0,2g.

Qamis gidromorf topiraqlarda, yag`niy izey suw jaqin jaylasqan atizlarda ken` tarqalg`an o`simlik esaplanadi. Tamirpaqali ju`da` buwinli, Sari, qon`ir tu`ste, ishi bos, juwan, diametri 1-3 sm ha`m uzinlig`i bir neshe metrge jetedi.

Tamirpaqali shaqalang`an, ko`p yarusli bolip, onin` topiraqta rawajlaniw teren`ligi, jer asti suwinin` sayiz yamasa teren` jaylasiwina baylanisli. Ol gorizontal awhalda tiykarinan su`riletug`in qatlamda rawajlanadi, tiykarg`i massasi 30-60 sm teren`likte boladi. Tamirpaqallar topiraqta tu`rli bag`darlarda o`sedi ha`m usi jerden joqarig`a shig`ip, o`setug`in paqal ha`m japiraqlar payda boladi. Onin` kesilgen ha`r bir buwininan jan`a o`simlikler o`sip shig`adi.

***Qaptal tamirlilar***. Bul biologiyaliq gruppag`a kiriwshi jabayi o`simlikler O`zbekstanda ken` tarqalg`an. Bul gruppadag`i jabayi o`simlik ko`p jilliq bolip, tuximi ha`m tamirinan ko`beyiw qa`siyetine iye. Sonin` ushin olar tiykarg`i ha`m qaptal tamirlarg`a iye bolip, olarda ko`plep bu`rtikler boladi. Usi tu`rdegi jabayi o`simliklerdin` tiykari tamiri kesilgende ol jerden

jan`a o`simlikler payda boladi. Oq tamirlarinda aziq zatlar bolip, ma`deniy eginlerdin` qa`wipli jabayi o`simligi esaplanadi ha`m olar menen gu`resiw bir qansha quramali. Qaptal tamirli jabayi o`simliklerge su`tilmek, jantaq, kekre, pa`shek, bozjantaq ha`m basqalar misal boladi.

***Su`tilmek***- pa`shekgu`ller semeystvosinan bolip, jer bawirlap ha`m shirmasip o`sedi, paqalinin` uzinlig`i 1,5-3 metr bolatug`in ko`p jilliq jabayi o`simlik esaplanadi. Japiraqlari nayza siyaqli, o`tkir ushli boladi. Ol mart-aprelde o`sedi, may-avgustta gu`lleydi. Miywesi sobiq bolip, ishinde u`pelekke jabisqan tuximi boladi, uzinlig`i 6-8 mm. Bir tu`p o`simlik 5-10 min`g`a shekem tuxim beredi. Tuximlari suw, samal arqali tarqaladi. Tuximlar tez o`sip shig`adi. Na`lleri ju`da` tez tamir shig`aradi ha`m olar tez rawajlanadi. Tamir kesilgende tez qayta tikleniw (regeneratsiya) qa`siyetine iye.

Bul o`simliktin` oq tamiri 1-3 metrge jetedi ha`m ko`plep qaptal tamirlar shig`aradi. Qaptal tamirlardin` ko`plep payda boliwi ha`m rawajlaniwi jerdin` qunarlig`i ha`m qattilig`ina baylanisli. Bul o`simlik boz ha`m saz topiraqli jerlerde jaqsi o`sedi. A`sirese, suwg`arilatug`in jerlerde ko`p o`sedi ha`m eginlerge u`lken zayan keltiredi.

Ma`deniy ha`m basqa eginlerge shirmasip, olardin` u`stine shig`ip sayalap qoyadi. Na`tiyjede o`nimnin` sapasin to`menletedi. Ol respublikanin` ha`mme jerlerinde ken` tarqalg`an.

***Jantaq*** **-** sobiqlilar semeystvosina kiretug`in ko`p jilliq jabayi o`simlik boyi 40-80 sm ge jetedi. Jantaqtin` na`li tuximnan ha`m tamir bu`rtiginen aprel-mayda o`sedi, iyun-iyulde gu`lleydi ha`m avgust-sentyabrde tuximlaydi. Gu`lleri ashiq ren`li. Paqali shaqali, tikenli, u`sti jasil qabiq penen qaplang`an. Japiraqlari mayda, tu`ksiz, 2-4 sm uzinliqta, 1,5-2,5 sm ken`likte ellips siyaqli, keyni uzin bolip tamamlanadi. Tuximi qoyiw qon`ir ren`li, jabisqaq, bu`yrek siyaqli ko`riniste boladi. Jantaqti tuximinan ko`beytiw ushin 85-90$^0$ S qaynag`an suwg`a 1-2 saat jibitiw yamasa tuxim qabig`in mexanikaliq ta`sir menen buziw kerek. Sebebi, ol suw o`tkermeytug`in qalin, qatti qabiqqa oralg`an boladi. Onin` tuximi tu`yenin` asqazan-isheklerinen o`tkennen keyin de ko`geriwshen`lik qa`siyetin saqlap qaladi. Sonin` ushin ol tiykarinan ku`shli rawajlang`an tamir sistemasi sebepli qurg`aqshiliqqa shidamli o`simlik bolip, onin` tamiri teren` qabatlardag`i suw ha`m aziq zatlardan paydalana aladi. Onin` oq tamiri shorlanbag`an topiraqlarda 10-15 m, al shorlang`an topiraqlarda 1,5-3 m teren`likke shekem baradi. Kesilgen jerinen 5-10 ha`m onnan artiq jan`a tamir, yag`niy paqallar payda boladi. Tamir kesilgende paqallar ko`plep, teren` kesilgende o`siwi kem boladi, 20-25 sm ha`m onnan teren` kesilgende paqal o`sip shiqpaydi. Jantaq ku`shli regeneratsiyalaniw qa`siyetine iye.

Jantaqtin` tu`bi qisqa barip quwraydi, biraq onin` tamir awzinan erte ba`ha`rden jan`a o`simlik shig`atug`in bu`rtikler payda boladi. Na`tiyjede, ba`ha`rde bul bu`rtiklerden jas o`simlikler o`sip shig`adi. Jantaq Orayliq Aziya respublikalarinda, ko`plep o`zlestirilmegen jerlerde, salma boylarinda, jol jag`alarinda ha`m basqa jerlerge ken` tarqalg`an. Sonday-aq g`awasha ha`m basqa ma`deniy eginler arasinda osedi ha`m og`an ko`p ziyan keltiredi.

***Pa`shek*** - pa`shekler semeystvosina kiredi, ko`p jilliq qaptal tamirli jabayi o`simlik esaplanadi. Tamirinin` qaptal tamirlari ku`shli rawajlanadi, 1-3 m teren`likke shekem jetedi. Vegetativ ko`beyiwi 40 sm terenlikke shekem baradi. Paqali basqa eginlerge o`rmelep, shirmasip o`sedi, boyi 30-200 sm. Japiraqlari izbe-iz jaylasqan. Gu`lleri ashiq qizil yamasa aq ren`de. Miywesi shar siyaqli eki tuximli qaplama. Tuximi ku`l ren`-qon`ir, qara-qul ren`, uzinlig`i 2,5-3, eni 2-2,5 mm, 1000 dana da`ninin` salmag`i 5-6 g.

Tuximi +4-+6$^0$S temperaturada ko`gerip shig`adi, optimal temperatura 18-24$^0$C. Bir tu`p o`simlik 9-10 min` dana tuxim saladi, 15 santimetr teren`likten ko`gerip shig`adi, 50 jilg`a shekem ko`geriwshen`ligin saqlaydi. Tamirinin` 1-2 sm kesindisinen jan`adan o`simlik o`sip shig`adi. Jer u`stindegi bo`legi -1-3$^0$ S suwiqta nabit boladi.

**Shashaq tamirlilar**. Bul biologiyaliq gruppag`a bir neshe ko`p jilliq osimlikler tiyisli bolip, vegetativlik usilda ko`beyiwi ushin arnawli organlarg`a iye emes. Olardin` tiykarg`i tamirlari qisqarip, ko`plep qaptal tamirlar payda etedi, yag`niy shashaq tamirlar rawajlang`an. Eger shashaq tamir moyninan kesilse, onnan jan`a o`simlikler payda bolmaydi. Sonin` ushin bul gruppag`a tiyisli bolg`an o`simlikler tek tuximinan ko`beyedi. Shashaq tamirlilarg`a atqulaq ha`m basqalar misal boladi.

**Piyazbaslilar.** Bul biologiyaliq gruppag`a kiriwshi o`simlikler ha`r jili o`siw da`wirin paqalinin` jer asti bo`leginde shar siyaqli-domalaq piyaz payda etiw menen tamamlaydi. Tuximnan shiqqan piyaz birinshi jili tek japiraq shig`aradi, 2-3 jili gu`lleydi ha`m tuximlaydi. Ayirim tu`rleri ekinshi jildan baslap paqal shig`aradi. Gu`l piyaz, qum piyaz, taw piyaz, qir piyaz ha`m basqalar misal boladi.

***Jer bawirlap o`siwshi o`simlikler*** - bul biologiyaliq toparg`a kiriwshi jabayi o`simlikler ayiw tabanlilar semeystvosina tiyisli bolip, ko`p jilliq esaplanadi. Olar paqal, yag`niy pa`lek taslap o`sedi. Pa`lekleri buwinli bolip, ha`r bir buwin jerge tiyip, shashaq tamirlar shig`arip rawajlanadi. Ayiw taban, tu`yme bas, qoyan sho`p ha`m basqalar.

**Parazit jabayi o`simlikler**. Parazit jabayi osimlikler g`a`rezsiz jasaw uqibina iye emes, fotosintez qa`bileti joq, yag`niy ol ba`rqulla parazit emes jabayi o`simlikler yamasa ma`deniy o`simlikler menen jasap, olar esabinan aziqlanadi. Olar ***haqiyqiy ha`m yarim parazit*** jabayi o`simliklerge bo`linedi.

***Haqiyqiy parazitler***-bir jilliq o`simlik bolip, olarda japiraq, tamir bolmaydi, basqa o`simliklerdin` paqali, japirag`i ha`m tamirlarindag`i shire menen aziqlanadi. Olarda xlorofill bolmag`ani ushin jasil bolmaydi. Parazit o`simlikler o`zleri ziyanlaytug`in o`simliklerdi soriw jerine qarap ***paqal paraziti*** ha`m ***tamir parazitine*** bo`linedi.

*Sari sho`p* paqallarinin` ren`i, gul du`zilisleri, tarqaliw jerleri ha`m basqa qa`siyetlerine qarap bir-birinen pariq qiladi. Olardin` ha`mme tu`rleri qarantin esaplanadi.

Sari sho`p-shirmawiqlar semeystvosina tiyisli bir jilliq paqal paraziti. Onin` tuximi 18-20$^0$S da osip 6 sm teren`likten ko`gerip shig`a aladi. Bir tu`bi 60-100 min` danag`a shekem tuxim payda etedi. Ko`geriwshen`ligin 6 jilg`a shekem saqlaydi. Paqali sabaq ta`rizli. Shaqalang`an, ashiq sari ren`de. Gu`li qalin` gu`l toplamda, aq yamasa aq jasil. Miywesi shar siyaqli eki uyali to`rt tuximli qaltasha. Tuximi shar ta`rizli, sarg`ish yamasa qon`ir, uzinlig`i 1,2-2,5 eni 1-1,5 mm, 1000 dana tuximinin` salmag`i 1-1,2g.

Sari sho`p eginler o`niminin` kemeyiwine ha`m pu`tkilley o`nim bermeytug`in halg`a keliwine sebep boladi. Ol payda bolg`an maydandag`i o`simlikler tu`binen orip alinip, gerbitsidler sebiledi.

***Tu`yesin`ir*** ha`m ***sari sho`p*** siyaqli parazit o`simlik qatarina kiredi. Tuxim ha`m paqal bo`leklerinen ko`beyedi. Kesilgen paqal bo`lekleri, ziyanlanatug`in o`simliklerge oralip jasap ko`beyedi. Tu`yesin`ir respublikamizda barliq rayonlarinda o`sip ha`mme (puta, terek ha`m de bir jilliq) o`simliklerdi ziyanlaydi. Tamir parazitlerine-shumg`iyanin` (zarazixa) barliq tu`rleri kiredi.

***Shumg`iya*** bir jilliq o`simlik, onin` jasil japiraqlari bolmaydi, paqali a`piwayi, etli, shaqalanbag`an, boyi 25 sm ge shekem boladi. Basqa o`simliklerdin` tamirina ornalasip, soriwshilari ja`rdeminde onnan aziqlanip jasaydi. Sebebi shumg`iyalarda da fotosintez qubilisi bolmaydi. Jazdin` ekinshi yariminan gu`lleydi ha`m tuxim beredi. Bul o`simliktin` bir tu`bi 150 min` danag`a shekem tuxim beredi, tuximnin` o`sip shig`iw qa`bileti 5-10 jilg`a shekem saqlanadi. Tuximlari ju`da` mayda bolip, samal ha`m suw ja`rdeminde tarqaladi.

O`zbekstanda shumg`iyanin` ayg`abag`ar, temeki, misr jon`ishqasi ha`m basqa tu`rleri ken` tarqalg`an. Ol gu`nji, ayg`abag`ar, jon`ishqa ha`m basqa ma`deniy eginlerdi ha`m ayirim jabayi o`simliklerdi de ziyanlaydi.

Shumg`iyadan ziyanlang`an eginlerdin` rawajlaniwi to`men boladi, o`nimi kemeyip, ziyanlanip quwrap qaliwi da mu`mkin.

**Yarim parazit jabayi o`simlikler**. Yarim parazit jabayi o`simlikler Orayliq Aziya respublikalarinda kem, biraq Evropa ma`mleketlerinde ken` tarqalg`an. Olar bir jilliq osimlik bolip, jasil japiraqlarg`a iye. Sonin` ushinda olarda fotosintez qubilisi boladi. Basqa o`simliklerdin` jer u`sti organlarina yamasa tamirina ornalasip sorg`ishi ja`rdeminde onin` arnawli aziq (belok, qant, suw ha`m suwda erigen mineral) zatlarinan aziqlanadi.

Yarim parazit jabayi o`simlikler tuximnan kobeyedi ha`m ko`pshiliginin` quraminda za`ha`rli zat boladi ha`m tuximlarinin` ko`geriwshen`ligi bir neshe jil saqlanadi.

Yarim parazit jabayi o`simlikler ma`deniy o`simliklerdi za`ha`rlep, o`nimin ha`m sapasin to`menletedi.

**Atizlardin` jabayi o`simlikler menen pataslang`anlig`in esapqa aliw, kartasin du`ziw.**

Atizlarda jabayi o`simliklerge qarsi gu`resiw ushin aldin olardi aniqlaw, qay da`rejede pataslang`anlig`in biliw, kartasin du`ziw ha`m olarg`a qarsi gu`res ilajlarin sho`lkemlestiriw kerek.

Diyxanshiliqta jabayi o`simliklerdi aniqlawdin` eki tu`ri bar: ***jalpilamay*** ha`m ***operativ***.

**Tiykarg`i yamasa jalpilamay aniqlaw.** Bul ha`r jili barliq atizlarda vegetatsiya da`wirinin` ortasinda toliq mag`liwmatqa iye boliw ushin o`tkeriledi. Aniqlawdin` mag`liu`matlari jabayi o`simliklerge qarsi ilaj islep shig`iw ha`m gerbitsidlerge buyirtpa beriw ushin tiykar boladi.

**Operativ aniqlaw**. Jabayi o`simliklerge qarsi ilaj islewden aldin o`tkeriledi. Aniqlaw barliq eginlerdin` vegetatsiya da`wiri basinda alip bariladi.

Operativ aniqlawdin` na`tiyjesi boyinsha o`simliklerdin` tu`ri, ilaj qollaniw maydani, qollaniw usili ha`m wakti, ha`r bir atizg`a gerbitsid mug`dari aniqlanadi. Jabayi o`simliklerdi esapqa aliw eki usilda: ***ko`z benen shamalap*** ha`m ***aniq esapqa aliw.***

Ko`z benen shamalap aniqlaw usili an`sat ha`m qolayli, sebebi bunda atizdin` diagonali boyinsha belgili bir araliqqa ju`riledi, jabayi sho`pler shamalap esapqa alinadi ha`m ball boyinsha baha beriledi.

Ball boyinsha baha beriw akademik A.I.Maltsevtin` to`mendegi to`rt balli shkalasinan paydalaniladi.

**1 ball**-ma`deniy o`simlikler arasinda jabayi o`simlikler 5% ke shekem;

**2 ball**-ma`deniy o`simlikler arasinda jabayi o`simlikler 5-25% ke shekem;

**3 ball**-ma`deniy o`simlikler arasinda jabayi o`simlikler 25-50% ke shekem;

4 **ball**- jabayi o`simlikler 50% ten joqari.

Ha`r bir almaslap egiw atizinin` jabayi o`simlikleri aniqlang`annan keyin aling`an na`tiyjeler jabayi o`simliklerdi esapqa aliw betlerine jaziladi. Keyin joqarida aytilg`an shkalag`a qarap atizdin` jabayi o`simlikler menen pataslaniw da`rejesi aniqlandi.

Jabayi o`simliklerdi aniq esapqa aliw usili ta`jiriybe islerinde atizlardin` jabayi o`simlikler menen pataslang`anlig`in aniqlawda ken` paydalaniladi.

Jabayi o`simliklerdi aniq usilda esapqa aliw waziypasina qaray a`piwayi ag`ash reykadan 0,25 yamasa 1 $m^2$ maydanda ramka jasaladi. Ag`ash ramkani jabayi o`simlik esaplaniwi tiyis bolg`an atizdin` eki diagonali boyinsha jurip, xarakterli bolg`an jerge qoyilip (1 ga maydannin` orta esapta 12 jerine) ramka ishindegi jabayi o`simlikler esaplanadi ha`m tu`rlerge ajiratiladi.

Na`tiyjede ag`ash ramka maydani ushin jabayi o`simliklerdin` ortasha mug`dari tabiladi ha`m gektar esabina aylandirip esaplanadi. Atizdin` jabayi o`simlik ha`m olardin` tu`rleri boyinsha pataslaniw da`rejesi ball boyinsha bahalanadi.

Atizdin` jabayi o`simlikler menen pataslang`anlig`in esapqa aliw bir jilda eki ma`rte, yag`niy erte ba`ha`rde ha`m gu`zde, o`nim jiynap-terip aling`annan keyin o`tkeriledi.

Jabayi o`simliklerdi esapqa aliw mu`ddeti jetilistiriletug`in egin tu`rine qarap ha`r kiyli boladi, yag`niy g`a`lle eginlerinde toliq tu`plewden o`nimdi jiynap alg`ansha, ot-sho`p eginlerinde 1-shi oraqqa shekem, qatar aralari islenetug`in eginlerde bolsa birinshi kultivatsiyadan aldin ha`m o`nimdi jiynawdan aldin o`tkeriledi.

Tekseriw na`tiyjesinde aling`an mag`liwmatlar tiykarinda atizlardin` jabayi o`simlikler menen pataslaniw kartasi du`ziledi.

Karta atizlardin` jabayi o`simlikler menen pataslang`anliq da`rejesi ballda, jabayi o`simliklerdin` tu`rlerin bo`lek-bo`lek tiyisli ren`lerde boyaw, shtirxlaw ha`m sha`rtli belgilerde ko`rsetiledi. Karta ha`r jili du`ziledi ha`m onin` astina sha`rtli belgileri beriledi. Karta atizlarda

jabayi o`simliklerdin` qurami ha`m mug`darinin` o`zgeriwine qarap olarg`a qarsi gu`resiw ilajlarin tan`lawg`a ha`m qollawg`a imkaniyat beredi.

Sorawlar

1. Jabayi o`simlikler qanday gruppalarg`a bo`linedi ?
2. Parazit ha`m parazit emes jabayi o`simlikler degen ne ?
3. Az ha`m eki jilliq jabayi o`simlikler degen ne ?
4. Ko`p jilliq jabayi o`simlikler ?
5. Jabayi o`simlikler qalay esapqa alinadi ?

## 9-Lektsiya
## Jabayi o`simliklerge qarsi gu`res usillari

Reje:

1. Jabayi o`simliklerge qarsi gu`resiw ilajlari
2. Agrotexnikaliq ha`m biologiyaliq ilalar
3. Jabayi o`simliklerge qarsi ximiyaliq gu`res
4. Gerbitsidlerdi qollaniw usillari

A`debiyatlar: 2, 3

Jabayi o`simliklerge qarsi gu`res ilajlari eki a`hmiyetli belgi tiykarinda o`tkeriledi.

1. Qollanilatug`in ilaj, qarsi gu`resiw qaratilg`an obekt tu`ri. Bunday ob`ektke jabayi o`simlikler jatadi (o`simlik, tuximi, miywesi, tamir paqali, qaptal tamirlari), sonday-aq tiykari ha`m olardin` tarqaliw jollari.

2. Jabayi o`simliklerdi joq etiwge qaratilg`an ilaj tu`ri.

Birinshi belgi boyinsha aldin aliw, joq etiw ha`m arnawli ilajlar dep bo`liwge boladi.

**Aldin aliw ilajlari** - olardin` tiykarinan joq etiw, jabayi o`simlikler tarqaliw ornin ha`m tarqaliw jollarin joq etiw.

**Joq etiw ilajlari**-jabayi o`simliklerdin` jer u`stindegi, generativ ha`m vegetativ organlarin joq etiwge qaratilg`an.

**Arnawli ilajlar**-jabayi o`simliklerdin` ziyanin kemeytiw, keyin ju`da` ziyanli ha`m qarantin o`simliklerdi joq etiwge qaratilg`an. Ayirim waqitlari bul qarantin ilajlari dep ataladi.

Ekinshi belgi boyinsha qarsi gu`resiw tu`rlerin to`mendegishe bo`liw mu`mkin; **fizikaliq, mexanikaliq, ximiyaliq, biologiyaliq, fitotsenotikaliq, ekologiyaliq, sho`lkemlestiriw ha`m kompleksli**.

**Fizikaliq ilajlarg`a**-jabayi o`simlikler o`sip turg`an orinnin` fizikaliq awhalin o`zgertiw. Bug`an ot jag`iw, topiraqti sterilizatsiyalaw, atizlardi suwg`a bastiriw (sali egiw), aymaqti qurg`atiw ha`m mulchalaw.

**Mexanikaliq ilajlar**- topiraqti islew qurallarinan paydalaniw (qirqiw, tirmalaw, ko`mip taslaw). Bug`an qosimsha qol menen tazalaw ha`m kiredi.

**Ximiyaliq ilajlar**- ma`deniy eginlerge ziyan keltirmesten jabayi o`simliklerge qarsi ximiyaliq preparatlardi (gerbitsid) qollaniw.

**Biologiyaliq ilajlar**- olarg`a qarsi ha`r qiyli organizmler ha`m olar paydalanatug`in aziq zatlardi qollaniw. Biologiyaliq ilajdin` agenti sipatinda ja`nlikler, kleshler, nematodalar ha`m zamarriqlardi qollaniw mu`mkin.

**Fitotsenotikaliq ilajlar**-bul jabayi o`simlikler menen ba`sekilese alatug`in eginlerdi egiw arqali olardin` o`sip rawajlaniyaina jol qoymaw.

**Ekologiyaliq ilajlar** topiraq jag`dayin ma`deniy o`simliklerge qolayli ta`repke o`zgertiw ha`m sonin` menen birge jabayi o`simliklerge qolaysiz jag`day jaratiw. Bul aeratsiyani, ig`alliqti, temperaturani, topiraq reaktsiyasin ha`m biologiyaliq aktivligin o`zgertiw bolip esaplanadi.

**Sho`lkemlestiriw ilajlari** ma`deniy o`simliklerdin` uliwma jag`dayin jaqsilawg`a qaratilg`an usillar ha`m jumis tu`rin qollaniw bolip esaplanadi. Bug`an atizlardi kartag`a tu`siriw, mal bag`ilatug`in orinlardi belgilew, sim ag`ashlardin` do`geregin tazalaw kiredi.

**Kompleksli ilajlar** bir yamasa eki tu`rli ilajlar toliq na`tiyje bermewi mu`mkin. Bunday jag`dayda bir neshe ilajlardi birgelikte qollaniw mu`mkin.

**Aldin aliw ilajlarina** egis materiallarin ha`m tuximlardi tazalaw, zu`ra`a`tti o`z waqtinda ha`m tuwri jiynap aliw, mallarg`a beriwden aldin ot-sho`pti tayarlaw, navozdi tayarlaw ha`m saqlaw, jap-salma, kanallar, atizlar jag`asindag`i jabayi o`simliklerdi joq etiw jumislari kiredi.

**Joq etiw** ilajina topiraqqa islew beriw arqali jabayi o`simliklerdin` jas na`llerin, o`simligin, tuximin, miywesin joq etiwge aytiladi. Provokatsiyaliq ha`m teren` su`riw, shu`digarlaw, kultivatsiyalaw ilajlari islenedi. Mexanikaliq joq etiw, quyashta tamirlardi quritiw, tamirlardan o`sip shiqkan o`simliklerdi joq etip turiw, tunshiqtiriw, jabayi osimliklerdi atizda joq etiw, egiske shekem ha`m son` tirmalaw.

**Fitotsenotikaliq ha`m biologiyaliq** ilajlar. Belgili bir ekologiyaliq jag`dayda belgili qurami, du`zilisi, bir birine tasiri menen minezlenetug`in ma`deniy ha`m jabayi o`simlikler toplamina **agrofitotsenoz** dep aytiladi. Fitotsenotikaliq ilajg`a o`simliklerdin` ba`sekilesiwi tiykar boladi. **Biologiyaliq** joq etiw bul ku`shli konkurent o`simliklerdi paydalaniw, bolip esaplanadi.

**Allelopatiya** ma`deniy ha`m jabayi o`simliklerdin` ba`sekilesiwin bioximiyaliq o`z ara ta`sirin iretlestiriw arqali erisiledi. Almaslap egiw atizlarda ha`r jili ha`r qiyli eginlerdin` egiliwi na`tiyjesinde jabayi o`simlikler kemeyedi.

**Egis mug`dari**. Jabayi o`simlikler menen pataslaniw da`rejesi ma`deniy o`simliklerdin` atizdag`i tu`p sanina baylanisli. G`awashanin` tu`p sani bir gektarda 100-120 min` boliwi kerek, da`n ushin ma`kke 40 min`, ju`weri-45 min`. Eger usinnan kem bolsa jabayi o`simliklerdin` ko`beyip ketiwine imkaniyat jaratiladi.

**Jabayi o`simliklerge qarsi ximiyaliq usillar.**

Ha`r qiyli organikaliq emes birikpelerdin` eritpeleri (temir kuporosi, azot qishkil mis, ammoniy sulfati, natriy nitrati, ku`kirt kislotasi, natriy arseniti) iri japiraqli jabayi o`simliklerdi joq etiw qa`siyeti bar ekenligi aniqlang`an.

Bul ximiyaliq zatlar **gerbitsidler** dep ataladi.(latinsha so`z herba-o`simlik, ceado-o`ltiriw).

Tan`lap ta`sir etiw tiykari. Gerbitsidler tan`lap ta`sir etiw qa`siyetine iye, yag`niy jabayi osimliklerdin` belgili bir topari ushin za`ha`rli ha`m ma`deniy o`simlikler ushin ziyansiz.

Tan`lap ta`sir etiwdin` bir sebebi bir jilliq jabayi o`simliklerdin` anatomiyaliq ha`m morfologiyaliq o`zgesheliginde.

Eki u`yli jabayi o`simliklerdin` japiraq plastinkalari iri ha`m gorizontal jaylasqanliqtan gerbitsid eritpesi jaqsi jug`adi ha`m ko`p uslap turadi. Olardin` o`siw tochkasi ashiq bolg`ani ushin tez ziyanlanadi.

Ma`deniy ha`m jabayi o`simlikler qollanilatug`in gerbitsidlerge reaktsiyasi boyinsha: **ta`sirshen`**-bular toliq nabit boladi; *orta ta`sirshen`*-toliq o`lmeydi, ha`lsizlenedi; *shidamli*-ha`lsiremeydi.

Az jilliq o`simlikler ta`sirshen` boladi. Ko`p jilliq o`simlikler shidamli boladi, sebebi olar az ziyanlang`an vegetativ ko`beyiw organlari arqali taza shaqa shig`aradi.

Gerbitsidlerdin` klassifikatsiyasi. Barliq gerbitsidler organikaliq zatlar esaplanadi. **Jalpilamay ta`sir etiwshi gerbitsidler**-ha`mme o`simliklerdi ziyanlaydi, **tan`lap ta`sir etiwshi gerbitsidler**-jabayi o`simliklerdin` belgili bir tu`rin o`ltiredi.

Jalpilamay ta`sir etiwshi gerbitsidlerdi egin egilmeytug`in jerlerge qollaniladi (jol shetleri, salma-kanallardin` jag`alari).

Tan`lap ta`sir etiwshi gerbitsidler ma`deniy eginler egiletug`in atizlarda qollaniladi. Ta`sir etiwi boyinsha gerbitsidler **kontaktli,** bul preparatlar tek tu`sken jerindegi tkanlardi ziyanlaydi,

**ishten ta`sir etiwshi** –o`simlikke tiygen jerinen barliq organizm boyinsha ha`reketlenedi ha`m onin` fiziologiyaliq funktsiyasin buzadi.

**Gerbitsidlerdi qollaniw usillari, mu`ddeti ha`m mug`dari.**

Gerbitsidlerdin` to`mendegi fizikaliq formalari bar:

**Poroshok**-suwda eriwshi ha`m suwda turaqli suspenziya payda etiwshi;

**Suw eritpeleri** ha`m **suwda eriwshi kontsentratlar; emulsiya kontsentrati** suwda turaqli ha`r qiyli kontsentratsiyali emulsiya payda etedi; granulalar quraminda 10% gerbitsid bar, toliqtiriwshi ha`m jabisqaq zatlar.

Qollaniw usili. Egisliklerdi ha`m topiraqti gerbitsidler menen islew usillari jalpilamay, qatarlap, lentali ha`m jabayi osimlik tarqaliw orayina. ***Jalpilamay*** **islengende** gerbitsid barliq maydang`a ten`dey sebiledi. Bul ha`mme egisliklerde ha`m atizlarda, egisten bos jerlerde qollaniladi.

Qatarlap ha`m lentali usilda qatar arasi islenetug`in eginlerde qollaniladi. Jabayi o`simlik tarqaliw orayina tiykarinan qarantin o`simliklerge qarsi gerbitsid sebiledi.

Qollaniw mu`ddeti. Qollaniw mu`ddeti boyinsha gerbitsidler: **egisten aldin** OVX-28 bu`rkegish penen tirmadan aldin yamasa tirma menen topiraqqa aralastiriladi. **Egis penen birge** – seyalkanin` izinen 15-20 sm polosa etip PGS-2,4 agregati menen sebiledi. *Egisten son`* gerbitsidler topiraqqa sebiledi.

O`simlik ko`gerip shiqqang`a shekem-bul na`l ko`gerip shiqpastan bir neshe ku`n aldin isletiledi.

O`nimdi jiynap alg`annan keyingi qollaniw bul gu`zde ko`gerip turg`an jabayi o`simliklerdi joq etiw ushin.

Gerbitsid mug`dari. Gerbitsidlerdi qollaniwdin` tiykarg`i usili-bu`rkiw. Texnikaliq preparattin` mug`darin 1 gektarg`a to`mendegi formula menen aniqlanadi.

$$M_m = \frac{100 \cdot Д_0}{A}$$

bunda $M_m$=texnikaliq preparat mug`dari, kg/ga;

$D_0$=tasir etiwshi zattin` usinis egilgen normasi, kg/ga;

A=texnikaliq preparat quramindag`i tasir etiwshi zat, %

Keyin quraminda bir gektarg`a belgilengen gerbitsidi bar eritpe normasi aniqlanadi. Suyiqliqtin` (Q) optimal normasin aniqlaw ushin maydan (S) aniqlanadi ha`m bir zapravkanin` (m) jetetug`in maydani aniqlanadi. Atizg`a sarplanatug`in eritpenin` optimal normasi to`mendegishe aniqlanadi:

$$Q = \frac{V}{S \cdot m}$$

Q-suyiqliqtin` optimal normasi, kg/ga

V-sebiwshi baktin ko`lemi, l

S-bir aylanip sebiletug`in maydan, $m^2$

m-bir zapravka jetkenshe aylanip sebiw sani.

Jabayi o`simliklerge qarsi ilajlar sistemasi.

Jabayi o`simliklerge qarsi ha`r bir ilajdi bo`lek qollaniw toliq na`tiyje bermeydi. Jabayi o`simliktin` beyimlesiwi, topiraqta tamir, paqal, tuximlarinin` ko`p boliwi olardi azaytiw ushin ilajlar sistemasin qollaniwdi talap etedi. Sistemag`a aldin aliw ilajlari ha`m barliq qarsi gu`res tu`rleri kiredi. Olardi birgelikte qollaniw jaqsi na`tiyje beredi.

Mexanikaliq ha`m fitotsenotikaliq usildi birgelikte qollaniw, mexanikaliq usil menen biologiyaliq usildi birgelikte qollaniw, mexanikaliq ha`m ximiyaliq usildi birge qollaniw, mexanikaliq, ximiyaliq ha`m fitotsenotikaliq usillardi birgelikte qollaniw jaqsi na`tiyje beredi.

Sorawlar

1. Qanday belgiler tiykarinda jabayi o`simliklerge qarsi gu`resiw bo`linedi?
2. Fitotsenotikaliq ha`m biologiyaliq gu`restin` parqi?
3. Mexanikaliq ha`m agrotexnikaliq usildin` parqi?
4. Topiraqtag`i jabayi o`simlik tuximlarinan qalay qutiliwg`a boladi?
5. Tamir paqalli ha`m qaptal tamirli jabayi o`simlikler menen gu`resiw ilajlari?
6. Parazit jabayi o`simliklerden qalay qutilamiz?
7. Ximiyaliq gu`restin` a`hmiyeti?
8. Gerbitsidler qalay klassifikatsiyalanadi?
9. Ishten ha`m kontakt ta`sir etiwshi gerbitsidler?
10. Jabayi o`simliklerge qarsi ilajlar sistemasi?
11. Ilajlar sistemasinin` na`tiyjesi.

## 10-Lektsiya
## Jerge islew beriw, su`riw usillari ha`m sapasi

Reje:

1. Jerge islew beriwdegi maxset
2. Jerdi su`riw usillari
3. Jerdi su`riw sapasi

A`debiyatlar 3

### Topiraqqa islew beriwdin` ilimiy tiykarlari

Topiraqqa tuwri islew beriw o`simlik ushin qolayli jag`daylardi jaratiwda a`hmiyetli esaplanadi. Onin` a`hmiyeti tuximnin` ko`geriwi, o`simliktin` o`siwi ha`m rawajlaniwi ha`m jabayi o`simliklerden qorg`awda bolip esaplanadi. **Awil xojaliq eginleri ushin optimal jag`day jaratiw, topiraq o`nimdarlig`in arttiriw, eroziyadan qorg`aw maxsetinde og`an mashina ha`m qurallardin` jumisshi organlari menen ta`sir etiw-topiraqqa mexanikaliq islew beriw** dep ataladi.

Atizda ma`wsim basinan aqirina shekem traktor ha`m basqa awil xojaliq mashinalarinin` basip o`tken izlerin esaplag`anda atiz maydaninan 1,5-2 ese artiq boladi. Bul topiraqtin` tig`izlaniwina aytarliqtay ta`sir etedi. Topiraqqa fizikaliq jetilisken waqitta islew beriw kerek.

Topiraqqa mexanikaliq islew beriwdin` waziypalari:

- topiraq o`nimdarlig`in saqlaw ha`m arttiriw;
- o`simlikke qolayli suw, hawa, jilliliq ha`m aziq rejimin jaratiw, mikrobiologiyaliq qubilislardin` jedellesiwin ta`miynlew, tamir sistemasinin` jaqsi o`siwi ha`m rawajlaniwi ushin qolayli jag`day jaratiw maxsetinde su`rim qatlami du`zilisin ha`m agregatliq quramin o`zgertiw;
- atizdi jabayi o`simliklerden tazalaw, tuximi, vegetativ ko`beyiw organlari, awil xojaliq eginleri ziyankesleri ha`m keselliklerinen tazalaw;

Tiykarg`i waziypalardan basqa jabayi o`simliklerdi topiraq astina jiberiw, to`gin beriw, ma`deniy o`simliklerdi egiw ha`m ko`gerip shig`iwi ushin jag`day jaratiw ha`m ta`rbiya jumislarin alip bariw.

Topiraqqa islew beriw teoriyasinin` rawajlaniwina u`lken u`les qosqan ilimpazlar V.V.Dokuchaev, P.A.Kostichev, V.R.Vilyams, A.G.Doyarenko, T.S.Maltsev, A.I.Baraev, V.P.Nartsissov, S.A.Naumov, O`zbekstannan M.V.Muha'medjanov, A.Qashqarov, A.Irmatov, E.P.Kondratyuk, A.Raximbaev, O.Saidumarov, F.Xasanova, I.Smetov ha`m basqalar.

## Topiraqti islew usillari, tu`rleri ha`m sistemasi

**Topiraqti islewdin` mexanikaliq usili**-bul topiraqti islewshi qurallardin` jumisshi organlari menen topiraqtin` jaylasiw profiline vertikal bag`itta ta`sir etiw da`rejesi ha`m xarakteri. Olar to`mendegi usillarg`a bo`linedi.

**Otvalsiz**-bunda topiraqqa islew beriwshi qurallar (plug) menen topiraq qatlamlarin orin almastirmastan vertikal bag`itta jumsartiw. Bul pluglardan` otvalin alip taslaw arqali orinlanadi.

**Otvalli**-bul topiraq qatlamlarin toliq vertikal bag`itta orin almastiradi, jumsartiladi, topiraq u`stin`gi qatlami to`menge tu`sedi, o`simlik qaldiqlari ha`m to`gin su`riletug`in qatlam boyinsha bo`listiriledi.

**Rotorli**-topiraqti islewshi qurallardin` aylaniwshi jumisshi organlari menen topiraq o`nimdarlig`in bir qiyli etiw maqsetinde orinlanadi. Bunda topiraq gorizontal bag`itta bir tegis maydalanadi ha`m aralastiriladi.

**Kombinatsiyalang`an usil**-bul otvalsiz, otvalli ha`m kombinatsiyalang`an otvallardin` topiraq gorizontallari ha`m qatlamlarina islew beriw mu`ddetleri boyinsha birgelikte o`tkeriliwi.

**Topiraqqa mexanikaliq islew beriw tu`rleri**. Topiraqqa islew beriw qurallari jumisshi organlari menen yamasa bir neshe texnologiyaliq operatsiyalardi orinlaw maqsetinde bir ma`rte ta`sir etiw-**topiraqqa mexanikaliq ta`sir etiw dep ataladi**.

Olar islew teren`ligi boyinsha olar 4 tu`rge bo`linedi.

**1. Topiraqti sayiz islew tu`ri**–bul qurallar menen topiraqqa 15 sm teren`likke shekem islew beriw.

***Aylanbali tig`izlaw***-bul tegis yamasa qabirg`ali katoklar menen plugtan keyingi izdi, keseklerdi maydalaw ha`m topiraqtin` u`stin`gi qabatin tegislew ha`m tig`izlaw.

***Tirmalaw***-tirma menen topiraqti maydalaw, jumsartiw, aralastiriw ha`m jabayi o`simliklerdin` bu`rtiklerin, na`llerin joq etiw ushin orinlanatug`in jumis. Bul «zig-zag» dep ataliwshi tisli tirma menen a`melge asiriladi.

***Diskalaw***-topiraqti aralastiriw, maydalaw, jumsartiw, u`stin`gi qabatti awdariw, jabayi o`simliklerdi maydalaw ushin aylanbali keskir do`n`gelekli qurallar menen iske asiriladi.

***Kultivatsiya***-bul topiraqti maydalaw, jumsartiw, aralastiriw ha`m jabayi o`simliklerdin` tamirlarin qirqiw ushin islenedi. Bul kultivatordin` ha`r qiyli jumisshi organlari (almas, noralnik, g`az ayaq) menen orinlanadi.

***Qariq jariw***-topiraqtin` u`stin`gi bo`leginen suwg`ariw maqsetinde qatar arasi islenetug`in eginlerge qariq alinadi. Bul kultivatorg`a arnawli qariq alg`ish quraldi ildiriw arqali iske asiriladi.

***Dombiqlaw***-qariq jariw yamasa teren` kultivatsiya waqtinda qatardag`i egin tu`plerine topiraqti u`yiw.

***Malalaw***-bul topiraqtin` u`stin`gi bo`legin tegislew, jumsartiw menen birge to`mengi qatlamin tig`izlaw ha`m ilinip turg`an jabayi o`simliklerdi joq etiw ushin orinlanadi.

2. **Topiraqti a`piwayi islew tu`rleri**-bul topiraqqa islew beriwshi qurallar menen aniq bir usil menen 16-25 sm teren`likke shekem ta`sir etiw.

***Su`riw*** - otvalli islew tu`ri bolip, topiraqti awdariw, jumsartiw,aralastiriw, jabayi o`simliklerdin` jer astindag`i bo`legin qirqiw, to`gin, tuximlardi, kesellikleri ha`m ziyankeslerdi topraqqa aralastiradi.

***Otvalsiz jumsartiw***–bul otvalsiz pluglar, chizeller, chizel-kultivatorlar menen topraqti maydalaw, jumsartiw ushin islenedi.

**3. Topiraqti teren` islew tu`rleri**-bul topiraqqa islew beriwshi qurallar menen islew beriletug`in qatlamdi ku`sheytiw maqsetinde 25-35 sm teren`lekte aniq bir usil menen ta`sir etiw yamasa islew.

***Topiraqtin` to`mengi qatlamin awdariw menen su`riw***-bul otvalli islew tu`ri bolip, topiraqti awdariw, maydalaw, jumsartiw, jabayi o`simliklerdin` jer asti organlarin qirqiw, jer u`stindegilerin, to`gindi, jabayi o`simlik tuximlarin, kesellik ha`m ziyankeslerdi topiraqqa aralastiriw ushin a`piwayi otvalli plug penen 25-30 sm teren`likke su`riledi.

***Otvalsiz islew beriw***- bul T.S.Maltsev ta`repinen oylap tabilg`an otvali aling`an plug penen 30-35 sm teren`likke jumsartiladi. Ol topiraqti maydalaydi, jumsartadi, jabayi o`simlikler tamirin qirqadi biraq topiraqti awdarmaydi.

**4. Topiraqti ju`da` teren` islew tu`rleri**-bul topiraq qatlamlarinin` jaylasiwin vertikal bag`darda o`zgertedi, islew beriw 35 sm den teren` boladi.

***Eki qabatlap plantaj su`riw***-bul otvalli islew tu`ri bolip, topiraqtin` to`mengi ha`m u`stin`gi qabatlarinin` orin almasiwin, maydalaw, jumsartiw, jabayi o`simlik tamirin qirqiw, jabayi o`simliklerdin` jer u`stindegi bo`legin ha`m tuximlarin, to`gindi, ziyankeslerdi ha`m keselliklerdi topiraqqa aralastiriw ushin 40 sm ha`m onnan teren`likte o`tkeriledi.

***U`sh qabatlap plantaj su`riw***-bul da otvalli islew tu`ri bolip, topiraqtin` u`sh qatlam gorizontinin` jaylasiwinin` vertikal bag`itta ornin almastiradi, maydalaydi, jumsartadi ha`m islew teren`ligi 50-75 sm.

**Topiraqti islew sistemasi**. O`siriletug`in eginlerdin` biologiyaliq o`zgesheliklerinen kelip shig`atug`in waziypalardi, almaslap egiwdegi ornin, topiraq-klimat jag`daylarin esapqa alip topiraqqa ***tiykarg`i*** ha`m ***egisten son` islew beriw usili*** ha`m ***tu`rlerine*** aytiladi.

Eginlerdin` biologiyaliq ha`m agrotexnikaliq o`zgesheliklerin esapqa alip to`mendegi topiraqti islew sistemalarina bo`linedi.

***1. Ba`ha`rgi eginler ushin***-ba`ha`rgi qatar arasi islenbeytug`in ha`m qatar arasi islenetug`in.

***2. Gu`zlik eginler ushin.***

***3. Araliq eginler ushin.***

Topiraqti islew sistemasi tiykarg`i egin aldi sibaylas eginlerine baylanisli alip bariladi.

Topiraqti islew sistemasi O`zbekstan Respublikasinin` topiraq-klimat jag`daylarina qarap bir-birinen o`zgeshe boliwi mu`mkin. Misali, jeri shorlanbag`an Tashkent, Samarkad, Namangan, Andijan oblastlarinin` jerdi islew sistemasi, topirag`i shorlang`an, shayip suwg`arilatug`in Qaraqalpaqstan Respublikasi, Xorezm, Buxara, Nawayi, Sirdarya oblastlarinin` jerdi islew sistemasinan o`zgeshelikke iye boladi. Sebebi, shayip suwg`arilg`annan keyin topiraq tig`izlanadi, aziq elementleri to`mengi qatlamlarg`a juwilip ketedi, topiraq artiqsha ig`alliqqa iye boladi, topiraq tez qatip qaladi, jas na`ldin` tamiri jaylasqan do`gerekke gazler payda bolip oni tez-tez jumsartiwdi talap etedi.

O`siriletug`in egin ha`m topiraq-klimat o`zgesheliklerine qaray topiraqti islew usillari ha`m tu`rleri yag`niy tiykarg`i, egis aldinan ha`m egisten son` islew beriwlerdi o`z ishine alatug`in topiraqti islew sistemasinin` ha`r qiyli variantlari qollaniwi mu`mkin.

**Topiraqti tiykarg`i islew**. Topiraqti islewdin` tiykarg`i waziypasin orinlaw ushin eginler jiynap aling`annan keyin topiraqqa ***birinshi teren` islew beriwge*** aytiladi. Bul tiykarinan bizin` jag`dayimizg`a jerlerdi gu`zde su`riw bolip esaplanadi.

**Topiraqqa egisten aldin islew beriw**. Tiykarg`i islewdi esapqa alg`an tu`rde topiraq-klimat jag`dayina ha`m eginlerdin` o`zgesheliklerine baylanisli o`tkeriledi. Bul plug, chizel, diskali tirma, tirma, mala menen o`tkeriledi.

**Egisten son` islew beriw**. Aldin o`tkerilgen tiykarg`i, egisten aldin islew beriwdin` na`tiyjeligin, eginlerdin` talabina qaray, topiraqtin` agrofizikaliq, biologiyaliq qa`siyetlerine, mikroflorag`a baylanisli o`tkeriledi. Bul jumis tiykarinan kultivator ja`rdeminde topiraqtin` suw, hawa, issiliq, aziq rejimi, aeratsiyani jaqsilaw, jabayi o`simliklerdi joq etiw ushin o`tkeriledi.

**Jerdi su`riw texnikasi**. Diyxanshiliqta jerdi su`riwdin` 3 usili qollaniladi, ***zagonli*** yamasa ***taxta***, ***aylanba ha`m tegis***.

***Zagonli su`riw***-ha`r bir atiz zagonlarg`a bo`linedi, bo`liw atiz maydanina, traktor ku`shine ha`m plugtin` su`riw enine baylanisli boladi. Atizdi zagonlarg`a tuwri bo`liw kerek. (36-keste)

**36.Atizdin` uzinlig`ina baylanisli zagonlardin` eni.**

| Atiz uzinlig`i, m | Traktorlar ushin zagon eni, m | | | |
|---|---|---|---|---|
| | K-700, Magnum | T-4A, BT-150 | DT-75 | MTZ-80 |
| 100m shekem | 50 | 40-50 | 30-40 | 20-30 |
| 100-200 | 60-70 | 50-60 | 40-50 | 30-40 |
| 201-300 | 70-80 | 60-70 | 50-60 | 40-50 |

Bul usilda su`rilgende atizdin` baslaniwi ha`m aqirinda traktor plugi menen aylaniw ushin maydan qaldiriladi. Bul qaldirilg`an maydan atizdi su`rip bolg`annan keyin enine su`riledi. Atizdi barliq jerinde su`rim teren`ligi birdey boladi.

Egerde su`rim zagonnin` shetinen baslanip ekinshi shetinde taman bolsa, zagonlar shegarasinda qariq payda boladi, al zagonnin` ortasinan baslasa ortada shel payda boladi.

**Aylanbali usilda su`riw**. Atizdin` bir shetinen baslanip ekinshi shetinen tamam boladi ha`m traktor bir ta`repke aylanip su`redi. Bul usil ha`zirgi waqitta derlik qollanilmaydi.




**42-su`wret. Jerdi zagonlarg`a bo`lip su`riw sxemasi.**
1-qariq payda boliwi; 2-shel payda boliwi.




**43-su`wret. Jerdi ishke ha`m sirtqa awdirap su`riwdin` gezeklesiwi.**

Tegis su`riw-bul qariq yamasa shel payda etpey su`riw. Bul aylanbali pluglarg`a K-700, T-4A, DT-75, BT-150 traktorlari maslastirilmag`an. Sonin` ushinda bul usil paydalanilmaydi.

Jer tiykarg`i yamasa egis aldinan su`rilgende onin` sapasina itibar beriliw kerek, yag`niy plug penen su`rilgende topiraq qatlamlarinin` awdariliwi duris boliwi kerek.

Topiraqqa tiykarg`i islew beriwde su`riletug`in qatlamnin` awdariliwi ha`m jumsartiliwi, jabayi o`simlikler jer asti bo`leginin` kesiliwi, to`gin ha`m o`simlik qaldiqlarinin` topiraqqa ko`miliwi ta`miyinlenedi.

Jer su`rilgende awdarilatug`in qabatlar 135$^0$C-145$^0$C qiyaliqta bir-birine jambaslasa, qabat ***shala***, qabat 180$^0$C awdarilsa, ***toliq*** awdarilg`an esaplanadi. (49-50 su`wret)

Jerdi su`riw tiykarinan pluglarda orinlanadi. Plugtin` lemexi qatlamdi astinan gorizontal jag`dayda kesedi, otval bolsa qatlam topirag`in awdaradi, maydalaydi. Plugqa ornatilg`an diskali pishaq qatlamdi vertikalina kesip, korpus moynina sho`plerdin` toplaniwina imkan bermeydi. Plugtin` a`hmiyetli bo`leklerinen biri predplujnik bolip esaplanadi ha`m tiykarg`i korpustin` aldina jaylastiriladi. Su`rimde predplujnik su`rim qatlaminin` joqari bo`leginen 12-15 sm teren`likte kesip, plug qarig`ina taslaydi. Predplujniktin` qamtiw ken`ligi tiykarg`i korpus qamtiw ken`liginin` 2/3 bo`legine ten`. Predplujnik penen qatlamnin` ko`miliwi tolig`iraq bolip su`rilgen jer tegis boladi. Predplujnikli plug penen su`rilgen jer ***ma`deniy su`rim*** bolip esaplanadi.

Jerdi su`riw sapasi plug otvallarinin` tu`rine baylanisli bolip, olar ***vint*** siyaqli, ***tsilindr*** siyaqli ***yarim vint*** siyaqli ha`m ***ma`deniy*** boliwi mu`mkin. ***Vint siyaqli*** otvalli plug jerdi su`riwde qatlamdi jaqsi awdaradi, biraq qatlam jaqsi maydalanbaydi. Sonin` ushin bul pluglardan mexanikaliq qurami awir topiraqlarda qollanilmaydi. Tsilindr siyaqli




**44 - su`wret. PYa-3-35 markali eki yarusli aspa plug.**
1-joqarg`i qatlam, 2-to`mengi qatlam




**45 - su`wret. PON-3-45 markali aylanba plug.**
1-shep korpus, 2-mwyesh keskish, 3-on` korpus, 4-pero,
5,6,7-plug ramasinin` detallari, 8-ornatiw maslamasi, 9-barmaq,
10-su`yenish do`n`gelegi, 11-gidravlikaliq tsilindr.




**46 - su`wret. PN-4-35 markali “Paxar” aspa plugi.**
1-korpus, 2-predplujnik, 3-diskli pishaq, 4-rama, 5-aspa,
6-tayanish do`n`gelek




**47 - su`wret. PD-3-35 markali eki yarusli aspa plug.**
1-joqarg`i qatlam, 2-to`mengi qatlam

otvalli plugta su`rilgen qatlamnin` vertikal kesimi aylananin` bir bo`legin esletedi. Bul otvallar qatlamdi jaqsi maydalaydi, biraq jaqsi su`rilmeydi. Sonin` ushin ha`m olardi mexanikaliq qurami jen`il ha`m qatar aralari islenetug`in eginlerden bosag`an jerlerdi su`riwde qollaniladi. Yarim vint siyaqli otvallardin` alding`i bo`legi-tsilindr siyaqli, keyingi bo`legi vint siyaqlig`a jaqin ko`riniste boladi.

Ma`deniy otvallardin` to`mengi bo`leginin` beti vint siyaqli, yarim vint siyaqli ko`riniste boladi ha`m ma`deniy otvalli pluglar qatlamdi jaqsi maydalaydi ha`m awdaradi.




**48-su`wret. Plug otvallarinin` tu`rleri.**
1-tsilindr siyaqli; 2-ma`deniy;
3-yarim vint ta`rizli; 4-vint ta`rizli

XVIII-a`sir aqirinda vint siyaqli otvalli plug oylap tabildi. Bul plug mexanikaliq qurami awir, ajiriqli topiraqlar ushin mo`lsherlengen bolip, su`rim qatlamdi $145^0$S awdaradi (50-su`wret)

Su`rilgen qatlamnin` u`stin`gi bo`legi qabirg`ali bolg`ani ushin atmosfera hawasina ko`birek jaqin boladi. Bul tiptegi pluglar mexanikaliq qurami jen`il topiraqli jerlerdi su`riwde qollanilmaydi.

1870 jili Rudolf Sakk yarim vint ha`m tsilindr siyaqli otvalli pluglardan ***ma`deniy otvalli plug jaratti***. Bul plug tiykarg`i korpusi aldina ken`ligi tiykarg`i korpustin` 2/3 bo`legine tuwra keletug`in predplujnik ornatilg`an. Predplujnik tiykarg`i korpus aldindag`i joqaridag`i qatlamdi kesip, plug qarig`ina taslaydi. Tiykarg`i korpus bolsa qatlamnin` to`mengi bo`legin predplujnik awdarg`an qatlamnin` u`stine taslap, ko`mip ketedi.

Bunday pluglarda jer sapali su`rilip beti tegis boladi, jaqsi maydalanadi, jumsartiladi. Sonin` ushin da oni ma`deniy plug dep ataydi.

**Jerdi predplujnikli plug penen su`riw**. Ha`zirgi waqitta jer ko`birek P-5-35, PN-4-35 markali tirkeme yamasa aspa pluglar menen su`riledi. Bul pluglardin` tiykarg`i korpus ken`ligi 35 sm, predplujnikleri 24 sm.

Keyingi jillarda predplujniklerdin` ken`ligin 27 sm ge shekem uzaytirilg`an PYa-3-35 markali eki yarusli pluglar islep shig`arildi. Ma`deniy pluglardag`i ayirim kemshilikler eki yarusli pluglarda belgili da`rejede saplastirildi.

Eki yarusli pluglar jerdi teren`irek su`redi. Topiraq jaqsi maydalanadi, jabayi o`simlikler tamirlari ha`m tuximlari teren`ge tu`sedi (44 ha`m 51 su`wret). Ja`ne eki yarusli plug anaerob ha`m aerob qubilislardi payda etiwde qolayli jag`day jaratadi. Topiraqtin` to`mengi qatlaminda hawa bolmag`anlig`i ushin anaerob jag`day payda boladi. Na`tiyje organikaliq zatlar mikroorganizmler ja`rdeminde bo`leklenip, topiraq qunarlig`in tiklew ushin kerekli shirindi payda boladi ha`m toplanadi. Kislorod jeterli bolg`an joqarg`i qatlamda aerob jag`day payda boladi, bunda organikaliq zatlar minerallizatsiyalanadi ha`m o`simliklerdin` aziqlaniwi jaqsilanadi.

**Qatlamdi awdarmay jerdi islew**. Son`g`i jillari samal eroziyasi ku`shli bolatug`in zonalarda jerlerdi awdarmastan, biyday paxallari ha`m tamirlari saqlang`an halda tiykarg`i islew beriw usili ken` qollanilmaqta. Aldin Zaurale jag`dayinda T.S.Maltsev ta`repinen topiraq qatlamin awdarmastan islew sistemasi islep shig`ilg`an ha`m ol bu`gingi ku`nde agrotexnikaliq ilajlar sistemasinda u`lken a`hmiyetke iye. (52-su`wret).

Bul sistemanin` mag`anasina qarag`anda, a`sirese ko`p jilliq jabayi o`simliklerden taza jerler 4-5 jilda bir ma`rte 30-40 sm teren`likte GR-2,7 qurali menen, qalg`an jerleri bolsa tiyisli qurallar menen 10-12 sm teren`likte jumsartiladi. (53-su`wret)

Bunda topiraqtin` qunarlig`i tiklenedi, suw, hawa ha`m aziq rejimi jaqsilanip, eginlerden joqari zu`ra`a`t aliw ushin jaqsi jag`day jaratiladi. Samal eroziyasi bolatug`in basqa rayonlarda jerler tegis jumsartiwshi kultivatorlar menen 16-30 sm teren`likte islenedi. Bunda biyday paxali, tamiri bolg`ani ushin saqlanip, shu`digardin` beti samal ta`sirinen saqlanadi.



**52-su`wret. T.S.Maltsevtin` plugi.**



**53-su`wret. Jerdi teren` jumsartatug`in qural GR-27.**



**49-su`wret. Qatlamdi $180^{0}$C awdarip su`riw.**



**50-su`wret. Qatlamdi $145^{0}$C awdarip su`riw.**




**51-su`wret. PYa-3-35 plugin isletiw texnologiyaliq sxemasi.**
1-joqarg`i topiraq qatlami; 2-to`mengi topiraq qatlami

## Su`riw sapasin bahalaw

Su`riw sapasi jerdi su`riw waqtinda yamasa su`rilgennen son` tekseriledi. Jerdi sapali su`riw ushin aldin plugti iske tuwri tayarlaw ha`m ko`zden o`tkeriw kerek. Su`riw tezligin, ha`reket jo`nelisin ha`m su`riw usilin aldin-ala aniqlaw jerdin` sapali su`riliwin ta`miyinleydi. Su`riw sapasi maydannin` diagonali boyinsha tekseriledi.

Jerdin` sapali su`riliwi bul ilajdin` o`z waqtinda o`tkeriliwine, teren`ligine, agregat burilatug`in orinnan taxtanin` aqirina shekem bir qiyli boliwina baylanisli.

Su`riletug`in qatlamnin` toliq awdariliwi ha`m maydalaniwi u`lken a`hmiyetke iye. Jon`ishqa tamiri ha`m biydayzar sapali su`riliwi kerek. Qatlam toliq awdarilmasa, erte ba`ha`rde jon`ishqa yamasa jabayi o`simlikler o`sip shig`adi, organikaliq massalar topiraqqa jaqsi ko`milmey, egin sapasiz egiledi. Organikaliq massalar, yag`niy o`simlik qaldiqlarinin` 10% ti topiraqqa ko`milmey qalsa, jer ***sapasiz su`rilgen*** esaplanadi.

Plug korpuslarinin` ha`r qaysisi awdarg`an qatlam bir-birine jabisip turiwi kerek, bolmasa olar aralig`indag`i organikaliq massalar ko`milmey qaladi. Agregat saatina 4-5 km tezlikte ju`rgende qatlamlar jaqsi awdariladi, bunnan kem bolsa, jaqsi awdarilmaydi ha`m jumistin` sapasi to`men boladi.

Korpustin` ken`ligi su`riw teren`ligine qarag`anda kishi bolsa, jer sapasiz su`riledi, sebebi qatlam toliq awdarilmay, bir qatar menen ekinshi qatardi ko`mip ketedi. Eger topiraq qurg`aq bolsa, qatlam ja`ne de sayiz awdariladi.

Su`rilgen jerlerde keseklerdin` payda boliwi topiraqtin` qay da`rejede maydalaniwin ko`rsetedi. Diametri 5 sm den u`lken kesekler bir $m^2$ jerde ortasha besewden aslam bolsa, su`riw ***qanaatlanarsiz*** dep esaplanadi. Araliq egin egiletug`in jer topirag`i jaqsi maydalaniwi kerek. Gu`zgi su`rimde kesek payda bolg`aninin` ziyani joq, sebebi qisqi jawin-shashinda olar maydalanip ketedi.

Jerdi su`riwde zagonlar tuwri aliniwi kerek, ol tiykarinan baslaniwdag`i zagonnin` tuwri shig`iwina baylanisli. Zagon naduris alinsa, ko`p jer su`rilmey qaladi. Ko`z benen shamalag`anda shala su`rilgen jer uliwma maydannin` 0,2% inen artiq bolmawi kerek, bolmasa jer qanaatlanarsiz su`rilgen esaplanadi.

## Sorawlar

1. Jerge ne ushin islew beriw ?
2. Topiraqtin` texnologiyaliq qa`siyetleri ?
3. Jerdi su`riw usillari ?
4. Jerdi su`riw qurallari ?
5. Eki yaruslap su`riw degen ne ?
6. Teren` jumsartiw degen ne ?
7. Otvalsiz su`riw degen ne ?
8. Su`riw sapasi degen ne ?

## 11-Lektsiya
## Gu`zgi shu`digar, su`rim qatlamin teren`lestiriw usillari

Reje:

1. Gu`zgi shu`digardin` a`hmiyeti
2. Gu`zgi shu`digar mu`ddetleri
3. Eki yarusli plug penen su`riw
4. Jerdi ha`r qiyli teren`likte su`riw
5. Su`rim qatlam teren`ligin arttiriw

**Gu`zgi shu`digar**. Gu`zgi su`rim agrotexnikaliq ilajlar ishinde o`simliklerdin` o`siwi, rawajlaniwi ha`m joqari zu`ra`a`t toplawinda u`lken a`hmiyetke iye.

Jerdi ha`r qanday usil menen su`riwge ha`m topiraqtin` u`stingi qatlamin qunarli halg`a keltiriw, onda ig`alliq toplaw ha`m hawa almasiwi ushin jeterli jag`day jaratiw, atizdi jabayi o`simliklerden, eginlerdi ziyankes ha`m kesellik qozg`awshi mikroblardan tazalaw ko`zde tutiladi. Bul waziypalardin unamli orinlaniwi jerdi shu`digarlaw mu`ddeti ha`m topiraqtin jag`dayina baylanisli boladi.

O`simliklerdin` o`siw da`wirinde o`tkerilgen ilajlar ha`m basqa qubilislar na`tiyjesinde gu`zde jerdin` u`stingi qatlaminda to`mengi qatlamina qarag`anda aziq elementleri ko`p toplanadi, Jerdi gu`zde su`riw arqali jabayi o`simlik ha`m ziyankeslerden tazalaw ushin en` qolayli imkaniyat jaratiladi. Jer gu`zgi shu`digar kilinganda topiraqtin` awdarilg`an kesekli qatlami  kesh gu`z ha`m qis waqitlarinda bolatug`in suwik ha`m waqti-waqti menen bolip turatug`in jawin shashinlar sebepli maydalanip, topiraq kunarli boladi. Shu`digarda atmosfera jawinlarinin` toplaniwi ha`m hawa almasiwinin` jaqsilaniwina mikroorganizmler ushin qolayli jag`day jaratip beredi. Jer gu`zde shu`digar qiling`anda topiraqtin fizikalik ka`siyetleri jaqsilanadi, jabayi o`simlik tuhimlari, ha`r tu`rli kesellik tarqatiwshi ziyankesler topiraqtin` teren` qabatlarina tu`sedi, tamirli ko`p jilliq jabayi o`simlikler joqarig`a shig`ip muzlaydi ha`m nabit boladi. Su`rimnen aldin jerge saling`an mineral ha`m organikaliq aziqlar, basqa organikaliq massalar o`simlik tamiri rawajlanatug`in teren` qatlamg`a tu`sedi ham o`simliklerdin` to`ginlerden paydalaniwi ushin qolayli jag`day ta`miynlenedi. Jer eki yarusli pluglarda teren` su`rilse, gu`zgi shu`digar sapali boladi.

Gu`zgi shu`digar ba`ha`rgi su`rimge qarag`anda sho`lkemlestiriw ta`repinende abzaliqqa iye, sebebi shu`digardan son` egin egilmeydi. Ba`ha`rgi su`rimdi jerdi qisqa waqit ishinde egin egiwge tayarlaw, texnika, qural ha`m jumisshi ku`shinen paydalaniwda qiyinshiliqlar tuwdiradi. Sapali o`tkerilgen gu`zgi su`rim ba`ha`rgi su`rimge qarag`anda g`awasha zu`ra`a`tin 10-20% ke arttiriw menen bir qatarda, zu`ra`a`ttin` sapasin jaqsilaydi. Gu`zgi su`rimnin` ba`ha`rdegi su`rimnen jane bir abzallig`i sonda, gu`zde su`rilgen jerde jetistirilgen g`awasha erte jetiledi ha`m mol zu`ra`a`t beredi.

Gu`zgi shu`digar na`tiyjeligin asiriw oni o`tkeriw ***mu`ddetine***, su`riw ***teren`ligine*** ha`m onin` ***sapasina*** baylanisli.

**Gu`zgi shu`digar mu`ddetleri.** Gu`zgi shu`digardin` sapali boliwi onin` o`z waqtinda o`tkeriliwi ha`m su`rim mu`ddetlerin tuwri belgilew menen baylanisli. Gu`zgi su`rim jer jetilgende-topiraq jaqsi maydalanatug`in waqitta o`tkeriliwi tiyis.

Su`riletug`in qatlam ju`da` qurip, yamasa topiraq muzlap qalg`an waqitta su`riwge bolmaydi, sebebi bunda u`lken-u`lken kesekler payda bolip, jer bir tegis teren`likte su`rilmeydi.

Paxta jetistiriwshi fermer xojaliqlarinda jer paxtani jiyip-terip aliwdan ham gu`zgi suwiqlar baslang`ang`a shekem su`riliwi kerek.

Respublikamizdin` arqa rayonlarinda g`awashadan bosag`an jerlerdi noyabr ayinin` basi, orayliq zonada noyabrdin` ekinshi on ku`nligi ha`m qubla zonada bolsa noyabrdin` u`shinshi on ku`nligi gu`zgi shu`digar ushin en` qolayli mu`ddet esaplanadi.

Ma`kke, aq ju`weri ham basqa eginlerden bosag`an jerlerdi joqarida ko`rsetilgen mu`ddetlerden aldinraq su`riw mu`mkin, sebebi olardin` o`nimi erte jiynap alinadi.

Gu`zgi shu`digar ko`rsetilgen mu`ddetlerde teren` ha`m sapali o`tkerilse topiraqta ig`alliliq ko`p toplanadi ha`m na`l toliq boladi.

**Gu`zgi shu`digar teren`ligi**. Gu`zgi shu`digar teren` o`tkerilse, topiraqtin` suw o`tkeriwshen`ligi, hawa almasiwi, aziq rejimi jaqsilanadi ha`m mikoorganizmlerdin` iskerligi tezlesedi. Bulardin` ha`mmesi o`z na`wbetinde eginlerdin` o`siwine, rawajlaniwina ha`m zu`ra`a`tligine jaqsi ta`sir etedi. Qaraqalpaqstan diyxanshiliq ilim-izertlew institutinda I.Smetov o`tkergen ta`jriybelerdin` mag`liwmatina qarag`anda, jerdi 30 sm den 40 sm teren`likte shu`digarlaw na`tiyjesinde topiraqtin` suw o`tkeriwshen`ligi gektarina 450-500 $m^3$ artiq boliwi ta`miynlendi.

Jerdi teren` shu`digarlaw shor topiraqtag`i duzlardin` juwiliwina jaqsi ta`sir etedi. Jerdi shu`digarlaw teren`ligi topiraqtin` bir qatar qa`siyetleri, yag`niy su`rim qatlam qalin`lig`i, su`rim qatlam to`meninin` o`nimdarsizlig`i, otlaqli topiraqlardin` qumli qatlamlarinin` jaylasiw teren`ligine qarap belgilenedi. Burinnan suwg`arip diyxanshiliq etiletug`in jerlerdi gu`zde 30-35 sm ham onnan da teren`likte su`riw kerek. Jan`a o`zlesirilgen jerlerdi 20-25 sm teren`likte su`riw jetkilikli.

**Jerdi gu`zde eki yarusli shu`digarlaw**. Qaraqalpaqstan diyxanshiliq ilim izertlew institutinda o`tkerilgen izertlewler jerdi PYa-3-35, PUYa-3-33 pluglari menen eki yaruslap su`riw a`dettegi (PN-4-35 ha`m P5-35 M markali) pluglarda su`riwge qarag`anda bir qansha abzalliqlarg`a iye ekenligin ko`rsetedi. Bunday su`rimde su`riw qatlami ten` ekige bo`linedi ha`m topiraq ju`da` jaqsi maydalanadi.

Jer eki yarusli su`rilgende topiraqtin` fizikaliq qa`siyetleri jaqsilanadi ha`m onda ig`alliq ko`p saqlanadi, biologiyaliq protsessler jaqsi o`tedi. Na`tiyjede o`simlik jaqsi aziqlanadi, rawajlanadi ha`m joqari zu`ra`a`t toplaydi.

A`dettegi usilda su`riwge mo`lsherlengen pluglar su`riw qatlamin awdarmaydi. Bunda organikaliq qatlamlar ha`m togin sayiz ko`miledi. Jer eki yarusli etip teren` su`rilse, su`riw aldinan jerge saling`an organikaliq-mineral aziqlar ha`m organikaliq qaldiqlar shirigen qabat qatlam astina teren` ko`miledi. Na`tiyjede anaerob jag`dayda organikaliq qaldiqlar tez shirimeydi.

Jer eki yarusli (0-15 ham 15-30 sm, 0-20 ha`m 20-40sm) etip su`rilse, g`awasha atizlarindag`i jabayi o`simlikler keskin azayadi. Na`tiyjede g`awasha zu`ra`a`ti gektarina 2,4 tsentnerden 2,9 tsentnerge shekem artadi (37, 38 keste).

**37. Jer su`riw texnologiyasinin` jabayi o`simlikler mug`darina ta`siri, dana, $m^2$ (I.Smetov, 1993)**

| q/s | Su`riw usili ha`m teren`ligi | Jabayi o`simlikler mug`dari | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 1-jilliq | 2-jilliq | 3-jilliq | Ortasha |
| 1. | A`piwayi usil, ha`r jili 28-30 sm | 15,7 | 20,0 | 10,3 | 15,0 |
| 2. | Eki yarusli, har jili 30 sm | 5,1 | 10,2 | 5,7 | 6,8 |
| 3. | Eki yarusli, har jili 40 sm | 5,7 | 8,6 | 5,9 | 6,4 |
| 4. | Eki yarusli, o`zgermeli 30, 20, 30 sm | 5,4 | 7,7 | 6,0 | 5,4 |
| 5. | Eki yarusli, o`zgermeli 40, 20, 30 sm | 5,2 | 5,6 | 4,5 | 5,3 |

**38. Jeri su`riw usili ha`m teren`liginin` g`awasha zu`ra`a`tine ta`siri, ts, ga (I.Smetov, 1993)**

| q/s | Su`riw usili ha`m teren`ligi | G`awasha zu`ra`a`ti 3 jilda ortasha | Qosimsha o`nim |
|---|---|---|---|
| 1. | A`piwayi usil, ha`r jili 28-30 sm | 28,2 | 00 |
| 2. | Eki yarusli, har jili 30 sm | 30,6 | 2,4 |
| 3. | Eki yarusli, har jili sm | 31,1 | 2,9 |
| 4. | Eki yarusli, o`zgermeli 30, 20, 30 sm | 30,9 | 2,7 |
| 5. | Eki yarusli, o`zgermeli 40, 20, 30 sm | 30,9 | 2,7 |

Suwg`arilatug`in diyxanshiliq jag`dayinda jer, tiykarinan 28-30 sm teren`likte su`riledi. Jer birdey teren`likte su`rilgende birinshi jili ko`milgen, biraq shirip u`lgermegen organikaliq qaldiqlar, jasawshan`lig`in jog`altpag`an jabayi o`simlik tuqimlari ha`m ha`r tu`rli kesellik qozg`atiwshi mikroorganizmler ekinshi jili ja`ne jer betine shig`adi. Bunda eginlerdi jabayi o`simlikler ziyanlawi ha`m har tu`rli kesellikler tarqaliwi mu`mkin. Su`riw teren`ligi o`zgerip barilsa, yag`niy jer birinshi jili 30 sm, ekinshi jili 22-24 sm, u`shinshi jili 28-30 sm teren`likte su`rilse jaqsi na`tiyje beredi. Sebebi birinshi jili 30 sm teren`likte awdarip su`riw na`iyjesinde ko`milgen anaerob jag`daydag`i ele shirip u`lgermegen organikaliq qaldiqlar to`gin ha`m jasawshan`lig`in jog`alpag`an jabayi o`simlikler tuqimi ekinshi jili 22-24 sm teren`likte su`rilgende jer betine shig`a almaydi. U`shinshi jili gu`zgi su`rim u`aqtinda 28-30 sm teren`likte birinshi jili su`riw na`iyjesinde qomilgen organikaliq qaldiqlar toliq minerallasqan, jabayi o`simlikler tuqimi ha`m kesellik qozg`atiwshi mikroorganizmler jasawshan`lig`in jog`altqan qatlam jer betine shig`ariladi. Na`tiyjede jer eki yarusli plugta ha`r jili birgelikli su`rilgenge qarag`anda su`riw teren`ligin o`zgertip su`rgende, su`rilgen qatlam bir tu`r o`nimdarliqqa iye boliwi, organikaliq qaldiqlardin` toliq minerallasiwi ha`m jabayi o`simliklerdin` atizda keskin kemeyedi.

Gu`zgi su`rim teren`ligi ha`r jili o`zgerip barilg`anda su`rilgen qatlam asti tig`izlanbaydi.

**Jerdi su`riw, su`rilgen qatlam teren`ligin asiriw.**

Ma`deniy eginlerden joqari zu`ra`a`t aliwda su`rilgen qatlam o`nimdarlig`inin` qalin` boliwinin` a`hmiyeti u`lken, sebebi, su`rilgen qatlam qansha qalin` bolsa, topraqtin` suw o`tkeriwshen`ligi, hawa almasiwi, aziq rejimi jaqsilanadi ham rawajlaniwi ushin qolayli jag`day jaratilip zu`ra`a`ti artadi.

Sonin` ushinda paxtashiliq fermer xojaliqlarinda son`g`i jillari gu`zgi shu`digar o`tkerilgen jerlerde zu`ra`a`t joqari bolmaqta. O`simliklerdin` jaqsi o`siwi ha`m rawajlaniwi tamir sistemasinin` jaqsi rawajlaniwina baylanisli. O`simliklerdin` jer asti bo`legi jaqsi rawajlansa, onin` jer u`stki bo`legi sonsha suw ha`m aziq zatlar menen jeterli da`rejede ta`miynlenedi. O`simlik tamirinin` teren` qatlamlarda rawajlaniwina su`rim qatlaminin` astinda payda bolg`an «plug tabani» qarsiliq qiladi.

Ko`pshilik o`simliklerdin` tamir sistemasi tiykarinan 50 sm ha`m onnan teren`irek qabatta rawajlanadi. Su`rim qatlam teren`ligin asiriw ushin aldin-ala su`rim qatlam astin awdariwg`a tayarlaw kerek. Bunin` ushin su`rim qatlam astin awdarmay jumsartiw kerek. Bunda GR-2,7, GN-0,8, KPG-2,2 markali teren` jumsartiw qurallari menen jerdi gu`zde 40-60 sm jumsartiladi (52-su`wret). Keyin a`piwayi awdarip su`riledi. Sonda topiraqtin` suw o`tkeriwshen`ligi, ig`alliq toplaw ha`m basqa qa`siyetler jaqsilanadi.

Jer teren` jumsartilg`anda topiraqtin` massasi azayadi, su`rilgen qatlam astinda «waqitsha suw» payda boladi. Toplang`an ig`aliliqtin` o`simliktin` suw rejimin jaqsilawda a`hmiyeti u`lken. M.V.Muha'medjanov ha`m S.Sulaymanovlardin` (1978) izertlewlerinin` juwmag`i

su`rim qatlamin 40-60 sm ha`m 75-80 sm ge shekem teren` jumsartiw onnan keyin 30 sm teren`likte su`rilgende g`awasha tamir sistemasinin` rawajlaniwina, onin` jaqsi o`siwi ha`m rawajlaniwina jag`day jaratilatug`inlig`in tastiyiqlaydi.

Ta`jikstan Respublikasi jag`dayinda X.I.Rashidov, N.D.Kolesnik ha`m N.S. Parishkuralardin` (1975) o`tkergen ta`jriybe juwmaqlari g`awasha-jon`ishqa almaslap egiwde jon`ishqani 3 jildan keyin 60 sm teren`likke awdarip keyingi jillari o`zgermeli su`rim teren`ligin qollaniw paydali ekenligin ko`rsetedi.

Qaraqalpaqstan diyxanshiliq ilim-izertlew institutinin` Shimbay rayoninda jaylasqan ta`jriybe xojalig`inda o`tkerilgen ta`jriybede jer 30-60 sm shekem jumsartilip, onin` g`awasha zu`ra`a`tine ta`siri aniqlandi. Bunda u`sh jilliq jon`ishqa 30 sm teren`likke a`piwayi ha`m eki yarusli plug, 40, 50 ha`m 60 sm teren`likke plantaj plug penen awdariladi. Keyingi jillari o`zgermeli teren`likte su`riledi. Ta`jriybe juwmag`inda jon`ishqag`a 40-50 sm teren`likke awdarip keyingi u`sh jilda 20, 25 ham 30 sm ge o`zgermeli teren`likte su`rilgende a`piwayi plug penen har jili 30 sm ge su`rgenge qarag`anda 3,2-4,6 tsentner qosimsha o`nim alindi (39-keste).

**39. Su`rim qatlam teren`liginin` g`awasha zu`ra`a`tine ta`siri**
**(K.Kalimbetov, 1993)**

| q/s | U`sh jilliq jon`ishqani awdariw teren`ligi, sm | G`awasha egiwden alding`i su`rim teren`ligi, sm | G`awasha zu`ra`a`ti, u`sh jilda ortasha , ts/ga | Qosim sha o`nim, ts/ga |
|---|---|---|---|---|
| 1 | A`piwayi plug penen 30 sm | 20-25-30 | 39,2 | 00 |
| 2 | Eki yarusli plug penen 30 sm | 20-25-30 | 40,9 | 1,7 |
| 3 | Plantaj plug penen 40 sm | 20-25-30 | 43,8 | 4,6 |
| 4 | Plantaj plug penen 50 sm | 20-25-30 | 42,4 | 3,2 |
| 5 | Plantaj plug penen 60 sm | 20-25-30 | 41,7 | 2,5 |

Sorawlar

1. Gu`zgi shu`digar degen ne ?
2. Gu`zgi shu`digar qay waqitta o`tkeriledi ?
3. Eki yarusli plug penen su`riwdin` a`hmiyeti ?
4. Jerdi ha`r qiyli teren`likte su`riw ne ushin o`tkeriledi ?
5. Gu`zgi shu`digar ba`ha`rdegi su`rimnen qalay o`zgeshelenedi ?

## 12-Lektsiya

## Jerdi ba`ha`rde su`riw, jon`ishqa ha`m g`a`lle egilgen jerlerdi su`riw

Reje:

1. Jerdi ba`ha`rde su`riw
2. Jon`ishqa egilgen atizdi su`riw
3. Biyday egilgen atizdi su`riw

A`debiyatlar: 3

### Jerdi ba`ha`rde su`riw

Gu`zgi su`rim topiraqtin` fizikaliq-ximiyaliq qa`siyetlerine ha`m eginnin` zu`ra`a`tine jaqsi ta`sir etedi. Egislik maydanlari ha`r qiyli da`rejede shorlang`an Qaraqalpaqstan Respublikasi, Xorezm, Buxara ha`m Nawayi oblastlarinda jerdi su`rmesten yamasa gu`zgi su`rimnen keyin sha`rtli tu`rde shor juwiw jumislari o`tkeriledi. Shor juwiwdan keyin topiraq tig`izlanadi. Ba`xa`rde egis aldinan bul jerlerdi ortasha ha`m jen`il topiraqlardi egin tu`rine baylanisli chizel yamasa diskli tirma menen, al awir topiraqlardi plug penen su`riw talap etiledi. Qaraqalpaqstan ha`m Xorezmnin` topirag`i shor, izey suwi jaqin ha`m jerdin` relefi tiykarinan tegis esaplanadi.

Eger shor juwilmasa topiraq quramindag`i duz mug`dari egilgen egin tuximlarinin` ko`gerip shig`iwina mu`mkinshilik bermeydi, egerde siyrek na`l ko`gergen jag`daydada keyingi o`siwi ha`m rawajlaniwi ju`da` to`men bolip, ayrim waqitlari o`simlik quwrap qaladi.

Topiraq shorlaniwinin` tiykarg`i deregi bolg`an jer asti izey suwlar jer betine jaqin jaylasqanliqtan shor juwiw jumislarinda biraz qiyinlastiradi. Sebebi, shorlaniw da`rejesine qaray ha`r bir gektarg`a 3 min`nan 6 min` $m^3$ suw beriledi. Eger izeykeshler islep turmasa izey suw jer betine jaqin boladi ha`m bunday jag`dayda shayip suwg`ariwg`a berilgen suw quraminda erigen duzlar menen oni toyindiradi. Natiyjede joqaridan to`menge ha`m izeykeshke qaray ag`is bolmaydi, topiraq shori juwilmaydi.

Sonliqtan, shor juwiw jumislarin izeykeshlerdi ba`rqulla isletip jer asti izey suwlarinin` teren`de jaylasiwina erisiwimiz ha`m usi waqitlari shor juwiwdi o`tkeriw kerek. Bul da`wir Qaraqalpaqstan respublikasi egislik jerleri ushin gu`z-qis aylarina tuwra keledi. Barliq egislik maydannin` 70% tin gu`zde, 30% tin ba`ha`rde shayip suwg`ariw kerek.

Ba`ha`rde samalli ku`nler ko`birek bolsa, jerdin` beti jetilip, to`mengi qabati su`riw ushin jetilmeydi ha`m qiyinshiliqlar tuwdiradi. Jerdin` u`stingi beti qurg`aqlaniwi na`tiyjesinde qalin` qatqalaq payda bolip jariladi. Bul su`rimde kesekler payda etip, to`mengi qatlamlarg`a ko`miledi ha`m topraqtin` ko`p ko`teriliwin ha`m aralarinda bosliq payda etedi. Jer betinin` topirag`i jumsaq bolgani menen to`mengi qabat topirag`i, kesekli, «otirmag`an» boladi. Bunday jerlerge qatar aralari islenetug`in egin egiw qiyin boladi. Egis qatarlari tuwri ha`m egiw teren`ligi birdey bolmaydi. Qatar aralarina da`slepki islew beriw wakitinda o`simliklerdin` tamiri ziyanlanadi yamasa u`ziliwi mu`mkin, na`tiyjede zu`ra`a`t kemiydi. Eger bunday jag`day bolsa su`rimnen son` topiraq bir neshe ret chizellenedi, mala basiladi, yag`niy to`mengi qabattan kesekler joqarig`a shig`arilip maydalanadi ha`m topiraq jaqsilap tig`izlanadi ha`m keyin tuxim egiledi.

### Jon`ishqa atizlardi su`riw

Jon`ishqa tamirinin` ba`xa`rde o`sip shig`iwinin` aldin aliw ha`m organikaliq massanin` shiriwin kemeytiw ushin jon`ishqa atizlarin su`riw texnologiyasin tuwri o`tkeriw kerek. Bunin` ushin jon`ishqa atizi awir diskli tirma menen uzinina ha`m kesesine ju`rilse jon`ishqa tamir moyni 2-3 bo`lekke kesiledi.

Jon`ishqani 20-25 oktyabrden 10-15 noyabrge shekem su`riw kerek. Su`riw teren`ligi ha`r bir zonanin` topiraq hawa jag`dayina qarap belgilenedi. Izey suwlar teren` jaylasqan qurg`aq ha`m qatti jerlerde jon`ishqani sapali su`riw ushin 7-10 ku`n aldin jerdi suwg`ariw kerek. Jon`ishqani 2 yarusli plugta teren` su`riw ja`nede jaqsi na`tiyje beredi.

Jon`ishqa tamir massasinin` shiriwine ta`sir etetug`in faktorlardan biri su`riw teren`ligi bolip esaplanadi. Jon`ishqani gu`zde 30-32 sm teren`likte su`rilgende tamirdin` shiriwi ha`m onnan ajiralip shiqqan ammiak gazi ba`ha`rde egilgen na`llerge keri ta`sir etedi ha`m ayirim

jag`daylarda oni quwratiwi mu`mkin. Sayiz ko`milgen tamirlar g`awashanin` qatar aralarina da`slepki islew berilgende onin` sapasiz orinlaniwina ha`m na`l siyrek boliwina sebep boladi.

Ilimiy-izertlew mag`liwmatlarina qarag`anda, jon`ishqa qaldiqlarin ha`m organikaliq qaldiqlar ko`p bolg`an atizlardi ha`r jili ha`r tu`rli teren`likte su`riw paydali eken.

U`sh jilliq jon`ishqani 40-60 sm teren`likke awdarip kelesi jillari egis aldinan 20,25,30,35 ha`m 40 sm teren`likte su`riw kerek. Egin maydanlarin ha`r jili o`zgermeli teren`likte su`riw jon`ishqa ha`m basqa eginler toplag`an organikaliq zatlardan na`tiyjeli paydalaniw, qa`rejetlerdi u`nemlegen halda joqari zu`ra`a`t jetistiriw imkaniyatin beredi.

**Biydayzarlardi islew o`zgeshelikleri**. Jalpilamay egilgen g`a`lle eginleri o`nimi jiynap aling`an atiz ***biydayzar*** dep ataladi. Biydayzarlar qatar aralari islenetug`in eginlerge qarag`anda o`zine ta`n qa`siyetleri menen o`zgeshelenedi. Sebebi, qurg`aq ha`m issi jaz jag`dayinda biyday o`nimi orip-jiynap aling`annan son` topiraq qurg`aqlanip ha`dden tis qatip ketedi. Topiraqtag`i shirindinin` kem boliwi onin` ja`nede ko`p tig`izlaniwina sebep boladi. Bunday jerlerdi su`riwden aldin tiyisli ilajlardi a`melge asiriw kerek. Su`riletug`in qatlam topirag`inin` fizikaliq qa`siyetlerin jaqsilaw, topiraq ig`alinin` puwlaniwin kemeytirip, jabayi o`simlikliklerdi ha`m olardin` tuqimin joq etiw, eginlerdin` aziq rejimin jaqsilaw maqsetinde topiraqtag`i o`simlikler o`zlestire alatugin aziq zatlardin` toplaniwina jag`day jaratatug`in ilajlardi a`melge asiriw kerek.

Topiraq belgilengen texnologiyada ha`m usilda islengen jag`dayda bul waziypalardi toliq orinlawg`a erisiw mu`mkin boladi. Biydayzardi islew sistemasi oni lushchilnikler, awir diskli tirma menen sayiz jumsartiw ha`m gu`zgi shu`digardan ibarat.

Jer su`rilgende payda bolatug`in keseklerdi maydalaw ushin jerge disk ha`m awir mala basiladi. Bul ilajlardin` ha`mmeside ku`tilgen na`tiyjeni bere bermeydi. Sonin` ushin o`nim jiynap aling`annan keyin biydayzar izinshe su`rilse, topiraq sapali islenedi. Bunda jer o`nimdi orip-jiynap alip, biraz keshiktirip su`rilgenge qarag`anda kesek 2-3 ese kem boladi ha`m ko`p jilliq jabayi sho`plerde keskin azayadi.

Suwg`arilatug`in zonalarda a`sirese shor topiraq jag`dayinda saban jiynap aliniwi menen biyday atiz suwg`ariladi, jer jetilisiwi menen plug penen su`rilip keyin «zig-zag» tirma ju`rgiziledi. Sutkanin` salqinraq waqtinda su`riw jaqsi na`tiyje beredi. Son` jer tegislenip, mala basiladi ham araliq egin egiwge boladi.

Sorawlar

1. Jer ba`ha`rde ne ushin su`riledi ?
2. Ba`ha`rdegi jer su`rim qay waqitta o`tkeriledi ?
3. Jon`ishqa atizlar qalay su`riledi ?
4. Biyday egilgen atizlar qalay su`riledi ?

## 13-Lektsiya
## Shu`digar ha`m onin` tu`rleri. Jerdi islew sanin minimallastiriw.

Reje:

1. Shu`digar o`tkeriwdin` a`hmiyeti
2. Shu`digar tu`rleri
3. Jerdi islew sanin minimallastiriw

**Shu`digar ha`m shu`digarlaw sistemasi**. O`zbekstan Respublikasi tawli ha`m taw aldi orinlarinin` ko`pshilik bo`leginde suwg`arilmaytug`in diyxanshiliq etiledi. Bul jerlerde jawin ig`allig`i esabinan tiykarinan g`alle jetistiriwge boladi.

Suwg`arilmaytug`in jerlerden alinatug`in o`nim jawin-shashin suwlarinin` topiraqta toplaniwi, saqlaniwi ha`m bo`listiriliwine baylanisli. Hawa isiy baslawi menen topiraqtag`i ig`alliqtin ko`plep puwlaniwi ha`m tez-tez bolip turatug`in qurg`aqshiliqlar bul jerde

diyxanshiliq ju`ritiwdi qiyinlastiradi. Sonin` ushin agrotexnikaliq ilajlar jawinnan toplanatug`in ig`alliqti saqlap qaliwg`a, topiraq o`nimdarlig`in asiriwg`a ha`m eginlerden joqari o`nim aliw ushin kerek bolg`an jag`daylardi jaratip beriwge qaratiliwi kerek.

Biyday atizdi tiyisli teren`likte awdarip su`rip, jil dawaminda egin egilmey, arnawli ajiratilg`an atiz ***shu`digar*** dep ataladi. Shu`digarg`a jil dawaminda yamasa jazdin` yarimina shekem egin egilmey jabayi o`simliklerdi joq etiw ushin qurg`aq islew berip turiladi. Islew beriw na`tiyjesinde shu`digarlang`an jer bos ha`m jabayi o`simliklerden taza boladi, onda ig`alliq ko`p toplanadi, aziq zatlar ko`beyedi ha`m biydaydin` tu`rli kesellik ha`m ziyankesleri azayadi. Atizdi jil dawaminda yamasa jildin` yarimina shekem shu`digar tu`rinde bos qaldiriw joqarida ko`rsetilgen zonalarg`a tuwra keledi, al shorlang`an topiraq jag`dayinda bul mu`mkin emes.

Biyday atizlardi su`riw mu`ddetine qaray ***qara shu`digar*** ha`m ***taza_shu`digarg`a*** bo`linedi. Taza shu`digar o`z nawbetinde ***erte, orta, kesh*** ha`m ***ba`nt*** shu`digar bolip bo`linedi.

***Egin o`nimi jiynap aling`annan da`rhal jer su`rilse qara shu`digar dep ataladi.***

Ayirim waqitlari biyday o`nimi jiynap aling`annan keyin kelesi jili ba`ha`rge shekem jerge islew berilmeydi. Kelesi jili ba`ha`rde tiykarg`i su`riw o`tkerilip ha`m egin egilmey tek jabayi o`simliklerge qarsi qurg`aq islew beriletug`in atizlar ***taza shu`digar*** dep ataladi. Ba`ha`rgi su`riw mart ayinda o`tkerilse-**erte**, aprelde o`tkerilse-***orta***, may ayinda o`tkerilse-***keshki taza shu`digar*** dep ataladi.

Taza shu`digardin` paydalilig`in ha`m jerden o`nimli paydalaniw ushin ol ba`nt shu`digar menen almasip turadi.

***Qara yamasa taza shu`digarg`a qandayda qatar arasi islenetug`in egin egilgen jer ba`nt shu`digar dep ataladi.***

Topiraq o`nimdarlig`in asiriw maqsetinde egilgen ***sideratlarda ba`nt shu`digar esaplanadi.***

**Jerdi islew sanin minimallastiriw**. Jerdi egiske tarlawda ha`r qiyli operatsiyalar o`tkeriw waqtinda agregatlar atizda bir neshe ma`rte ju`rip o`tiwi sebepli topiraqtin` suw ha`m fizikaliq qa`siyetleri to`menleydi.

Mexanikaliq qurami jen`il, strukturasiz, qurg`aq topiraqlarg`a ko`p jumislardin` orinlaniwi ziyan boladi. Sonin` ushin suwg`arilatug`in diyxanshiliqta jerdi islew sanin kemeytiw a`hmiyetli ma`selelerden esaplanadi.

Ilimiy izertlew inistitutlari mag`liwmatlari boyinsha jerdi islew sanin kemeytiw to`mendegi bag`darlarda alip bariliwi mu`mkin.

1. Jerdi su`riw teren`ligin differentsiatsiyalaw;
2. Jerdi tiykarg`i islewge su`rim qatlaminin` maydalaniwin jaqsilaytug`in ha`m atizdin` tegis boliwin ta`miynleytug`in aktiv organli qurallardan paydalaniw;
3. Ba`ha`rde egis aldinan islenetug`in jumis sanin kemeytiw, texnikanin` bir ju`riisnde bir neshe jumisti orinlaw;
4. Atizda traktor bir ju`riste bir neshe jumisti orinlaytug`in kombinatsiyalang`an agregatlardan paydalaniw;
5. G`awasha ha`m basqa eginler ta`rbiyasinda agrotexnikliq ilajlardi qosip o`tkeriw esabinan kultivatsiya sanin qisqartiw.

Respublika paxtashiliq xojaliqlarinda g`awasha birinshi suwg`a shekem 3-5 ma`rte kultivatsiya islenedi, 2-3 ma`rte qariq jariladi, 2-3 ret tirmalanadi, 2-3 ret kultivatsiya islenedi, 2-3 ret suspenziya beriledi, ziyankeslerge qarsi da`ri sebiledi, defolyatsiya ha`m chekanka islenedi. Solay etip traktor atizda 10-15 ma`rte ju`rip o`tedi.

Qaraqalpaqstan diyxanshiliq ilim izertlew institutinda g`awashani kultivatsiya islew sanin qisqartiwdin` g`awasha o`siwi, rawajlaniwi ha`m zu`ra`a`tine ta`sirin aniqlaw boyinsha M.Ismaylovtin` (1997) o`tkergen ta`jriybe jumislari 8 ma`rte kultivatsiya islegenge qarag`anda 5 ma`rte kultivatsiya islengende 1,5-1,4 tsentnerge artqanlig`in, topiraq ko`lem salmag`i, suw o`tkeriwshen`ligi jaqsilanatug`inlig`i ha`m energiya shig`imlarinin` a`dewir kemeyetug`inlig`in ko`rsetedi. (40-su`wret)

Jerdi egiske tayarlaw ha`m qatar arasina islew beriw jumislarin` sanin kemeytiw ha`r ta`repleme paydali esaplanadi.

**40. G`awashani kultivatsiyalaw ha`m tu`p saninin` g`awasha zu`ra`a`tine ta`siri (M.Ismaylov, 1997)**

| q/s | G`awasha sorti | Bir gektar g`a tu`p sani, min` | Kulti vatsiya islew sani | U`sh jilda ortasha zu`ra`a`t ts/ga | Ayirmashilig`i, ± | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | Tu`p sani boyinsha | Kulti vatsiya islew sani boyinsha |
| 1. | Shimbay-3010 | 80 | 8 | 26,5 | 00 | 00 |
| 2. | Shimbay-3010 | 100 | 8 | 29,4 | 2,9 | 00 |
| 3. | Shimbay-3010 | 120 | 8 | 29,9 | 3,4 | 00 |
| 4. | Shimbay-3010 | 80 | 5 | 27,8 | 00 | 1,3 |
| 5. | Shimbay-3010 | 100 | 5 | 30,5 | 2,7 | 1,1 |
| 6. | Shimbay-3010 | 120 | 5 | 31,3 | 3,5 | 1,4 |

Sorawlar

1. Ne sebep shu`digar islenedi ?
2. Shu`digarlawdin` tu`rleri ?
3. Shorlang`an jerlerge shu`digarlaw o`zgeshelikleri ?
4. Jerdi islew sanin minimallastiriw degen ne ?

## 14-Lektsiya
## Jerge egin egiwdwen aldin islew beriw.

Reje:

1. Jerdi egin egisten burin islew

A`debiyatlar: 1, 2, 3

**Jerge egisten aldin islew beriw**. Suwg`arilatug`in diyxanshiliq jag`dayinda ba`ha`rgi eginlerden joqari zu`ra`a`t aliw su`rimdi egin egiw aldinan o`z waqtinda sapali etip islewge baylanisli. Bundag`i qoyilatug`in tiykarg`i talaplar topiraqtin` u`stingi qatlamin tuqim jaqsi ko`miletug`in, normal o`nip shig`iw ha`m rawalaniwi ushin qolayli jag`day jaratilatug`in etip jumsartiw ha`m hawa almasiwin jaqsilaw; topiraqtin` to`mengi qatlaminan tuqimg`a ig`alliq kelip turiwin ta`miynlew; shayip suwg`ariwda toplang`an ig`alliqti saqlap qaliw; jabayi o`simliklerdi joq etiw.

Jerdi egis aldinan islew **tirmalawdan** baslanadi. Tirmalang`an atizdin` beti tegislenedi, endi o`sip kiyatirg`an jabayi o`simlikler joq etiledi. Kesekler maydalanadi, payda bolg`an qatqalaq jumsartiladi ha`m ig`alliq puwlaniwinin` aldi alinadi. Jerdi egiske tayarlaw erterek baslang`anda ig`alliq jaqsi saqlanadi, shigitti optimal mu`ddetlerde egiwge ha`m toliq na`l aliwg`a imkanyat jaratiladi.

Jerdi egin egiwge islewdi jer tapqa kelmesten aldin baslap jiberiwde u`lken ziyan keltiredi. Sebebi, su`rimnen keyin atizda topiraq payda bolmastan egilce ilaydan ibarat iz qaladi. Topiraqtin` 25-30 sm qatlami tapqa kelgennen keyin baslaw kerek. Qaraqalpaqstan Respublikasi, Xorezm, Buxara ha`m Nawayi oblastlarinin` shori juwilatugin maydanlarinda usi teren`liktegi qatlam tapqa kelgennen keyin baslaw kerek. Al egislik maydanlardin` shori juwilmaytug`in, oni gu`zde shu`digarlap jawin-shashin ig`allig`i esabinan tuqimdi ko`gertetug`in jag`daylardag`i

Tashkent, Samarkand, Andijan, Namangan, Jizzax, Qashqadarya, Surxandarya oblastlarinda jerdin` u`stin`gi 8-10 sm qatlami tapqa keliwden baslanadi.

Ha`r eki jag`dayda da tapqa keliwdin` kalendarliq ku`nlerin aniq aytiwg`a bolmaydi. Sebebi, bul hawa rayina, jawin mug`darina, topiraq jag`dayina, jer asti izey suwlarinin` jaylasiw teren`ligine, shor juwiw mu`ddeti ha`m sapasina, meliorativlik jag`daylarg`a baylanisli bolg`anliqtan ha`r bir rayon, fermer xojalig`i ha`m ha`r bir atizdin` o`zine ta`n o`zgeshelikleri bar.

Atiz topirag`inin` shori juwilg`annan keyin tapqa keliwin aniqlawdin` a`piwayi usillari bar. Oni atiz jag`dayinda aniqlawg`a boladi. Eger atizdin` bir ta`repi yag`niy u`shten bir bo`legi yamasa yarimi oy bolsa onin` basqa bo`legi menen birdey waqitta tapqa keliwi ushin biyik jag`in tirmalap mala basiladi, 3-5 ku`nnen keyin atiz bir waqitta tapqa keledi. Oni aniqlaw ushin atizdin` dioganali boyinsha ha`r jerden beldi toliq batirip topiraq alinadi ha`m 1,5 m biyiklikten jerge taslanadi. Eger topiraq ezilip tarqalip ketse jer tapqa kelgeni, eger buzilmastan bir turista tu`sse ele erte, al shan` payda bolip iri keseklerge bo`linse jer taptan shig`ip ketkeni boladi.

Ja`ne sol bel menen aling`an topiraq qol menen qisip ko`riledi, eger ilay bolip topiraq bo`lekshelerge ajiralmasa ele tapqa kelmegeni, qolda qisilmay qattilig`i sezilse taptan shig`ip ketkeni, al qolg`a juqpay jen`il ezilip topiraq payda bolsa tapqa kelgen bolip esaplanadi.

Ba`ha`rde su`riletug`in jerdi ilaji barinsha erterek, tapqa keliw menen islew kerek. Solay etkende topiraqta toplang`an ig`alliq jaqsi saqlanadi, egis da`wirindegi qiyinshiliqlar saplastirilip, egis qisqa ha`m qolayli mu`ddetlerde o`tkeriledi. Egislik jerlerdi o`z waqtinda sapali etip tayarlaw eginlerden joqari zu`ra`a`t aliwdin` tiykari bolip esaplanadi.

## 15-Lektsiya
## Awil xojalig`i eginlerin egiw usillari. Jerge egin egiwden keyin islew beriw.

### Reje

1. Awil xojaliq eginlerin egiw usillari
2. Egis sapasi
3. Jerge egin egiwden keyin islew beriw

A`debiyatlar: 1, 2, 3

### Awil xojaliq eginlerin egiw usillari

**Egiske tiykarg`i talap**. Egis bul awil xojaliq eginlerin intensiv texnologiyada jetistiriwdegi a`hmiyetli texnologiyaliq operatsiya esaplanadi. Ma`deniy eginlerdi o`mirlik faktorlar menen ta`miyinlewde olardin` biologiyaliq talabiN qanaatlandiriw ha`m joqari zu`ra`a`t aliwda, olarg`a za`ru`r optimal aziqlaniw maydani, tuwri egis teren`ligi ha`m tiykarlang`an egis normasi boliw kerek.

Eginlerdin` joqari o`nimdarlig`i ko`pshilik waqitta ***egis mu`ddeti***, ***usili*** ha`m ***tuxim sapasina*** baylanisli boladi. O`z waqtinda ha`m sapali etip egilgende tuximnin` ko`gerip shig`iwi ushin qolayli jag`day jaratiliw menen birge optimal tu`p qalin`lig`i boladi.

**O`simliktin` tu`p sanina** egis mug`dari, atiz ko`geriwshen`ligi ha`m o`simliktin` jasawshan`lig`i ta`sir etedi. Tuximnin` laboratoriyaliq ko`geriwshen`ligi atiz ko`geriwshen`liginen joqari boladi. Atiz ko`geriwshen`ligi atiz jag`dayinda aniqlanadi.

**Aziqlaniw maydani – bul bir o`simlikke tuwra keletug`in atiz maydani.** Optimal aziqlaniw maydani bul ha`r bir gektardan joqari ha`m sapali zu`ra`a`t aliwdi ta`miyinleytug`in maydan bolip esaplanadi. Ha`r bir o`simliktin` optimal aziqlaniw maydani ta`jiriybede aniqlanadi. Onnan joqari yamasa kem boliwi zu`ra`a`ttin` kemeyip ketiwine alip keledi.

Aziqlaniw maydani o`simliktin` jer u`stindegi massasina baylanisli boladi. Ma`selen, g`awasha ushin tu`p sani 100-120 min`, ma`kke ha`m ayg`abag`ar ushin 40-45 min`, gu`zlik biyday ushin 3-5 mln tu`p bolg`anda ha`r bir o`simlik ushin optimal aziqlaniw maydani jaratiladi.

**Tuximnin` egis mug`dari** onin` egiske jaramlig`in esapqa alg`an tu`rde egiletug`in ko`geriwshen` tuximnin` mug`dari yamasa massasi menen aniqlanadi. Iri tuximli o`simliklerdin` egiletug`in tuxim sani kem, mayda tuximlardin` tuxim sani ko`p boladi. Egis mug`darinin` ziyat boliwi tu`p saninin` artiwina alip keledi, o`simlik jatip qaladi ha`m zu`ra`a`t toplawi ushin qolaysiz jag`day payda boladi. Topiraq klimat jag`dayin esapqa alip optimal egis mug`dari joqari zu`ra`a`t aliwdi ta`miyinleydi. Egis mug`darin retlestiriw menen o`simliktin` jasaw jag`dayin (jaqtiliq, suw, aziq) jaqsilaw mu`mkin. Egis mug`darin ha`r bir biologiyaliq o`zgeshelikleri ha`m sortin esapqa alip belgileydi. Egis mug`darin belgilew ushin tuximnin` egiske jaramlig`i aniqlanadi.

$$\textbf{EJ} = \frac{T_m x T_k}{100\%}$$

EJ – egiske jaramlig`i, %

$T_m$ – tuximnin` tazalig`i, %

$T_k$ – tuximnin` ko`geriwshen`ligi, %

Tuximnin` tazalig`i 99% ha`m ko`geriwshen`ligi 95% bolg`anda egiske jaramlig`i

$$\textbf{EJ} = \frac{99x95}{100} = 94{,}05\%$$

Optimal egis mug`dari ta`jiriybede aniqlanadi, al belgilengen mug`dardin` salmag`in (C, kg/ga) to`mendegi formula menen

$$\textbf{C} = \frac{100 \cdot T_c \cdot A}{ЕЖ}$$

C = salmag`i, kg/ga;

$T_c$ = tuxim sani, mln 1 ga

A = 1000 dana tuximnin` salmag`i

EJ = egiske jaramlig`i, %

Eger 1 gektarg`a 5 mln dana tuxim egiw kerek bolsa, 1000 dana da`nnin` salmag`its 50 g ha`m egiske jaramlig`i 94,05%. Egis mug`dari to`mendegishe boladi.

$$\textbf{C} = \frac{T_c x A \cdot 100}{ЕЖ} = \frac{5 \cdot 50 \cdot 100}{94{,}05} = 265 кг/га$$

**Tuximdi egiw teren`ligi** bul topiraq betinen vertikal jo`neliste tuxim tu`setug`in orinnin` to`mengi shegerasina shekemgi araliq. Ol o`simliktin` biologiyaliq o`zgesheligi, tuxim iriligi, topiraq ig`allig`i ha`m o`nimdarlig`ina baylanisli boladi.

Iri tuximlar teren` egiledi, sebebi onda aziq zapaslari ko`p, al mayda tuximlar sayiz egiledi (jon`ishqa, tari), bularda aziq zapaslari kem boladi.

Tuxim endi alinatug`in zu`ra`a`ttin` tiykari bolip esaplanadi. Ha`r qanday egin ushin kelesi jilg`a tuxim tayarlanadi. Tuxim tayarlawdag`i tiykarg`i sha`rt tuxim alinatug`in o`simlik sol egilip atirg`an sortqa ta`n boliw kerek. Misali, g`awasha ha`m biyday atizlarinda basqa sortlar aralasip ketken boliwi mu`mkin. Bul tuxim tayarlanatug`in atizlarda tuxim tayarlawdan aldin tazalaw jumislari o`tkeriledi, yag`niy sol sortqa ta`n bolmag`an o`simlikler julip atizdan alip shig`iladi.

Tuximdi basqa tuximlar, sing`an yamasa push tuximlardan, o`simlik qaldiqlarinan tazalap standart talaplarina juwap beretug`in tazaliqqa alip kelgennen keyin, belgili da`rejedegi ig`alliq penen oni saqlawg`a qoyiladi. Saqlaw da`wirinde ha`r egin tuximi ushin arnalg`an da`riler ziyankeslerge ha`m keselliklerge qarsi sebiledi.

**Egis usillari**. Erte jillarda barliq awil xojaliq eginleri tuximlari qol menen shaship egiletug`in edi. Keyingi jillari eginlerdin` tu`rine qarap seyalkalar oylap tabildi. Seyakalar menen egilgende tuwri qatar menen, bir tegis, birdey teren`likte ha`m atizdin` ha`mme jerinde ten`dey tu`p sani boladi.

Tuximdi seyalkada egiw tiykarinan eki waziypani sheshedi.

1. O`simlik tuximin bir tegis ko`gertip aliw ushin birdey teren`likke egiw, egis mug`darin saqlaw, atizda tu`p saninin` birdey boliwi, topiraq ig`allig`i, aziq elementleri ha`m jaqtiliqtan toliq paydalaniwdi ta`miyinlew.

2. Eginlerdi ta`rbiyalaw jumislarinda mexanizatsiyadan paydalaniw ushin qatarlardin` tuwri boliwi, ken`ligi ha`m uyalar arasinin` birdey boliwina a`mel qiliw.

Eginlerdin` tu`rine qarap to`mendegi egis usillari qollaniladi.

**I. Qatar arasi islenbeytug`in eginlerdi jalpilamay egiw.**

1. Jalpilamay qatarlap egiw.
2. Tar qatarlap egiw.
3. Shaxmat usilinda egiw.
4. Lenta usilinda egiw.
5. Qariq ultanina egiw.

**II. Qatar arasi islenetug`in eginlerdi ken` qatarlap egiw.**

1. Kvadrat uyalap egiw.
2. Ken` qatarlap egiw.

**Jalpilamay qatarlap egiw**. Bul usil menen arpa, biyday, suli ha`m basqa eginler egiledi, qatar arasi 13-15 sm ha`m o`simlikler arasi 1-1,5 sm boladi.

**Tar qatarlap egiw**. Arpa, biyday, jon`ishqa ha`m basqa eginler egiledi. Qatarlar arasi 6-8 sm, o`simlikler arasi 3-4 sm boladi.

**Shaxmat usilinda egiw**. Bul masaqli da`n, jon`ishqani egiwde qollaniladi. Shaxmat usilinda egiw ushin seyalka bir gektarg`a jumsalatug`in tuxim mug`darinin` yarimi sarplanatug`inday etip sazlanadi. Sol mug`dardag`i tuxim bir bag`itta egiledi, qalg`an yarimi ekinshi bag`it boyinsha da`slepkisine keselep egiledi. Shaxmat usilinda egilgen eginler qatarlap egilgenge qarag`anda ig`alliqtan, jaqtiliqtan ha`m aziq eelemntlerinen jaqsi paydalanadi.

**Lenta usilinda egiw**. Bunda eki yamasa bir neshe qatar bir birine jaqin egiledi. Qatarlar arasi 7-8, 12-15 sm boladi, keyingi qos qatarlar arasi 45-60 sm boladi. Geshir, piyaz ha`m basqa eginler usi usilda egiledi.

**Qariq ultanina egiw**. Issi ha`m qurg`aq, taw aldi rayonlarinda biydaydi qariq jarip onin` ultanina egedi. Bizin` jag`dayimizda g`awasha atizlari kelesi jili biyday egiw ushin ajratilg`an bolsa o`sip turg`an g`awasha atizi avgust-sentyabr ayinda suwg`ariladi. Jer tapqa kelgennen keyin kultivatsiya islenip topiraq jumsartiladi. Keyin arnawli seyalka menen gu`zlik biyday egiledi. Sol jili kesh gu`zde yamasa ba`ha`rde paxal atizdan jiynap alinadi. Gu`zlik biyday ta`rbiyasi dawam etedi.

**Ken` qatarlap etiw**. G`awasha, ma`kke, ju`weri, la`blebi, ayg`abag`ar siyaqli eginler ken` qatarlap egiledi ha`m egiste STX-4A ha`m STVX-4 markali seyalkalardan paydalaniladi.

Qatarlar ha`m qatardag`i o`simlik aralig`i ha`r bir eginnin` biologiyaliq o`zgesheliklerine qaray belgilenedi. G`awasha qatar arasi 60 ha`m 90 sm ken`likte egiledi.

**Kvadrat uyalap etiw**. Bul usil menen egiw alipisinshi jillarg`a shekem paxtashiliq xojaliqlarda qollanilatug`in edi. Bunda qatarlar arasi 50x50, 60x50 ha`m 45x45 sm egiledi ha`m qatar arasi uzinina ha`m kesesine islenedi. Bul usil keyingi jillari qollanilmay qaldi.

## Egis sapasin qadag`alaw

Tuxim egilgen atizdin` egis sapasin qadag`alawda to`mendegi agrotexnikaliq talaplarg`a muwapiqlig`i ko`riledi. Uyag`a tu`sken tuxim mug`dari, egis teren`ligi ha`m qatar aralirinin` birdey boliwina itibar qaratiladi.

Tuximnin` belgilengen teren`likke tu`siwi egilgen qatarlarda topiraqti aship ko`riw menen aniqlanadi. Tuxim belgilengen teren`likten 1 sm sayiz yamasa teren` egiliwi mu`mkin. Seyalka qatarlarinin` aralig`i belgilengen araliqtan 3 sm pariq qiliwi mu`mkin. Eger bunnan ko`p bolsa qatar aralig`i saqlanbag`an esaplanadi. Eginlerdin` egiliw sapasina toliq na`l aling`annan keyin beriledi (41-keste).

**41. Egistin` sapa ko`rsetkishleri**

| **Ko`rsetkishler** | **Bahalaw** | | |
|---|---|---|---|
| | **Jaqsi** | **Qanaatlanarli** | **To`men** |
| Mu`ddeti | Belgilengen mu`ddette | Belgilengen mu`ddette | 2 ku`nnen ko`p keshikken |
| Egic mug`dari | Belgilengendey | 5% ke shekem az yamasa ko`p | 5% ten ziyat |
| Egis teren`ligi | Belgilengendey | 1 sm ge shekem o`zgergen | 1 sm den ko`p o`zgergen |
| Qatarlardin` ken`ligi | Belgilengendey | 3 sm ge shekem o`zgergen | 3 sm den ko`p o`zgergen |
| Alag`at jerler | Joq | Joq | Bar |

## Egiw usillari




**65-su`wret. Egis usillari**

## Shorlang`an topiraqlarg`a islew beriw o`zgeshelikleri

Qaraqalpaqstan Respublikasi, Xorezm, Buxara, Nawayi, Ferg`ana oblasti jerleri shorlang`an. Bul jerlerde topiraqqa islew beriwdin` shorlanbag`an jerlerge qarag`anda o`zgeshelikleri bar. Eginler jiynap aling`annan keyin gu`zde barliq egislik jerlerde shor juwiw jumislari alip bariladi. Shorlaniw da`rejesine qaray ha`r gektar jerge 3-8 min` $m^3$ suw beriledi. Shor juwiw jumislari gu`zde jerdi shu`digarlawdan keyin ha`m ayirim jerlerde shu`digarlanbastan o`tkeriledi. Shor juwiw waqtinda topiraq quramindag`i erigen duzlar aymaqtan shig`ip ketiwi ushin izeykeshler qaziladi ha`m olar ba`rqulla islep turiwi kerek.

Shor juwiw waqtinda berilgen ko`p mug`dardag`i suwdin` ta`siri menen topiraq bo`leksheleri ezilip, bosliqlar kemeyedi, hawa sirtqa shig`adi. Usinin` na`tiyjesinde topiraq tig`izlanadi. Bul jerlerdi ba`ha`rde egis aldinan tayarlawda ayirim atizlardi plug penen qaytadan su`riwge tuwra keledi. Orta ha`m jen`il topiraqli atizlardi otvalsiz plug yamasa chizel menen jumsartadi. Keseklerdi eziw ushin tirma-mala 3 ret basiladi. Solay etip jumis ko`lemi shorlanbag`an jerlerge qarag`anda eki ese ko`p boladi.

Shorlang`an jerlerde izey suw jer betine jaqin jaylasqanliqtan hawa isiwi menen suw puwlanip jer betine duz ja`ne jiynala baslaydi, topiraq ig`al boladi. O`simlik tamiri jaylasqan qatlamda ha`r qiyli za`ha`rli gazler payda boladi. G`awashanin` tamir shiriw keselliklerinin` payda boliwina sebepshi boladi. Sonliqtan, bul jerlerde suwdin` puwlaniwin kemeytiw ushin kapillyar nayshalardi buziw kerek, topiraqti jumsartip hawasin almastiriw kerek boladi.

Bul jumislardi orinlaw ushin g`awasha qatar arasina kultivatsiya islenedi. Ayirim jer asti izey suwlari jaqin jaylasqan jerlerde izey jer betine tez bilinedi. Bunday waqitlari kultivatordin` ortadag`i jumisshi organi 22-25 sm teren`likke shekem jumsartatugin etip chizellanadi. Usilay islengende topiraq qurg`aq boladi, duzdin` ta`siri kem boladi, hawa, suw, issiliq rejimleri jaqsilanadi.

G`awasha yamasa basqa awil xojaliq eginlerin vegetatsiya da`wirinide suwg`arg`anda suwg`ariw normasin 25% ke artiq beriw kerek. Sebebi, g`awashanin` suwg`a bolg`an talabin qanaatlandiriw menen birge topiraq quramindag`i duzlar to`mengi qatlamg`a juwiliwi kerek. Suwg`ariwdan keyin jer tapqa keliwden tirmalanip, kultivatsiya isleniwi za`ru`r. Eger kultivatsiya islew keshiktirilse topiraq qurg`aqlanip jariladi, g`awasha tamiri u`ziledi, topiraqtag`i ig`alliq tez sarplanadi ha`m suwg`ariwdin` na`tiyjeligi kem boladi. Suwg`ariw da`wirinde atizlarg`a suw ko`p berilgenlikten ha`m hawa qatti isiwi sebepli izey suwdin` joqarig`a ko`teriliwi ku`sheyedi. Suwg`ariw toqtatilg`annan keyin izey suwdin` qa`ddi to`menley baslaydi. Izey suwdin` jer betinen en` to`men jaylasiwi gu`z-qis aylarina tuwra keledi. Shorlang`an jerlerde shor juwiw jumislari mine usi da`wirde o`tkeriledi. Bul jumislar ha`r jili o`tkeriledi. O`ytkeni, topiraqtin` qayta shorlaniw qubilisi ha`r jili qaytalanadi. Eger egislik jerlerdin` shori juwilmay, og`an islew berilmey 2-3 jil qalip qoysa, ol jer aylanistan shig`ip jaramsiz jerge aylanadi. Sonin` ushinda shorlang`an jerlerde agromelioratsiya jumislari hesh waqitta diqqattan shette qalmawi kerek. Egislik jerlerdin` shori talap da`rejesinde juwilmasa, topiraq quramindag`i duzdin` o`simlikke keri ta`siri kemeyttirilmese awil xojaliq eginlerinen joqari zu`ra`a`t aliw qiyin boladi.

## Egisten keyin topiraqqa islew beriw.

**Qatar aralari islenetug`in eginler ta`rbiyasi**. Respublikamizdin` barliq egislik jerlerinde jawin jawg`annan keyin qatqalaq payda boladi. Topiraqtin` mexanikaliq qurami qansha awir, strukturasi to`men bolsa qatqalaq sonsha qatti ha`m qalin` boladi. Qatqalaq payda bolg`anda kapillyar nayshalar tiklenedi, onin` ig`allig`i tez puwlanadi, hawa aeratsiyasi ha`m aziq rejimi buziladi. Eger qatqalaq o`simlik ko`gerip shiqpastan burin payda bolsa onin` ko`gerip shig`iwina tosqinliq etedi, na`l siyrek boladi. Qatqalaq o`simlik ko`gerip shiqqannan keyin payda bolsa na`ldi qisadi, fiziologiyaliq qubilislardin` o`tiwine keri ta`sir etedi. Sonin` ushin payda bolg`an qatqalaqti tez joq etiw kerek. Qatqalaq o`z waqtinda saplastirilmasa, onin` qattilig`i ha`m qalin`lig`i artip baradi, jumsartiw qiyinlasadi ha`m ziyani ko`p boladi. Qatqalaq jumsartilg`anda o`simlik tamirina hawa kiredi ha`m topiraqtin` issiliq rejimi jaqsilanadi. Payda bolg`an qatqalaqti jumsartiw egilgen eginnin` awhalina qarap alip bariladi.

Eger shigit ko`gerip shiqpag`an bolsa bir qatarli tirma menen qatardin` kesesine tirmalaw kerek. Shigit ko`gerip shiqqan yamasa ko`gerip shig`iw aldinda bolsa rotatsion motiga menen toliq ko`gergen jag`dayda da rotatsion motiga menen, al ko`gerip shiqqan g`awasha na`llerinin` qatar aralarina kultivatorlardan paydalaniw mu`mkin. Qatqalaq tapqa keliw menen joqaridag`i usillardan paydalanilsa ko`gerip atirg`an bir jilliq jabayi o`simliklerdi de joq etedi. Eger kultivatsiya islew waqtinda o`simlik tu`bine topiraq u`yilip ketilse qatqalaqtin` keri ta`siri ja`nede kemeyedi.

O`simlik ko`gerip shiqqannan keyin kultivatsiya islew keshiktirilse topiraq beti tig`izlanadi, hawa rejimi buziladi, g`awashada tamir shiriw keselligi payda boladi, jabayi o`simlikler ko`beyedi ha`m olar tez rawajlanadi. Eger kultivatsiya erte baslansa topiraq jaqsi qizadi. Shor topiraq jag`dayinda, yag`niy izey suwlar jaqin jaylasqan jerlerde topiraqtin` ig`allig`i kemeyedi.

Shigit egilgen atizlarda birinshi kultivatsiyani 75-80% na`l ko`gerip shiqqannan baslaw kerek. Kultivatordin` eki shetki pishag`i 6-8 sm, ortadag`i g`az ayaq (lapa) 10-12 sm teren`likte boliwi kerek. Qatar araliqlarinin` ken`ligi qanday boliwina (60 yamasa 90 sm) qaramastan qatardan 8-10 sm qashiqliqta qorg`aw zonasi qaldiriliwi kerek.

Birinshi kultivatsiyadan aldin atizda jabayi o`simlikler ko`p bolsa kultivatordin` jumisshi organlarina almas-pishaq ornatilip onin` teren`ligi 5-6 sm boladi.

Keyingi kultivatsiyada jumsartiwshi jumisshi organlarinin` shetkileri 8-10, ortadag`isi 14-16 sm teren`likte isletiledi. Ekinshi ha`m keyingi kultivatsiyalarda qorg`awshi zonasi 10-12 sm ge shekem ken`eytiriledi.

Qatar aralarin qatlamli etip isleytug`in kultivatordin` o`simlik qaptalin jumsatiwshi shetki naralnigi 5-6 sm, ekinshi jup naralnik 7-8 sm, u`shinshi jup – 8-10 sm ha`m keyingi to`rtinshi jup naralnik 12-14 sm teren`likte isletiledi. G`awasha qatar aralarina islew beriwde traktorlarg`a ornatilatug`in kultivator-aziqlandirg`ishlardan paydalaniladi.

Shigit to`rt qatarli seyalka menen qatar arasi 60 sm etip egilgen atizlarda T-28 X4M markali qatar arasin islewshi traktorg`a ornatilatug`in KRX-4 kultivatori, qatar aralarinin` ken`ligi 90 sm bolg`an atizlarda T-28 X4M tarktorina ornatilatug`in KRX-3,6 kultivatori ha`m MTZ-80X, TTZ-82 traktorlarina ornatilatug`in KRT-4 kultivatori isletiledi. Bunnan basqa KXU-4 universal kultivator-aziqlandiriwshidan paydalaniladi.

G`awasha ta`rbiyasinda kultivator-aziqlandiriwshilar: qatarlardin` qorg`awshi zonasindag`i qatqalaqti joq etedi, qatar arasindag`i topiraqti jumsartadi, jabayi o`simliklerdi joq etedi, qariq jaradi, suwg`ariwdan keyin qatar arasina islew beriledi, o`simlik qaptalina to`gin beredi. Kultivatordin` tu`rli jumisshi organlarin bir waqitta isletiw bir qansha texnologiyaliq operatsiyalardi bir ju`riste orinlawg`a boladi. Ma`selen, qatqalaq aliw menen kultivatsiya islew, aziqlandiriw menen qariq jariw ha`m basqa.

Mexanikaliq qurami qatti jerlerde o`simlik ta`reptegi jumsartiwshi noralnikler topiraqti qaptalg`a jilistirip o`simlik tamirlarin ziyanlawi mu`mkin. Sonin` ushin bunday jerlerde disk (do`n`gelek) jumisshi organlari isletiledi. Diskli jumisshi organlari sonday teren`likte isleytug`in etip 6-8 sm qorg`aw zonasi qaldirip ornatiw kerek.

Qatlamlap jumsartiwshi organlardi ornatqanda ha`r qiyli teren`likte bir qatar arasina 8, kultivatorg`a 32 jumisshi organlari ornatiladi.




**66-su`wret. KRX-4 markali aziqlandiriwshi kultivator**
1-aldin`g`i rama; 2-sektsiyani pa`seyttiriwshi; 3-to`rt zvenoli sektsiya; 4-keyingi rama; 5-traktordin` bort uzatpasina arqa ramani biriktiriwshi kronshteyn; 6-aylandiriwshi val; 7-8 keyingi ha`m aldin`g`i ramalarg`a bekkemlengen aziqlandiriwshi apparatlar; 9-ko`teriw vali; 10-to`gin jetkizgishler; 11-kultivatordin` jumisshi organlari.




**67-su`wret. Kultivatordin` jumisshi organlarin sektsiyalarg`a jaylastiriw (qatar arasi 90 sm)**

Sorawlar

1. Awil xojaliq eginlerin egiw usillari?
2. Egis normasi degen ne?
3. Egis teren`ligi, mu`ddeti?
4. Egistin` sapasi qalay aniqlanadi?
5. Egisten son` topiraqqa islew beriw degen ne?
6. G`awasha qatar arasi qalay islenedi?
7. Kultivatsiya islewdin` a`hmiyeti?
8. Shorlang`an topiraqlarda egis aldi islew o`zgeshelikleri?

## 16-Lektsiya
## Almaslap egiw

Reje:
1. Almaslap egiw haqqinda tu`sinik
2. Almaslap egiwdin` ilimiy tiykari
3. Almaslap egiw klassifikatsiyasi
4. Almaslap egiwdi jobalastiriw, engiziw

A`debiyatlar: 2, 3

**Jillar dawaminda almaslap egiw** atizlarinda zu`ra`a`tti topiraq o`nimdarlig`in arttiriwg`a qa`ratilg`an ***eginlerdin` ilimiy*** tiykarlang`an ***almasiliwina almaslap egiw*** dep aytiladi.

Ol barliq agronomiyaliq ilajlardin` tiykari bolip, olardan topiraqti islew sistemasi, aziqlandiriw, topiraqti qorg`aw, eginlerdi jabayi o`simliklerden, ziyankeslerden ha`m keselliklerden qorg`aw bolip esaplanadi.

Tiykarg`i egin aldinan bir jil burin **egilgen awil xojaliq eginlerin** tiykarg`i **egin aldi egini dep ataladi**.

Almaslap egiw o`simlik ha`m topiraqqa ta`sirinin` ken`ligi ha`m ha`r qiylilig`i boyinsha agronomiyaliq ilajlardin` ishinde en` tiykarg`isi esaplanadi. Onin` o`simlikke ta`siri ha`r ta`repleme bolip, topiraqtag`i qubilislarg`ada ta`sir etedi.

Almaslap egiw topiraq aziq zatlarinin` ha`m to`ginlerdin` jiynaliwina ha`m jaqsi o`zlestiriliwine qolayli jag`day jaratadi, fizikaliq qa`siyetlerinin` jaqsilaniwina ha`m uslap turiwina, topiraqti qorg`awg`a, jabayi o`simliklerdin`, keselliklerdin` ha`m ziyankeslerdin` tarqaliwinin` aldin aladi. Almaslap egiwdin` na`tiyjesinde topiraq o`nimdarlig`i ha`m awil xojalig`i eginlerinin` zu`ra`a`tligi artadi.

### Almaslap egiwdin` ilimiy tiykarlari.

Almaslap egiwdin` negizinde ilimiy tiykarlang`an egislik maydani jatadi, yag`niy awil xojaliq eginlerinin` iyelegen maydaninin` uliwma maydang`a salistirg`anda salistirma salmag`inin` protsente ko`rinisi. Ol xojaliqtin` qa`nigelesiwi, ma`mleketlik buyirtpa ha`m topiraq-klimat jag`daylarin esapqa alg`an tu`rde islep shig`iladi.

Ha`r bir atizda bir eginnin` uzaq mu`ddet egiliw jag`dayinda bul egin ***u`zliksiz*** egin dep ataladi. Eger xojaliqta bir egin egilse – **monokultura** (jeke egis) dep ataladi.

**Awil xojaliq eginlerinin` almaslap egiw atizlarinda sxemada ko`rsetilgen ta`rtipte egilip shig`iw da`wiri almaslap egiw rotatsiyasi dep ataladi.**

Barliq atizlarda eginlerdin` almasiliw ta`rtibin ko`rsetilgen keste **rotatsiyaliq keste** dep ataladi.

Eginler toparinin` rotatsiya da`wirinde almasiwinin` ko`rsetiliwi **almaslap egiw *sxemasi*** dep ataladi. Misali: 3:4; 3:4:1:2; 1:3:5; 3:3:1:1 ha`m basqalar. Bunda birinshi topardag`i egin jon`ishqa – u`sh atizda, u`sh jil egiledi, ekinshi topardag`i eginler g`awasha 3-4 atizda, 3-4 jil

dawaminda egiledi, u`shinshi toparda (3:4:1:2; 3:3:1:1) gu`zlik biyday bir atizda bir jil egiledi ha`m to`rtinshi toparda g`awasha biydaydan keyin bir atiz, 1-2 jil egiledi.

23-kestede ko`rinip turg`aninday 1:3:3 g`awasha-jon`ishqa almaslap egiw sxemasinda almaslap egiwde eginlerdin` egiliwi 2012 jili baslansa sxemada ko`rsetilgen eginler 2018 jili ha`r bir atizda izbe-izlik penen egilip shig`iladi, yag`niy bir rotatsiya tamam boladi ha`m eginler strukturasi (salistirma salmag`i) saqlang`an tu`rde a`melge asiriladi.

**23. G`awasha-jon`ishqa almaslap egiw sxemasinin`**
**(1:3:3) rotatsiyaliq kestesi**

| Jil lar | Almaslap egiw atizlari ha`m eginler | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | I | II | III | IV | V | VI | VII |
| 2012 | Gu`zlik biyday | G`awasha | G`awasha | G`awasha | Jon`ishqa | Jon`ishqa | Gu`zlik biyday jon`ishqa |
| 2013 | Gu`zlik jon`ishqa | Gu`zlik biyday | G`awasha | G`awasha | G`awasha | Jon`ishqa | Jon`ishqa |
| 2014 | Jon`ishqa | Gu`zlik biyday jon`ishqa | Gu`zlik biyday | G`awasha | G`awasha | G`awasha | Jon`ishqa |
| 2015 | Jon`ishqa | Jon`ishqa | Gu`zlik biyday jon`ishqa | Gu`zlik biyday | G`awasha | G`awasha | G`awasha |
| 2016 | G`awasha | Jon`ishqa | Jon`ishqa | Gu`zlik biyday jon`ishqa | Gu`zlik biyday | G`awasha | G`awasha |
| 2017 | G`awasha | G`awasha | Jon`ishqa | Jon`ishqa | Gu`zlik biyday jon`ishqa | Gu`zlik biyday | G`awasha |
| 2018 | G`awasha | G`awasha | G`awasha | Jon`ishqa | Jon`ishqa | Gu`zlik biyday jon`ishqa | Gu`zlik biyday |

A`miwda`ryanin` to`menindegi egislik jerler a`dette organikaliq zatlar menen kem ta`miyinlengen, suwg`arilatug`in jerlerdin` basim ko`pshiliginde gumus mug`dari 0,5-1,3% ti quraydi.

Orayliq Aziyanin` suwg`arilatug`in diyxanshilig`inda, g`awasha bir neshe jillar dawaminda u`zliksiz egilip kelgenligi sebepli, topiraq quramindag`i organikaliq zatlardin` sarplaniwi ha`m kemeyiwine, qolayli fizikaliq qa`siyetlerdin` to`menlewine alip keldi. O`zbekstan Respublikasi g`a`rezsizlikke eriskennen keyin g`awasha monokulturasi saplastirildi. G`awasha maydanlari esabinan gu`zlik biyday, baw-baqsha, paliz, miywe ha`m ot-sho`plik eginleri maydani ken`eydi.

Qaraqalpaqstan diyxanshiliq ilim izertlew institutinda uzaq jillar dawaminda o`tkerilgen ta`jiriybeler, topiraqtin` o`nimdarlig`in arttiriwda, oni shorlaniwdan saqlawda ha`m vilt keselligin pa`seytiwde jon`ishqanin` paydali ekenin ko`rsetti.

G`awasha-jon`ishqa almaslap egiwdi turaqli tu`rde engizip barg`anda, topiraq qwrami organikaliq zatlar menen bayip, shirindi mug`dari artadi.

Almaslap egiw atizlarinda organikaliq to`g`indi qollang`anda topiraqtin` fizikaliq qa`siyetin jaqsilap, topiraq agregatlarinin` suw sin`diriwshiligi ha`m suwdi uslap turiw qa`siyetin iretlestirip o`simlikti kerekli bolg`an organikaliq zatlar menen u`zliksiz ta`miyinlep, g`awashanin` bir tegis o`sip rawajlaniwina ta`sir jasaydi, ja`ne topiraq quramindag`i paydali mikroorganizmlerdin` iskerlik da`rejesin arttiradi.

Organikaliq to`ginler jetkilikli mug`darda bolsa, topiraqtin` jilliliq rejimi jaqsilanadi, topiraq qunarlig`i artadi. Bunday jag`dayda g`awashadan joqari o`nim aliwg`a jaqsi imkaniyatlar jaratiladi.

G`awasha u`zliksiz to`gin bermesten 7 jil dawaminda egilgende ortasha 2 shi rotatsiyasi dawaminda 15,3 tsentner o`nim alindi.

Mineral to`gin berip gektarina 26,8 tsentner o`nim aling`an bolsa, al almaslap egiwde gektarinan -32,2 tsentner alindi, yag`niy qosimsha 5,4 tsentner artiq o`nim alindi (24-keste).

**23. G`awasha zu`ra`a`tligine to`ginnin` ha`m almaslap egiwdin` ta`siri.**

| № | Ta`jiriybe variantlari | 1985-1994 j.j. 2-shi rotatsiya |
|---|---|---|
| 1. | G`awasha (monokultura, to`gin berilmegen) | 15,3 |
| 2. | G`awasha (monokultura, to`gin berilmegen) | 26,8 |
| 3. | G`awasha, almaslap egiw ha`m to`gin qollanlig`an | |
| 4. | Jon`ishqadan keyin 1-shi jil | 33,1 |
| 5. | Jon`ishqadan keyin 2-shi jil | 41,5 |
| 6. | 3-shi jil | 38,3 |
| 7. | 4-shi jil | 34,3 |
| 8. | 5-shi jil | 30,3 |
| 9. | 6-shi jil | 29,5 |
| 10. | 7-shi jil | 28,5 |
| 11. | Ortasha 7 jilg`a | 32,2 |

Topiraq quraminda vilt keselligin qozdiriwshi agressiv bakteriyalar g`awashanin` bul kesellik penen keselleniw qa`wpi ku`sheyip barmaqta.

Vilt penen keselleniwdi pa`seytiwde g`awasha-jon`ishqa almaslap egiwdi engiziw ha`m topiraqti organikaliq to`ginler menen bayitip bariw ilajlarin iske asiriw, bul kesellik penen gu`resiwdin` birden-bir joli bolip esaplanadi.

G`awashani ha`r jili bir jerge u`zliksiz egilgende onin` vilt penen keselleniwi 20,1% bolsa, u`sh jilliq jon`ishqadan keyin jeti jil dawaminda 1,2-12,1% boldi (25-keste).

**25. G`awashanin` vilt penen keselleniwine almaslap egiwdin` ta`siri**

| Variantlar | G`awasha egilgen jillar ha`m keselleniwi, % | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1985 | 1986 | 1987 | 1988 | 1989 | 1990 | 1991 | 1992 | 1993 | 1994 |
| Monokultura | 4,0 | 21,0 | 24,4 | 25,1 | 21,6 | 15,1 | 19,3 | 15,0 | 20,8 | 20,1 |
| G`awasha-jon`ishqa almaslap egiwde | - | - | - | 1,2 | 3,0 | 4,0 | 11,3 | 12,0 | 10,3 | 12,1 |
| G`awasha-ma`kke almaslap egiwde | - | 3,4 | 13,0 | 12,0 | 15,6 | - | 4,8 | 13,0 | 15,2 | 19,8 |

Qaraqalpaqstan diyxanshiliq ilim izertlew instituti ilimpazlari ta`repinen o`tkerilgen ta`jiriybelerde topiraq o`nimdarlig`inin` pa`seyiwi yamasa artiwi, g`awasha zu`ra`a`tligi almaslap egiwdegi eginlerdin` salistirma salmag`ina tikkeley baylanisli ekenligi aniqlandi (20-su`wret).




20 - su`wret. Eginler salistirma salmag`inin` topiraq o`nimdarlig`i ha`m g`awasha zu`ra`a`tine ta`siri. 2-g`awashani u`zliksiz ekkende, paxtanin` salistirma salmag`i, 100%, 6-1:4:1:2 almaslap egiwde, 4-2:4:1:2 almaslap egiwde, 5-3:5 almaslap egiwde, 6-3:7 almaslap egiwde, 7-3:4:1:2 almaslap egiwde, 8-3:4:1:1 almaslap egiwde, 10-3:3:1:1 almaslap egiwde.

Ilimiy izertlewlerdin` na`tiyjesi boyinsha sobiqlilar semyasina kiretug`in o`simliklerdin` tamirinda arnawli mikroorganizmlerdin` jasaytug`inlig`in, o`simlik bakteriya menen bir birine paydali ta`sir etetug`inin ko`rsetedi. O`simliklerdin` mikroorganizmler menen birge jasawi ***simbioz*** dep ataladi. Bul nizamliliqti 1839 jili frantsuz ilimpazi Bussengo ashqan edi. Son`in ala jon`ishqa menen onin` tamirinda bolatug`in bakteriyalardin` simbioz baylanisi ashildi.

Keyinirek jon`ishqani bir jerge qaytarip ege beriw na`tiyjesinde onin` tamirinda toplang`an aziqliq zatlar sol egin (jon`ishqa) ushin ziyanli bolg`anin, al kelesi jili basqa bir egin egilgende onnan joqari o`nim alinatug`inlig`i ilimpazlardin` ta`jiriybelerinde, baqlawlarinda aniqlangan.

Eginlerdi almaslap egiw za`ru`rligi bir qatar teoriyalar menen tastiyiqlanadi. Ma`selen, bir qatar ilimpazlar buni o`simliklerdin` aziqlaniw teoriyasi (Teer, Libix) boyinsha tu`sindirse, ekinshileri – bir tu`rli o`simlikti u`zliksiz ege beriw na`tiyjesinde topiraqta ziyanli birikpelerdin` payda bolatug`inlig`i menen tu`sindiredi (Dekandol, Maker ha`m basqalar), al u`shinshi topardag`i ilimpazlar bolsa sobiqli eginlerdin` simbioz qa`siyetlerine ha`m o`simliklerdin`, topiraqtin` fizikaliq qa`siyetlerine, a`sirese onin` strukturasina ha`r kiyli ta`sir etiwi menen tu`sindiredi (P.A.Kostichev., V.R.Vilyams). Bul ko`z qaras ha`m teoriyalardin` uliwma kemshiligi olardin` bir ta`replemeliginde bolip tabiladi.

Ulli ilimpaz D.N.Pryanishnikov eginlerdin` almasiliwi haqqindag`i ta`jiriybe ha`m teoriyalardi uliwmalastirip, awil xojaliq eginlerin ratsional tu`rde almaslap egiw to`rt tu`rli sebepke tiykarlanatug`inin ko`rsetti. Bular: ***ximiyaliq***, ***fizikaliq***, ***biologiyaliq*** ha`m ***ekonomikaliq*** sebepler bolip tabiladi.

***Ximiyaliq sebep*** – ha`r qiyli eginler topiraqtan aziqliq zatlardi ha`r tu`rli mug`darda aliwi menen xarakterlenedi. Da`nli eginler 1 tonna zu`ra`a`t toplawi ushin topiraqtan 25 kg azot, 12 kg fosfor ha`m 25 kg kaliy o`zlestiredi, a`sirese sobiqli eginler azotti az talap etedi, al g`awasha – 60 kg azot, 45 kg fosfor ha` 35 kg kaliy aladi. Demek, g`awasha basqa tu`rdegi eginlerge qarag`anda aziqliq elementlerin, yag`niy azotti ko`p talap etedi.

Topiraqtan alg`an aziq elementlerin topiraqqa qaytariwda o`simlik tu`rlerine qarap ha`r tu`rli boladi. Ko`p jilliq ot-jemlik eginlerdin` (sobiqlilar) basqa eginlerge qarag`anda topiraqta ko`p mug`darda organikaliq zat qaldiratug`inlig`i aniqlang`an. Bul organikaliq zat quraminda azot og`ada ko`p mug`darda boladi. Da`nli eginler ha`m g`awashadan keyin jer ju`da` ariqlap qaladi, sebebi o`nimnin` quraminda ha`m paqalda topiraqtan aling`an mineral ha`m aziqliq zatlar qaytarilmaydi. Sonin` ushin bul eginlerdi topiraqta aziq toplawshi eginler menen almastiriw kerek.

***Fizikaliq sebep*** – awil xojaliq eginlerinin` biologiyaliq o`zgeshelikleri ha`m agrotexnikasina baylanisli topiraqtin` su`rim qatlamindag`i tig`izlig`ina, strukturasina ha`m qurilisina ha`r qiyli ta`sir etiwi menen sipatlanadi.

Ko`p jilliq ha`m jalpilamay suwg`arilatug`in eginler bir qiyli ta`sir etse, jaz dawaminda qatar arasi islenetug`in eginler ekinshi tu`rli ta`sir etedi. Ko`p jilliq eginlerden (jon`ishqa) keyin topiraq strukturasi, suw o`tkizgishligi ha`m ig`alliqti saqlawi a`dewir jaqsilanadi. Solay etip, ko`p jilliq egindi bir jilliq eginler menen almastirip egiw za`ru`r.

***Biologiyaliq se6epler*** – bul ma`deniy o`simliklerdin` ha`m agrotexnikaliq ilajlardin` jabayi o`simliklerge ha`r qiyli ta`sir etiwi. Ma`deniy o`simlikler tu`rine qaray o`zine ta`n kesellikler ha`m ziyankesler menen ziyanlanadi.

Egerde bir jerge u`zliksiz tu`rde bir qiyli o`simlik egile berse, onin` kesellik ha`m ja`nlikler menen ziyanlaniwi ku`sheye beredi. Bul zu`ra`a`ttin` keskin kemeyip ketiwine ha`m onin` sapasinin` to`menlewine alip keledi. Bir jerge o`zgertpesten ege beriw g`awashanin` vilt penen, da`nli eginlerdin` tamir shiriw menen, kartoshkanin` fitoftora menen keselleniwine h.t.b. alip keledi. O`simliklerdi biologiyaliq jaqtan bir-birinen parq qilatug`in tu`rleri menen almastirip turiw, olardin` kesellikler ha`m ziyankesler menen ziyanlaniwin azaytiwg`a ha`m topiraq mikroflorasinin` a`dewir jaqsilaniwina ta`sirin tiygizedi.

***Ekonomikaliq sebepler*** – bul tiykarinan jergilikli jerge qolaylastirilg`an ha`m joqari o`nim beretug`in o`simlik tu`rin ha`m sortin tan`law. Almaslap egiw sxemasina kiritilgen eginlerdin` tu`ri ha`m sorti, olardin` salistirma salmag`i sol jerdin` klimat ha`m topiraq jag`dayina tuwri

keletug`in boliw kerek. Eger almaslap egiw sxemasi duris tan`lansa, tek zu`ra`a`t artip qoymastan, qollanilatug`in agrotexnikaliq ilajlardin` paydalilig`i a`dewir artadi. Almaslap egiw duris ju`rgizilse g`awashanin` zu`ra`a`tligi 20-25 protsentke, qollanilg`an to`ginlerdin` ta`siri 30-33 protsentke artadi, g`awashanin` suwg`a bolg`an talabi 20% ke kemeyedi ha`m materialliq shig`inlar 10-15 protsentke qisqaradi.

## Almaslap egiwde eginlerdin` jaylasiwi.

Awil xojaliq eginlerinen joqari zu`ra`a`t aliw, topiraq o`nimdarlig`in saqlaw ha`m oni arttirip bariwda eginler strukturasin duris tan`law a`hmiyetli orin tutadi.

Eginler strukturasin duris belgilew birinshi gezekte awil xojaliq eginlerinen joqari zu`ra`a`t aliwg`a tiykar bolsa, ekinshiden topiraq o`nimdarlig`in saqlawda sheshiwshi rol atqaradi.

Sonin` ushin barliq eginler almaslap egiw sxemasina kiritilip, eginler o`z orni, waqti menen almastirilip turiliwi kerek.

Awil xojaliq eginlerinin` zu`ra`a`tliligin keskin ko`teriwdin`, topiraqtin` qunarlilig`in saqlaw ha`m oni turaqli tu`rde arttirip bariwdin` birden-bir joli bul eginlerdi almaslap egiw bolip esaplanadi. Sonin` ushin ha`r qanday jag`dayda da egislik jerlerdi duris tan`lawg`a, olardin` agrotexnikasin saqlawg`a, a`sirese xojaliqlarda eginlerdin` egislik strukturasi boyinsha qaysi daqildan keyin neni egiw kerekligine qatan` itibar beriliwi tiyis.

Diyxanshiliqta o`simlikler tiykarinan eki toparg`a bo`linedi: 1-bul, o`sip rawajlaniw da`wirinde topiraqtin` quramindag`i aziqliq zatlardi ***o`zlestiriwshiler***; 2-tamir sistemasi arqali aziqliq zatlardi o`zine o`zlestiriw menen birge, olardi ***toplawshi*** o`simlikler.

**Birinshi toparg`a** – g`awasha, ma`kke, ju`weri, sudan sho`bi, arpa, biyday, suli, ovosh, paliz eginleri ha`m t.b. kiredi. Bul eginler mineral to`ginler: azot, fosfor, kaliy esabinan, sonday-aq topiraqtin` quramindag`i organikaliq zatlar esabinan o`sip rawajlanadi ha`m o`nim beredi. Eger mineral to`ginler jetkiliksiz mug`darda yamasa olar bir ta`repleme berilgen jag`dayda, bul o`simlikler topiraqtin` quramindag`i organikaliq zatlardan ko`birek paydalanadi ha`m bul qubilis o`z gezeginde topiraq o`nimdarlilig`inin` to`menlep ketiwine alip keledi.

**Ekinshi toparg`a** – barliq sobiqli eginler: jon`ishqa, lobiya, gu`nji, ma`sh, soya, burshaq, surepitsa, perko ha`m tag`i basqalar kiredi. Bul eginler belgili mug`darda mo`lsherlep berilgen mineral to`ginlerden ha`m topiraqtin` quramindag`i organikaliq zatlardan paydalanadi. Sonin` menen birge olar o`sip rawajlaniw da`wirinde tamir sistemasi arqali hawadan erkin azotti alip, tamir sistemasindag`i tu`ynekshe bakteriyalardin` iskerligi na`tiyjesinde, onnan biologiyaliq azot toplaw qa`siyetine iye.

Awil xojalig`i eginlerinin` zu`ra`a`tliligin arttiriwda topiraq o`nimdarlilig`in kemeytpey saqlaw ha`m arttirip bariw a`hmiyetli orin tutadi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi biydaydin` egislik maydani 50-60 min` gektarg`a jetkerildi. Solay etip, biyday diyxanshiliqta tiykarg`i eginler qatarina toliq ornalasti. Sonday-aq respublikamizdin` ekonomikasinda g`awasha qanday a`hmiyetke iye bolsa, biyday jetistiriwdin` a`hmiyetliligi de birdey da`rejege jetti. Sonin` menen bir qatarda bir jilliq ovosh, paliz eginlerin egiwge, bag`shiliqti rawajlandiriwg`a mu`mkinshilik jaratildi.

Almaslap egiwdin` jan`a sxemalarinda paxtanin` salistirma salmag`i 43-60%, biyday 9-36%, jon`ishqa 27-33% quraydi. Sonday-aq, bul sxemalarg`a kiritilgen bir jilliq ot-jemlik eginler, baw-baqsha, paliz, da`nli ha`m sobiqli da`n eginlerinin` salistirma salmag`i 9-11% a`tirapinda boladi. Respublikanin` barliq egislik jerlerinde ma`wsimlik qayta shorlaniwg`a baylanisli shayip suwg`ariwdin` ha`r jili o`tkerilip turiliwin ha`m jon`ishqanin` meliorativlik a`hmiyetin, topiraq o`nimdarlig`in arttiriwdag`i rolin, sonday-aq aziqliq sapasin esapqa alip, onin` almaslap egiw kompleksinde salistirma salmag`i, a`sirese birinshi rotatsiya da`wirinde 27-33% ten kem bolmag`ani maqsetke muwapiq.

To`mende usi almaslap egiw sxemalari boyinsha eginlerdin` jaylasiwi haqqinda so`z etiledi.

**6-atizli almaslap egiw ta`rtibi (1:1:1:1:2)**

Bul sxemada g`awashanin` salistirma salmag`i -50%, bir jilliq ot-jemlik eginler -17%, biyday-17% ha`m basqa eginler 16% bolip, bul atizg`a baw-baqsha, da`n ha`m sobiqli da`nli eginler egiledi. Yag`niy, bir atiz-ot-jemlik egin, bir atiz-biyday, bir atiz- basqa eginler ha`m u`sh atiz-g`awasha boladi.Eginlerdin almasiwi birinshi jili ot jemlik egin, 2-jili g`awasha, 3-jili basqa egin, 4-jili biyday ha`m 5-6 jillari g`awasha egiledi. Bir rotatsiya da`wiri 6-jilda pitedi. Usi da`wirde 2-ha`m 4-jili bir gektarg`a 20 tonna esabinan jergilikli to`gin beriliwi kerek. Basqa eginler ushin ajiratilg`an atizg`a bir jilliq baw-baqsha, paliz, da`n ha`m sobiqli da`nli eginler egiledi. Bul sxemada jazliq biyday egiw na`zerde tutilg`an. Biyday jiynap aling`annan keyin topiraq o`nimdarlig`in arttiriw ham kelesi jilg`i eginge aziq retinde paydalaniw ushin siderat egiledi. Siderat yamasa ko`k to`gin ushin bizin` jagdayimizda surepitsa, raps, aziqliq burshaq, soya ha`m basqa da bir jilliq sobiqli eginlerden birewi yamasa bir neshe turi aralastirip egile boladi. (28-keste).

**28.G`awasha-da`n almaslap egiw kestesi (1:1:1:1:2) boyinsha eginlerdin` jaylasiwi.**

| Jillar | Almaslap egiw atizlari ha`m eginler | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | I | II | III | IV | V | VI |
| 2011 | O.j+ | $P_2$ | $P_1$ | B/S+ | B.e | P |
| 2012 | P | O.j+ | $P_2$ | $P_1$ | B/S+ | B.e |
| 2013 | B.e | P | O.j+ | $P_2$ | $P_1$ | B/S+ |
| 2014 | B/S+ | B.e | P | O.j+ | $P_2$ | $P_1$ |
| 2015 | $P_1$ | B/S+ | B.e | P | O.j+ | $P_2$ |
| 2016 | $P_2$ | $P_1$ | B/S+ | B.e | P | O.j+ |

O.j+ - Bir jilliq ot-jemlik eginler ha`m sol jili 20 tonna da`ris beriledi.

P – Paxta

B.e – Basqa eginler (baw-baqsha, paliz, da`nli, sobiqli da`nli h.t.b).

B/S+ - Jazliq biydaydan keyin siderat, biyday egininen (keyin) aldin yamasa sideratti su`rmesten aldin gektarina 20 tonna da`ris beriledi.

**4 atizli g`awasha-da`n almaslap egiw ta`rtibi (1:1:2)**

Almaslap egiwdin` bul sxemasinda egislik jerlerdin` meliorativlik awxalin jaqsilaw (1-rotatsiya da`wirinde jon`ishqa kiritilmegen), topiraq o`nimdarlig`in – meliorativlik jumislardi ju`rgiziw, siderat egiw, eginlerdi 1-2 jildan almastirip turiw ha`m 4-jili gektarina 20 tonnadan jergilikli to`gin beriw arqali arttiriw na`zerde tutilg`an. Bunda g`awashanin` salistirma salmag`i 50,0%, biyday 25,0% ha`m meliorativlik atiz 25,0% ke ten`. Birinshi jili meliorativlik jumislar ju`rgizilip keyin siderat egiledi, gu`zde su`riledi, su`rimnen aldin 20 tonna da`ris beriledi ha`m gu`zlik biyday egiledi. Ekinshi jili sol atizda gu`zlik biyday boladi, biydaydi jiynap alg`annan keyin ko`k massa ushin ot-jemlik eginler yaki qisqa vegetatsiyali da`nli eginler (ma`sh, tari) egiledi, u`shinshi ha`m to`rtinshi jili g`awasha, g`awashadan keyin gektarina 20 tonna da`ris berilip, jer shu`digarlanip qoyiladi (30-keste).

**30. G`awasha-da`n almaslap egiw kestesi (1:1:2)**

| Jillar | Almaslap egiw atizlari ha`m eginler | | | |
|---|---|---|---|---|
| | I | II | III | IV |
| 2011 | M+S+B | $P_2$ | $P_1$ | B |
| 2012 | B | M+S+B | $P_2$ | $P_1$ |
| 2013 | $P_1$ | B | M+S+B | $P_2$ |
| 2014 | $P_2$ | $P_1$ | B | M+S+B |

M+S+B – Meliorativlik atizg`a siderat egilip 20 tonna da`ris beriledi, su`riledi, keyin gu`zlik biyday egiledi.

B – Gu`zlik biyday

$P_1$ - G`awasha

$P_2$ -2 jili g`awashadan aldin yamasa sol jili gu`zde 20 tonna daris beriledi.

Almaslap egiwde awil xojaliq eginlerinin` biologiyaliq o`zgeshelikleri, o`siriw texnologiyasi, topiraqqa ha`m o`zinen keyin egiletug`in eginler zu`ra`a`tine ta`sir etiwine qarap (qatar arasi islenetug`in, da`nli qatar arasi islenbeytug`in, sobiqli, to`gin beriletug`in, to`gin berilmeytug`in) ayiriqsha toparlarg`a bo`liwge boladi. Bular tiykarg`i egin aldinan egiletug`in eginler. Bular haqqinda almaslap egiwde eginlerdin` jaylasiwi bo`liminde toliq mag`liwmat berildi. Endi O`zbekstan Respublikasinin` shorlanbag`an topiraq zonalarinda (Tashkent, Samarqand, Andijan, Namangan, Surxandarya, Qashqadarya oblastlari), Qazaqstan, Rossiya, Ukraina ha`m basqa ellerde tiykarg`i egin egiwden aldin jerge dem alis beriw maxsetinde shu`digar qollaniladi. Qaraqalpaqstan Respublikasi, Xorezm, Buxara, Nawayi, Sirdarya, Fergana oblastlarinin` topiraqlari shorlang`anlig`i sebepli shu`digar qollanilmaydi. Sebebi, bul zonalarda jer asti izey suwlari jaqin jaylasqanliqtan hawanin` issi da`wirinde egislik jerlerdi ashiq qaldiriwg`a bolmaydi. Eger shu`digarlanip bos qaldirilsa topiraqtin` qayta shorlaniwi ku`sheyedi.

***Vegetatsiya da`wirinde su`rilip egin egilmey qaldirilg`an jerler ashiq shu`digar dep ataladi.*** Bunday jerler vegetatsiya dawaminda egin egilmeydi, o`nim alinbaydi.

Gu`zlik biyday egisine shekem erte jiynap alinatug`in eginler egilse bul ***ba`nt shu`digar*** dep ataladi.

**Sideratli *shu`digar*** bul jerlerge siderat eginleri egilip to`gin ushin topiraqqa aralastirip su`riledi.

Bul aytip o`tilgen shu`digarlardan basqa tiykarg`i egin aldi sibaylas eginlerinen sobiqli ot-sho`plik, sobiqli da`nli eginler, qatar arasi islenetug`in eginlerden ma`kke, ju`weri yamasa bir jilliq basqa eginler kiredi. Tiykarg`i egin esaplang`an g`awasha ha`m gu`zlik biydaydan aldin joqarida aytilg`an ko`p jilliq ot sho`plik (jon`ishqa) ha`m bir jilliq eginler (ma`kke, ju`weri h.t.b) egilse topiraq o`nimdarlig`i artadi, fizikaliq, ximiyaliq, biologiyaliq qa`siyetleri jaqsilanadi ha`m awil xojaliq eginlerinin` zu`ra`a`tligi artadi.

Egin aldi sibaylas eginleri ha`m shu`digardan basqa almaslap egiwde araliq eginlerde egiledi.

***Almaslap egiw eginlerindegi tiykarg`i eginlerden bos waqit aralig`inda egiletug`in awil xojaliq eginleri araliq eginler dep ataladi.*** Araliq eginler ***jazg`i, gu`zgi*** ha`m ***ba`ha`rgi*** bolip bo`linedi.

***Jazg`i*** araliq eginler gu`zlik biydaydi jiynap alg`annan keyin gu`zlik biydayg`a shekem, yamasa, gu`zlik biyday egilmese gu`z aqirina shekem qaldiriladi.

***Gu`zlik*** araliq eginler gu`zde tiykarinan siderat eginler egilip tiykarg`i egin aldinan to`gin ushin topiraqqa aralastirilip su`riledi.

***Ba`ha`rgi*** araliq eginler ba`ha`rde tiykarg`i eginler menen qosip egiledi ha`m tiykarg`i egin menen birge jiynap alinadi. Misali, jazliq biydayg`a qosip jon`ishqa egiliwi mu`mkin.

Ko`pshilik jerlerde araliq eginler gu`zlik biydaydan keyin ja`ne gu`zlik biydayg`a shekem yamasa ol jerge gu`zlik biyday egilmeytug`in bolsa kesh gu`zge shekem pisetugin araliq eginler egiledi.

**Almaslap egiw klassifikatsiyasi.**

Almaslap egiwdin` ha`zirgi da`wir klassifikatsiyasina to`mendegiler tiykar boladi:

- o`ndiriletug`in diyxanshiliq o`niminin` tiykarg`i tu`ri (da`n, paxta, ot-sho`p, baw-baqsha ha`m t.b.)

- biologiyaliq o`zgeshelikleri, o`siriw texnologiyasi ha`m topiraq o`nimdarlig`ina ta`siri boyinsha o`zgeshelenetug`in eginler toparinin` salistirma salmag`i (da`nli, texnikaliq, jalpilamay egiletug`in, ko`p jilliq ot-sho`plik, sobiqli da`nli, katar arasi islenetug`in, shu`digar).

Birinshi belgisi boyinsha almaslap egiwdin` 3 tipi-***atiz, ot-sho`plik ha`m qa`nigelestirilgen.*** Almaslap egiwdin` ha`r tipi bir neshe tu`rdi o`z ishine aladi. Olar ekinshi belgi menen aniqlanadi (33-keste).

***Atiz almaslap egiwde barliq maydannin` yariminan ko`bi da`nli ha`m texnikaliq eginlerge ajratiladi.*** Ot-sho`plik almaslap egiwde barliq maydannin` yariminan ko`bi ot sho`plik eginlerge ajratiladi. Bul eki kishi tipke bo`linedi: ***ferma janindag`i***, ***jaylawdag`i.***

**Ferma janindag`i almaslap egiw** sharwashiliq fermasina jaqin jaylasqan bolip tamir miywe, silos ha`m ko`k sho`p jetistiredi.

**Jaylawdag`i almaslap egiw** sharwa mallari bag`ilatug`in jerlerge ko`p jilliq ha`m bir jilliq ot-sho`plik eginler egiledi.

***Qa`nigelesken almaslap egiw arnawli jag`day ha`m agrotexnikani talap etetug`in, misali, joqari topiraq o`nimdarlig`i, ayiriqsha suwg`ariw usilin*** talap etetug`in eginler ushin engiziledi. Bunday eginlerge baw-baqsha, paliz, temeki, sali.

**33. Almaslap egiwdin` klassifikatsiyasi**.

| **Almaslap egiwdin` tipleri** | **Tu`rleri** |
|---|---|
| Atiz | Da`n-shu`digar |
| | Da`n-shu`digar-qatar arasi islenetug`in |
| | Da`n-ot-sho`plik |
| | Da`n ot sho`plik-qatar arasi islenetug`in |
| | Qatar arasi islenetug`in |
| | Ot-sho`plik-qatar arasi islenetug`in, g`awasha-jon`ishqa |
| | Sideratli |
| | Da`n-ot sho`plik-qatar arasi islenetug`in (plodosmennie) |
| Ot-sho`plik | |
| ***ferma janindag`i*** | Qatar arasi islenetug`in |
| ***jaylawdag`i*** | Ot-sho`p qatar arasi islenetug`in |
| Qa`nigilesken | Ot-sho`plik qatar arasi islenetug`in, baw-baqsha - ot-sho`p qatar arasi islenetug`in |
| | Da`n-ot sho`plik, sonnan sali |
| | Topiraq qorg`awshi |

Baw-baqsha, paliz ha`m sali jetistiriwge qa`nigelesken xojaliqlarda engiziledi.

***Da`n-shu`digar*** almaslap egiwinde atizlardin` ko`pshilik maydanin da`nli eginler iyeleydi. Bul topirag`i shorlanbag`an jerlerde biyday, arpa ha`m suli jetistiriwde qollaniladi.

**Da`n-shu`digar-qatar arasi islenetug`in eginler** almaslap egiwde ko`pshilik maydandi da`nli eginler iyeleydi, shu`digar atizi bar ha`m keminde bir atiz qatar arasi islenetug`in egin kiritiledi.

**Da`n-qatar arasi islenetug`in eginler** almaslap egiwde egislik maydannin` yariminan ko`biregin da`nli eginler, al qalg`anin qatar arasi islenetug`in eginler iyeleydi.

**Da`n-ot sho`plik eginler almaslap egiwde** egislik maydannin` ko`pshiligin da`nli eginler, qalg`anin ko`p jilliq ot sho`plik eginler iyeleydi.

**Ot sho`plik qatar arasi islenetug`in eginler** almaslap egiwde uliwma egislik maydannin` ko`pshilik bo`legin qatar arasi islenetug`in eginler ha`m 2-3 atizdi ko`p jilliq ot sho`plik eginler iyeleydi. O`zbekstandag`i g`awasha jon`ishqa almaslap egiwdin` barliq sxemalari usi tu`rge kiredi.

**Sideratli almaslap egiwde** bir eki atizg`a sobiqli eginler (donnik, perko, raps, surepitsa, ma`sh) egilip ko`k togin ushin paydalaniladi.

**Da`n-ot sho`plik-qatar arasi islenetug`in eginler** almaslap egiwinde atizlardin` 50% maydanin da`nli eginler, al qalg`an bo`legin qatar arasi islenetug`in ha`m ot sho`plik sobiqli eginler iyeleydi.

**Qatar arasi islenetug`in eginler almaslap** egiwinde atizlardin` yariminan ko`biregin qatar arasi islenetug`in eginler, qalg`an bo`legin bir jilliq ha`m ko`p jilliq ot sho`plik eginler iyeleydi.

**Ot sho`plik eginler almaslap** egiwde jetistiriletug`in o`nimler boyinsha qa`nigelesedi (ot sho`plik, tamir miyweli, silos, ot jem ushin da`n).

**Qa`nigelesken yamasa arnawli eginler almaslap egiwde** ayiriqsha jag`daylardi ha`m suwgariw usilin talap etetug`in eginler ko`pshilik maydandi iyeleydi.

Almaslap egiwdin` zonaliq o`zgeshelikleri boladi. Qaraqalpaqstan Respublikasinin` o`zinde u`sh topiraq klimat zonasi bolip, olar bir birinen topiraqlarinin` o`nimdarlig`i, shorlaniw da`rejesi ha`m klimatliq resurslari menen o`zgeshelenedi. Sonin` ushin almaslap egiwde almaslap egiw eginlerinin` eginler strukturasinda tutqan ornin, topiraq o`nimdarlig`in, shorlaniw da`rejesin esapqa aliw kerek. Misali, arqa zonanin` topiraq o`nimdarlig`i qubla zonag`a qarag`anda to`men ha`m shorlaniw da`rejesi joqari. Bunday jerlerge qatar arasi islenetug`in eginlerdin` salistirma salmag`i kem, ko`p jilliq ot sho`plik eginler ha`m masaqli da`n eginlerinin` salmag`i joqari bolg`an almaslap egiwdi engiziw maxsetke muwapiq boladi. Al qubla ha`m orayliq zona rayonlarinda arqa zona rayonlari jer jag`dayina qarag`anda qatar arasi islenetug`in eginlerdin` salistirma salmag`i joqarilaw boliw kerek.

Qaraqalpaqstan diyxanshiliq ilim izertlew instituti ilimpazlari ko`p jillar dawaminda usi ha`r bir topiraq klimat zonalarina sa`ykes keletug`in eginler strukturasin aniqlaw ushin ta`jiriybeler alip barg`an. Ta`jiriybelerdin` juwmag`i boyinsha arka, orayliq ha`m qubla zonalardin` topiraq-klimat jag`daylarin esapqa alip ha`r ta`repleme paydali bolg`an g`awasha-jon`ishqa da`n almaslap egiw sxemalarin islep shiqqan ha`m usinis etken. Bunda ha`r bir zona topiraqlari tu`ri, o`nimdarlig`i ha`m shorlaniw da`rejesin esapqa alg`an tu`rde u`shke bo`linedi. Usi o`zgesheliklerdi esapqa alip g`awasha, jon`ishqa ha`m gu`zlik biydaydin` salistirma salmaqlari ko`rsetiledi (34-keste).

**Almaslap egiwdi jobalastiriw, engiziw ha`m o`zlestiriw.**

Almaslap egiwdi jobalastiriwda aldi menen xojaliqtin` tiykarg`i bag`dari, qa`nigelesiwin aniqlawdan baslanadi. Keyin sho`lkemlestiriw xojaliq rejesi du`ziledi, bunda aymaqti sho`lkemlestiriw rejesi, jerden o`nimli paydalaniw, almaslap egiwdi engiziw. Bul xojaliqtin` ishki jer du`ziw rejesi esaplanadi.

Jobalastiriw mekemeleri jer du`ziw boyinsha jumistin` sapasina ha`m jobani o`z waqtinda tapsiriwg`a juwapker. Buyirtpa beriwshiler (fermer xojaliqlari ha`m jerden paydalaniwshilar) da`slepki mag`liwmatlardin` durislig`ina ha`m toliqlig`ina juwapker esaplanadi.

**Jobani duziwden aldin:**

- jerdi esaplaw, reje kartografiyaliq, izertlew, jerdi bahalaw, jobalastiriw mag`liwmatlarin, jerden paydalaniwshinin` ha`zirgi awhali ha`m keleshegi haqqindag`i mag`liwmatlar u`yreniledi;
- xojaliqtin` barliq jerleri u`yrenip shig`iladi;
- gidrotexnikaliq qurilmalar, ishki xojaliq jol tarmaqlari, xojaliq orayi ha`m elatli punktler, sharwa mallarin bag`iw orinlari, suwg`ariw tarmaqlarinin` sizilmalari siziladi.

U`yreniw juwmag`i atiz jurnalina tu`siriledi, aktler, sizilmalar xojaliqta ko`rip shig`iladi. U`yreniw sizilmalari ha`m baska grafikaliq mag`liwmatlar boladi.

Jazba bo`liminde awil xojalig`inin` ha`zirgi awhali ha`m jerden paydalaniw, jobanin` tiykarlamasi, agroekonomikaliq esaplaw keltirilgen tu`sindirme xati boladi.

Almaslap egiwdi jobalastiriwda xojaliq jaylasqan topiraq-klimat jag`dayinda joqari o`nim beretug`in awil xojaliq eginleri tan`lanadi. Bunda xojaliqtin` qa`nigelesiwi, ma`mleketlik buyirtpa, meliorativlik jag`dayi, topiraq o`nimdarlig`i esapqa alinadi.

Jobalastiriw mekemesinin` texnikaliq ken`esinde maqullang`annan keyin rayon ha`kimyati tastiyiqlaydi.

Joba tastiyiqlang`annan keyin ol belgilengen oring`a, yag`niy jerden paydalaniwshig`a beriledi ha`m ***almaslap egiw jobasi engizilgen boladi***. Jobada ko`rsetilgen jumislar baslanadi.

Keyingi waziypa almaslap egiwdi ilaji barinsha ko`rsetilgen mu`ddette ***o`zlestiriw*** bolip esaplanadi. Jobanin` toliq iske asiwi fermer xojalig`i baslig`i ha`m qa`nigelerinin` waziypasi esaplanadi.

Atizlarda eginlerdin` jaylasiwi qabil etilgen sxemag`a muwapiq, atiz shegaralari saqlang`an, eginlerdin` almasiliwi ha`m jetistiriw texnologiyasi jobag`a sa`ykes bolsa ***almaslap egiw o`zlestirilgen dep ataladi.***

Almaslap egiwdi toliq o`zlestiriw ushin joba du`ziledi. Bunda almaslap egiw atizlari boyinsha eginlerdi jaylastiriw, bir ha`m ko`p jilliq eginlerdin` maydani, tuxim ha`m to`gin menen ta`miynlew, almaslap egiwge kiritilgen eginlerdi jetistiriw texnologiyasi, topiraqti islew, ziyankeslerden, keselliklerden ha`m jabayi o`simliklerden qorg`aw ilajlari ko`zde tutilg`an boladi.

Almaslap egiwdin` saqlaniwin qadag`alaw olar o`zlestirilgennen keyin boladi. Atizlarda haqiyqatta egilgen eginler rotatsiyaliq kestege qanshelli sa`ykes keletug`inlig`i aniqlanip bariladi. Ayirim waqitlari olar sa`ykes kelmey qaliwi mu`mkin. Bul waqitta kelesi jildan baslap o`zgeris kiritiw kerek. Sebebi, bir atizg`a belgilengen eginnen basqa egin egilse, ol keyingi jilg`i eginlerge de ta`sir etedi.

**Hu`jjetler.** Jobani du`ziw, engiziw, o`zlestiriw ha`m almaslap egiwdin` saqlaniwi bir qatar hu`jjetler menen ra`smiylestiriledi. Olarg`a: jobani agroekonomikaliq tiykarlaw, sizilmalar, jobanin` ko`rip shig`ilg`ani ha`m tastiyiqlang`ani haqqindag`i protokollar, jobani xojaliqqa tapsirg`ani haqqinda aktler. Almaslap egiwdin` o`zlestiriliwi aktler menen tastiyiqlanadi.

***Atiz tariyxi kitabi*** - almaslap egiwdi o`zlestiriw da`wirinde topiraq o`nimdarlig`in ha`m awil xojaliq eginleri zu`ra`a`tligin arttiriwg`a qaratilg`an ilajlardi ko`rsetiwshi tiykarg`i hu`jjet esaplanadi. Ha`r bir almaslap egiw sxemasi ushin atiz tariyxi kitabi ju`rgiziledi.

Kitapqa agrotexnikaliq ha`m meliorativlik ilajlar jaziladi. Ha`r bir atizdin` topirag`ina minezleme beriledi, ha`r bir atizg`a reje boyinsha egiliwi kerek eginler ha`m haqiyqatta egilgeni jazip bariladi.

Almaslap egiw topiraq o`nimdarlig`in ha`m awil xojaliq eginlerinin` zu`ra`a`tligin arttiriwda tiykarg`i ilaj bolg`anliqtan onin` O`zbekstannin` ha`r qiyli topiraq klimat jag`daylarina tuwra keletug`in sxemalarin islep shig`iw boyinsha ko`p jillar dawaminda ilim izertlew institutlari ha`m ilimpazlar miynet etti. Olardan akademik M.V.Muha'medjanov, professorlar Z.S.Tursunxodjaev, A.K.Kashkarov, A.Jurakulov, I.V.Massino, R.Tillyaev, B.Xolikov, N.Urazmatov, U.Ismaylov ha`m basqalar almaslap egiwdi du`ziw ha`m eginler strukturasin ha`r bir topiraq-klimat jag`dayina tuwra keletug`in, sonin` menen birge topiraq o`nimdarlig`in ha`m awil xojaliq eginlerinin` zu`ra`a`tligin arttiriwshi almaslap egiw sxemalarin, ondag`i awil xojaliq eginlerinin` tu`rleri, jetistiriw texnologiyasi, ziyankeslerden, keselliklerden, jabayi o`simliklerden qorg`aw jollari haqqinda ilimiy tiykarlang`an usinislar berdi.

**Shorlang`an topiraq jag`dayinda almaslap egiwdin` o`zgeshelikleri.**

Shorlang`an topiraq jag`dayinda egislik jerler ha`r jili shayip suwg`arilg`anlig`i sebepli topiraq tig`izlanadi, aziq elementleri to`mengi qatlamlarg`a juwilip ketedi ha`m jer asti izey suwlari jaqin jaylasqanlig`i sebepli barliq awil xojaliq eginlerin o`siriw, jetistiriw texnologiyasinda topiraqlari shorlanbag`an jerlerge qarag`anda o`zgeshelik boladi. A`sirese topiraqtin` quramindag`i duzlar o`simliklerdin` o`siwi ha`m rawajlaniwina keri ta`sir etedi. Egislik jerlerdin` shorlaniw da`rejesine ha`m o`simliklerdin` shorg`a shidamlilig`ina qaray almaslap egiw sxemalarin ha`m og`an kiritiletug`in eginlerdi tan`law kerek.

Paxta jetistiriwshi fermer xojaliqlarinda engizilgen almaslap egiw sxemalarina muwapiq atizlar ha`m onin` jer maydanlari saqlang`an halda jon`ishqa ha`m gu`zlik biyday egiledi.

Respublikanin` topiraq-klimat jag`dayi, egislik jerlerdin` meliorativlik awhali barliq jerlerde ten`dey gu`zlik biyday egiwge sa`ykes kele bermeydi. Sonin` ushin, gu`zlik biyday az da`rejede shorlnag`an, izeykeshler menen jaqsi ta`miyn etilgen atizlarg`a egilgeni maqul. Usi jag`dayda na`ldin` siyreklesip qaliwinin` aldi alinadi.

Ortasha ha`m ku`shli da`rejede shorlang`an, meliorativlik jag`dayi to`men, ma`wsimlik qayta shorlaniw tez bolatug`in atizlarda, qisqa rotatsiyali g`awasha-biyday yamasa basqa bir jilliq ot-jemlik ha`m da`nli, sobiqli-da`nli eginler almaslap egiwin qollaniw jaqsi na`tiyje beredi. Bul atizlarda egiske shekem meliorativlik jumislar isleniwi sha`rt.

Awil xojalig`i eginlerinin` zu`ra`a`tliligin arttiriwda topiraq o`nimdarlilig`in kemeytpey saqlaw ha`m arttirip bariw a`hmiyetli orin tutadi.

G`awasha ha`m basqa da awil xojaliq eginlerinen alinatug`in jalpi o`nimnin` mug`darin bir gektardan alinatug`in zu`ra`a`tlilikti arttiriw arqali ko`beytiw yag`niy diyxanshiliqti ilimiy tiykarlang`an almaslap egiw negizinde ju`rgiziw bu`gingi ku`nnin` talabi bolip otir.

**34. Respublitka topiraq klimat jag`daylarin esapqa alip, biydaydi o`z ishine alatug`in g`awasha almaslap egiwin rayonlastiriw**

| Sxema sevoobo rotov | Xlopko vost, % | Pshe nitsa, % | Pochvenno-klima ticheskaya zona | Pochvi | Rayoni |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 3:1:6 | 60,0 | 10,0 | Qubla | 1. Ma`deniylesken, az shorlang`an, otlaqli-allyuvial, taqir | Amudarya Beruniy Turtkul Elikqala |
| 3:1:5 | 55,5 | 11,5 | | | |
| 2:4:1:3 | 70,0 | 10,0 | | | |
| 3:4:1:3 | 63,6 | 9,1 | | | |
| 3:1:3:1:3 | 54,5 | 18,2 | | | |
| 3:1:6 | 60,0 | 10,0 | | 2. Az ma`deniylesken, orta shorlang`an, otlaqli-allyuvial, taqir – otlaqli | |
| 3:3:1:3 | 63,6 | 10,0 | | | |
| 3:4:1:3 | 63,6 | 9,1 | | | |
| 1:3:6 | 60,0 | 10,0 | | | |
| 3:1:6 | 60,0 | 10,0 | | 3. Az ma`deniylesken, orta ha`m ku`shli shorlang`an, otlaqli-allyuvial, otlaqli-batpaqli, qumlaq, qumli, taqir-otlaqli | |
| 3:1:3:1:2 | 50,0 | 20,0 | | | |
| 1:3:5 | 55,5 | 11,5 | | | |
| 1:3:1:3 | 75,0 | 25,0 | | | |
| 3:1:2:1 | 62,5 | 25,0 | | | |
| 3:1:6 | 60,0 | 10,0 | Orayliq | 1. Ma`deniylesken az shorlang`an, otlaqli-allyuvial, taqir-otlaqli | Kanliko`l Kegeyli Xojeli |
| 3:1:5 | 55,5 | 11,5 | | | |
| 3:1:3:1:2 | 50,0 | 20,0 | | | |
| 3:4:1:2 | 60,0 | 10,0 | | | |
| 3:3:1:3 | 60,0 | 10,0 | | | |
| 1:3:6 | 60,0 | 10,0 | | 2. Az ma`deniylesken, orta shorlang`an, otlaqli-allyuvial, taqir-otlaqli | |
| 3:1:5 | 55,5 | 11,5 | | | |
| 3:1:4 | 50,0 | 12,5 | | | |
| 3:4:1:2 | 60,0 | 10,0 | | | |
| 3:1:3:1:2 | 50,0 | 20,0 | | 3. Az ma`deniylesken, orta ha`m ku`shli shorlang`an, otlaqli-allyuvial, otlaqli-batpaqli | |
| 1:3:5 | 55,5 | 11,5 | | | |
| 1:3:6:1:2 | 71,4 | 28,6 | | | |
| 3:1:5 | 55,5 | 11,5 | | | |
| 3:1:4 | 50,0 | 12,5 | | | |
| 3:4:1:2 | 60,0 | 10,0 | | | |
| 3:1:3:1:2 | 50,0 | 20,0 | | | |
| 1:3:5 | 55,0 | 11,5 | | | |
| 1:2:1:2 | 66,0 | 33,4 | | | |
| 315 | 55,5 | 11,5 | Arqa | 1. Az ma`deniylesken, az ha`m orta shorlang`an, otlaqli-allyuvial, taqir-otlaqli | Kon`irat Shimbay Qarao`zek Taxtako`pir |
| 314 | 50,0 | 12,5 | | | |
| 3312 | 55,5 | 12,5 | | | |
| 31212 | 44,4 | 22,2 | | | |
| 135 | 55,5 | 11,5 | | | |
| 134 | 50,0 | 12,5 | | 2. Az ma`deniylesken, orta ha`m ku`shli shorlang`an, otlaqli-allyuvial, otlaqli-batpaqli | |

## Sorawlar

1. Almaslap egiw degen ne?
2. Almaslap egiwdin` qanday tipleri bar?
3. Ashiq shu`digar qanday tabiyg`iy jag`daylarda qollaniladi?
4. Ko`p jilliq ha`m bir jilliq sobiqli eginlerdin` almaslap egiwdegi a`hmiyeti?
5. Almaslap egiwde g`awasha qanday eginnen keyin egiliwi kerek?
6. Atiz almaslap egiwinin` qanday tu`rlerin bilesiz?
7. Ot-sho`p almaslap egiwi degen ne?
8. Qa`nilesken almaslap egiw degen ne?
9. Almaslap egiwdi jobalastiriw degen ne?
10. Almaslap egiwdi engiziw degen ne?
11. Almaslap egiwdi o`zlestiriw degen ne?
12. Atiz tariyxi kitabi degen ne?
13. O`zbekstanda almaslap egiw boyinsha jumis alip barg`an belgili ilimpazlar?
14. Shorlang`an topiraq jag`dayinda almaslap egiw o`zgeshelikleri?

## 17-Lektsiya
## Diyxanshiliq sistemasi.

Reje:

1. Diyxanshiliq sistemasi rawajlaniw tariyxi
2. Diyxanshiliq sistemalari

A`debiyatlar: 2, 3

Diyxanshiliq sistemasi bul xaliqtin` uzaq dawam etken rawajlaniw tariyxi jemisi. K.A.Timiryazev aytqaninday «Atiz ma`deniyati adamzat ma`deniyati rawajlaniwi menen birdey qa`dem taslap kelgen».

Diyxanshiliq sistemasi ilimine XVIII a`sirdin` aqirinda belgili agronom-ilimpazlar T.A.Bolotov ha`m I.M.Komovlar ta`repinen tiykar salinadi.

D.I.Mendeleev 1880 jili, I.E.Ovsinskiy 1899 jillari qurg`aqliqqa qarsi plug penen awdarip su`rmewdi usinis etedi.

D.N.Pryanishnikov (1865-1948) mineral to`ginlerdi paydalaniw menen topiraq o`nimdarlig`in arttiriw usillarin ha`m o`simliklerdin` aziqlaniw teoriyasin ashti ha`m diyxanshiliq sistemasi bul qandayda bir o`simlik ushin jerden paydalaniw usili dep tu`sinedi.

V.R.Vilyams (1863-1938) diyxanshiliq teoriyasinin` rawajlaniwinda teren` iz qaldirdi. Topiraq payda boliw qubilisi u`yreniledi, topiraq o`nimdarlig`i payda boliwi nizamliqlari, bunda ko`p jilliq o`simliklerdin` a`hmiyeti aniqlanadi.

T.S.Maltsev 1940-1950 jillari topiraqti ha`r jili awdarip su`riwden otvalsiz plug penen jumsartiwdi usinis etedi.

A.V.Sovetov (1950) diyxanshiliq sistemasina ilimiy aniqlama beredi –«Diyxanshiliq sistemasi bul jerden paydalaniw usilinin` ha`r qiyli formasi».

V.R.Vilyams boyinsha diyxanshiliq aniqlamasi bul topiraq o`nimdarlig`in tiklew, saqlaw ha`m arttiriwg`a qaratilg`an agrotexnikaliq ilajlar kompleksi bolip esaplanadi. Bunda ot-sho`plik eginler almaslap egiwi en` tiykarg`i esaplanadi.

Ha`zirgi da`wirde awil xojalig`inin` intensifikatsiyalaniwi ha`m waziypalarinin` artiwi menen diyxanshiliq sistemasi tu`sinigi a`dewir quramalasti.

Agronomiyaliq ko`z qarastan ***diyxanshiliq sistemasi*** dep o`z-ara baylanisqan agrotexnikaliq, meliorativlik ha`m sho`lkemlestiriw ilajlarinin` jerden o`nimli paydalaniw, topiraq o`nimdarlig`in saqlaw ha`m arttiriwg`a, eginlerden joqari ha`m turaqli o`nim aliwg`a qaratilg`an ilajlar kompleksi tu`siniledi.

Ha`zirgi diyxanshiliq sistemasi joqaridag`i aytilg`anlar menen bir qatarda ta`biyg`iy ha`m ekonomikaliq jag`dayda awil xojaliq eginlerinen joqari ha`m sapali o`nim jetistiriwdi ta`miynlew kerek.

Ha`zirgi zaman diyxanshiliq sistemasinin` o`zgesheligi-ilim ha`m texnikanin` jetiskenliklerinen ken` paydalaniw, ximiyalastiriw, melioratsiyalaw, kompleksli mexanizatsiyalaw, selektsiya, awil xojaliq eginlerinen programmalastirilg`an o`nim jetistiriw, jerden paydalaniwdin` progressiv formalarin qollaniw bolip esaplanadi.

Diyxanshiliqti ha`r qiyli topiraq klimat jag`dayinda ju`rgiziwge tuwra keledi. Misali, Tashkent oblasti jag`dayindag`i diyxanshiliqti ju`ritiw Qaraqalpaqstan Respublikasindag`i diyxanshiliqti ju`ritiwden o`zgeshe, yamasa Samarqand oblasti menen Xorezm oblasti, Jizzah penen Surxandarya oblastlari bir birinen o`zgeshe. Sonin` ushin, diyxanshiliq sistemasi ha`m onin` bo`limleri aymaqliq o`zgesheliklerdi qatti esapqa aliwi, yag`niy jergilikli ta`biyg`iy ha`m xojaliq ju`ritiwdin` jag`daylarin esapqa aliwi kerek.

**A`yyemgi diyxanshiliq sistemasi**. O`ndiriwshi ku`shlerdi rawajlandiriwdin` en` to`men da`rejede bolg`an da`wirine, da`slepki ***obshinaliq du`zim***, ***qul iyelewshilik*** ha`m ***feodalizm da`wirine*** tuwra keledi. Bul da`wirde jer maydanlari jetkilikli da`rejede edi. Jer iyesi topiraq o`nimdarligi to`menlegennen keyin ol jerdi taslap, jan`adan jer aship diyxanshiliq ete beretug`in bolg`an.

Taslang`an jer ta`biyattin` ta`siri menen bir neshe on jillarda o`nimdarlig`in tiklegen.

Sol siyaqli tog`aylardi o`rtep jer aship diyxanshiliq etildi. O`rtten keyin topiraq mikroelementler menen toyinadi, kesellik ha`m ziyankeslerden taza boladi. Biraq topiraq o`nimdarligi bir neshe jilg`a jetetug`in edi. Bul jerler taslap ketilip baska jerde diyxanshiliq etilgen.

Keyin ala usi tog`aydan ashilg`an jerlerde bir jilliq eginler egilip ornina ag`ashlar egilgen, keyin almasilip turg`an. Sharwashiliqtin` rawajlaniwi menen topiraqqa qiy saliniwi sebepli ol jerlerden paydalaniw mu`ddeti soziladi. Jan`adan ashilg`an jerlerge 6-10 jil dawaminda egin egilip, o`nimdarlig`i to`menlegennen keyin 25-30 jilg`a taslap qoyildi, keyin ala bul da`wir 8-15 jilga shekem qisqaradi.

Usi da`wirge kelip topiraq o`nimdarlig`inin` to`menlew sebepleri ha`m oni arttiriw mu`mkinshiliklerin ilimiy tu`sindiriwge uriniwlar payda bola basladi. (Teer, Libix, Kostichev).

Bul sistemada awil xojaliq eginlerinen o`nim jetistiriw topiraqtin` ta`biyg`iy o`nimdarlig`i esabinan boldi.

**Diyxanshiliqtin` shu`digarlaw sistemasi**. A`yyemgi diyxanshiliq sistemasi ornina keldi. Diyxanshiliqta alg`a ilgerilewshilik boldi, egis maydanlari 3-4 ese artti. Bul sistemada qiydi qollaniwg`a, jabayi o`simliklerge qarsi gu`resiwge, topiraqta suw ha`m aziq toplawg`a mu`mkinshilik boldi. Shu`digarlaw sistemasina ta`n na`rse 2, 3 ha`m 4 atizli shu`digar da`n almaslap egiwi boldi. Bunda bir atiz shu`digar ha`m 1 , 2 ha`m 3 atiz biyday iyeledi. Bul sistema 1920 jillarg`a shekem qollanildi.

**Ko`p atizli-ot sho`plik diyxanshiliq sistemasi.** Bul sistemada atizlardin` yariminan ko`bi mal bagatug`in otlaqli jerge ajratildi. Misali, sol waqitta 15 atizli almaslap egiw qollanilip onin` 6 atizi ko`p jilliq ot sho`plik eginler, 3 atiz shu`digar ha`m 6 atiz jazliq ha`m gu`zlik masaqli da`n eginleri iyeledi. Bul sistema kontinental klimat jag`daylarina tuwra kelmedi.

**Diyxanshiliqtin` jaqsilang`an da`n jetistiriw sistemasi**. Bul shu`digar ha`m ko`p atizli diyxanshilik sistemalarinin` jetilisken tu`ri esaplanadi. Bunda 20-30% maydan shu`digarda boladi, basqa atizlarg`a ba`ha`rgi ha`m gu`zgi masaqli da`n eginleri ot sho`plik eginler menen qosip egiledi.

Sistemanin` keyingi jetilisken tu`ri shu`digardin` ornin ***siderat eginleri*** iyeleydi. Topiraq o`nimdarlig`in tiklew ushin siderat eginleri su`rip topiraqqa aralastiriladi.

**Diyxanshiliqtin` ot sho`p atizli sistemasi**. Akademik V.R.Vilyams ta`repinen islep shig`ilg`an ha`m usinis etilgen. Ol atiz ha`m jaylaw almaslap egiwin usinis etti. Ko`pshilik atizlardi ko`p jilliq ha`m bir jilliq ot sho`plik eginler iyeleydi. Topiraq qunarlig`in usi jol menen jaqsilanadi dep tu`sinildi. Bul jawin-shashin ko`p, ig`alliq jeterli bolg`an zonalarda jaqsi na`tiyje

berdi, sharwashiliq rawajlanadi, qiy ko`p boladi. Sonin` na`tiyjesinde da`n ot-sho`p almaslap egiwde da`n zu`ra`a`ti artti.

Bul sistemanin` kemshiligi barliq zonalarg`a topiraq-klimat jag`daylarin esapqa almastan qollaniliwi, mineral to`ginlerdin` topiraq o`nimdarlig`in arttiriwda a`hmiyetin tuwri bahalamasliq.

**Diyxanshiliqtin` egin almasiw sistemasi**. Intensiv sistemanin` bir tu`ri bolip, eginlerdi egiw ha`m topiraq o`nimdarlig`in arttiriw intensiv usilda alip bariladi, yag`niy to`gin beriw ha`m agrotexnika. Bul sistemadag`i almaslap egiwde maydannin` 50% da`nli eginler, 50% in sobiqli ha`m tamir miyweli eginler iyeleydi.

**Diyxanshiliqtin` qatar arasin islew sistemasi**. Bul intensiv sistema bolip almaslap egiw maydaninin` 50 % ten ziyatin qatar arasi islenetugin eginler, iyeleydi organikaliq ha`m mineral to`ginler talap etedi, gerbitsidler beriledi. Qalg`an bo`legin ko`p jilliq ot sho`plik ha`m bir jilliq eginler iyeleydi.

**Ha`zirgi diyxanshiliq sistemasi**. Bul sistemanin` ayiriqsha o`zgesheligi joqari ilimiy texnikaliq da`rejesi, intensiv almaslap egiwdi qollaniw, joqari o`nimdarli egin ha`m sortlardi egiw, topiraqti islewdin` progressiv usillarin qollaniw, to`gindi qollaniw, jabayi o`simliklerge qarsi gu`res, atiz jumislarinda jan`a texnika ha`m texnologiyalardi qollaniw.

Ha`r qiyli topiraq-klimat zonalarinda to`mendegi diyxanshiliq sistemalari ushirasadi.

**Da`n shu`digar sistemasi**. Egislik maydanlarinin` ko`pshiligin masaqli da`n eginleri iyeleydi, 5-25% maydan taza shu`digarda boladi.

**Da`n-qatar arasi islenetug`in eginler sistemasi**. Ko`pshilik maydandi da`n ha`m qatar arasi islenetug`in eginler iyeleydi. Topiraq o`nimdarlig`i joqari mug`dardag`i organikaliq ha`m mineral to`gin beriw menen saqlanadi.

**Da`n-shu`digar-qatar arasin islew sistemasi**. Bunday egislik maydandi masaqli da`n, qatar arasi islenetug`in eginler ha`m shu`digar iyeleydi. Topiraq o`nimdarlig`i organikaliq ha`m mineral to`gin beriw menen saqlanadi.

**Da`n-ot sho`p sistemasi**. Yariminan ko`p maydandi masaqli da`n eginleri ha`m qalg`an maydandi ot sho`p eginleri iyeleydi. Topiraq o`nimdarlig`i ko`p jilliq ot sho`plik eginler egiw, organikaliq ha`m mineral to`ginlerdi beriw arqali arttiriladi.

**Egin almasiw sistemasi**. Maydannin` yarimin da`nli eginler, qalg`an maydanlarg`a qatar arasi islenetug`in ha`m sobiqli eginler egiledi. Topiraq o`nimdarlig`i da`n, qatar arasi islenetug`in ha`m sobiqli eginlerdi almaslap egiw arqali arttiriladi.

**Qatar arasi islenetug`in sistema**. Egislik maydanlarinin` ko`pshiligin qatar arasi islenetug`in intensiv eginler (g`awasha, ma`kke, la`blebi, ayg`abag`ar) iyeleydi. Ekinshi egis ha`m araliq eginler qollaniladi. Topiraq o`nimdarlig`i organikaliq to`gin beriw ha`m ko`p jilliq ot sho`plik eginlerdi egiw arqali arttiriladi.

***Paxtashiliq xojaliqlarda suwg`arilatug`in diyxanshiliq sistemasi.*** Paxta jetistiriwshi fermer xojaliqlarinda tiykarg`i eginnen basqa masaqli da`n eginleri, ma`kke, jon`ishqa ha`m basqa sobiqli da`n eginleri egiledi.

**Diyxanishiliq sistemalarinin` tariyxiy rawajlaniw sxemasi.**

| Diyxanshiliq sistemalari | Jerdi islew usillari | Topiraq o`nimdarlig`in arttiriw usillari |
|---|---|---|
| A`yyemgi: taslandi, qayta paydalanatug`in, ot-sho`p o`zlestiretug`in, tog`ay-atiz | Paydalanatug`in jerdin` az bo`legi islenedi. Egistin` ko`pshiligi da`nli eginler | Adamlardin` qatnasisiz ta`biyg`iy tu`rde |
| Ekstensiv: Shu`digar, ko`p atizli-ot-sho`p | Egislik jerdin` yariminan ko`bi egiledi. Ko`pshiligi da`nli yamasa ko`p jilliq ot sho`pli, a`dewir maydan shu`digarda boladi. | Ta`biyg`iy tu`rde ha`m adamlardin` bag`darlawi menen |
| O`tiwshi: Jetistirilgen da`nli, ot-sho`p | Jaramli jerler islenedi. Ko`pshilik maydandi da`nli eginler tutadi, olar ko`p jilliq ot sho`pler yamasa qatar arasi islenetug`in ha`m shu`digar menen almasadi | Adamlar qatnasinda ta`biyg`iy faktorlardi qollaniw menen |
| Intensiv: Ot-sho`p qatar arasi islenetug`in, egin almasiwshi. | Su`riletug`in jerdin` barlig`i egis penen ba`nt. Egis maydani su`rim maydaninan artiq. Qatar arasi islenetug`in eginler kiritilgen | Ilim jetiskenlikleri nen paydalanip adamlardin` aktiv qatnasinda |

Bul g`awashadan joqari o`nim aliw ha`m topiraq o`nimdarlig`in arttiriwg`a mu`mkinshilik jaratadi.

***Paxtashiliq zonasinda diyxanshiliq sistemasinin` tiykarg`i waziypasi barliq awil xojaliq eginlerinen joqari zu`ra`a`t aliw ushin topiraq o`nimdarlig`in arttiriw ha`m suwg`arilatug`in jerlerden o`nimli paydalaniw bolip esaplanadi.***

Diyxanshiliq sistemasinin` suwg`ariwdan basqa tiykarg`i a`hmiyetli bo`limlerinen biri g`awasha-jon`ishqa almaslap egiwi. Suwgariw ha`m almaslap egiw menen birge to`ginlew ha`m topiraqti shorlaniwdan, suw eroziyasinan, al eginlerdi jabayi o`simliklerden, keselliklerden ha`m ziyankeslerden saqlaw ushin qollaniladi.

O`zbekstan Respublikasinin` ishinde bir-birinen o`zgeshelenetug`in topiraq klimat zonalari bar. Misali, Qashqadarya-Surxandarya zonasin Fergana oypati menen, yamasa Tashkent-Sirdarya zonasin Samarqand penen, Qaraqalpaqstan-Xorezm zonasin, Buxara-Nawayi menen ten`dey dep aytiwg`a bolmaydi. Bul zonalar bir birinen topiraq o`nimdarlig`i, shorlaniwi ha`m hawa rayi menen o`zgeshelenedi. Sonin` ushin bul jerlerde ha`r bir zonanin` o`zine ta`n diyxanshiliq sistemasi, sonin` ishinde almaslap egiw, topiraqqa islew beriw sistemalari boliwi kerek. Bunday bolmasa diyxanshiliq sistemalarinin` na`tiyjeligi bolmaydi.

## Sorawlar

1. Diyxanshiliq sistemasi degen ne ?
2. Rawajlaniw tariyxi ?
3. A`yyemgi diyxanshiliq sistemasi ?
4. Ekstensiv diyxanshiliq sistemasi ?
5. Intensiv diyxanshiliq sistemasi ?
6. Shor topiraq jag`dayinda diyxanshiliq sistemasi ?